SAMIYEL

di téere bu jëkk bi

ak

téereb ñaareel bi

SAMIYEL

di téere bu jëkk bi

ak

téereb ñaareel bi

Droit de reproduction © 2009
La Mission Baptiste du Sénégal
Tous droits réservés.

Dépôt légal : juillet 2009. Nº 17940030709 ;

Nº 17941030709

Quiconque voudrait le reproduire devra inclure la déclaration de droit d'auteur ci-dessus.

Pour la reproduction en plus de 250 exemplaires, veuillez écrire à l'adresse suivante:

B.P. 1229 — Thiès, Sénégal

Pour mieux lire ce livre…

L’alphabet officiel dont on se sert est facile à lire. Les seuls symboles qui présentent une certaine difficulté sont les suivants :

j	se trouve dans	la paix	—jàmm (ji)
	et	dernier	—mujj
c	se trouve dans	le couscous	—cere (ji)
	et	descendre	—wàcc
ñ	se trouve dans	tous	—ñépp
	et	refuser	—bañ
x	se trouve dans	savoir	—xam
	et	la main	—loxo (bi)
ë	se trouve dans	l’œil	—bët (bi)
	et	demain	—ëllëg
ŋ	se trouve dans	la mâchoire	—ŋaam (wi)
	et	seulement	—doŋŋ

Une différence existe entre **a** et **à**

baigner	—sang	revêtir	—sàng
l’encensoir	—and (bi)	accompagner	—ànd

La voyelle est ***doublée*** pour indiquer la longueur

valoir	—jar	passer par	—jaar
être propre	—set	chercher	—seet
le cœur	—xol (bi)	regarder	—xool
le nom	—tur (wi)	répandre	—tuur

La voyelle est ***accentuée*** pour indiquer la fermeture

souper	—reer	être perdu	—réer
jeûner	—woor	être sûr	—wóor

Li nuy bëgga lim lu nu tëral la, bëgg cee déggook bokki jàngkat yu tedd yi, ngir déggin wi leer, ba deesu ko jaawatle.

Nanu ràññee…

nanu ak **nañu**

Dees na wax: «(Nun) war nañoo dem,» (**n** bi am maas bii: ~)
Waaye danu koo taamoo binde nii:
«(Nun) war nanoo dem,»
ngir ñu bañ koo jaawatleek: «War nañoo dem, (ñoom).»

naa ak **na**

Bu loolu weesoo, dees na wax: «(Moom) war naa dem.»
Waaye danu koo taamoo binde nii:
«(Moom) war na dem,»
ngir ñu bañ koo jaawatleek: «War naa dem, (man).»

leen ak **léen**

Te it dees na wax, «Bëgg nanu leen (ñoom).»
Waaye danu koo taamoo binde nii:
«Bëgg nanu léen (ñoom),» (léen am maas bii: ´)
ngir ñu bañ koo jaawatleek: «Bëgg nanu leen (yéen).»
Noonu:
Yéen ñi gëm, Yàlla musal na leen.
Ñoom ñi gemul, Yàlla rëbb na léen.

Boo gisee màndarga mii — xamal ne kàddu gee yeggul. Dafa dog, mbaa muy wax ju ñu junj rekk.

Mbind yi ñu ràññale ak yi ñu dijjal, bokkul ci mbindum Yàlla mu sell, mi ñu jukkee ci téere yu jëkk ya.

Boo gisee baat bu ñu tofal araf bu tuuti, seetal lu muy tekki ci suufu xët bi.

Boo gisee tomb bii ° ci boppu baat, seetal lu muy tekki ci Leeral yi, fi téere biy waaja jeexe.

SAMIYEL

di téere bu jëkk bi

Aana ñaan na doom

1 [1] Amoon na waa ju tudd Elkana, dëkkoon Raama[a], ca diiwaanu Sof
ga ca tundi Efrayim. Baayam di Yerowam, baayu kooku di Eliyu,
baayu Eliyu di Towu, baayu Towu di Sof mu Efrayim, baayu. [2] Elkana
amoon na ñaari soxna. Kenn ka di Aana, ka ca des di Penina. Penina
amoon na ay doom, waaye Aana amul woon doom. [3] At mu nekk waa
jooja daa na jóge fa mu dëkk, dem Silo màggali fa Aji Sax jiy Boroom
gàngoori xare yi, saraxalal ko fa. Fa la Ofni ak Fineyas, ñaari doomi Eli
yu góor ya, doonoon saraxalkati Aji Sax ji. [4] Saa yu Elkana daan saraxal,
da daan jox soxnaam Penina ci yàppu sarax si, moom mook i doomam
yépp, góor ak jigéen. [5] Waaye Aana la daan jox mu ëpple ñaari yoon,
ndax dafa soppoon Aana moomu Aji Sax ji defoon amul doom. [6] Noonu
wujjam dëkke koo tooñ, di ko naqaral ndax la Aji Sax ji def amul doom.
[7] Ñu nekke ko rekk, at mu Yàlla sàkk. Saa yu Aana demee ca kër Aji Sax
ji, wujj wa di ko tooñ, ba muy jooy, du nangoo lekk. [8] Elkana jëkkër ja
di ko wax ne ko: «Aana, looy jooy, ak lu la tee lekk? Lu la tax ne yogg
nii? Dama laa gënalul fukki doom yu góor, man?»
[9] Mu am bés ñuy bokk lekk, naan ba noppi foofa ca Silo. Aana jóg.
Booba Eli saraxalkat baa nga ca toogu ba, feggook jënu buntu
màggalukaayu Aji Sax ja. [10] Aanaa nga ca naqaru xol wu réy, di jooy,
tey ñaan ci Aji Sax ji. [11] Ci biir loolu Aana xas, daldi ne: «Éy Aji Sax ji,
yaw miy Boroom gàngoori xare yi, xoolal njàqare jii ma nekke, man sa
jaam. Ngalla bàyyi ma xel te bañ maa fàtte! Soo ma mayee doom ju
góor déy, dinaa la ko sédde, yaw Aji Sax ji, giiru dundam gépp, te
saatus watukaay du jaar ci boppam mukk[b].»
[12] Aana jàppoo ko, di ñaan ci Aji Sax ji, Eli nemmiku gémmiñ ga.
[13] Booba Aanaa ngay ñaan ca xolam, ay tuñam di yëngu, te déggeesul
baatam. Eli foog ne dafa màndi, [14] ne ko: «Foo àppal sa màndite mi?
Doxal, giifali sa ñoll wi fale waay!»
[15] Aana ne ko: «Du loolu de, sang bi. Dama di jigéen ju ànd ak naqaru
xol, waaye du biiñ, du leneen luy màndiloo lu ma naan. Dama doon diis
Aji Sax ji sama tiisu xol. [16] Bu ma jàppe jigéen ju bon, ngalla sang bi,
ndax njàqareek u tiis wu réy déy a ma tax di ñaan booba ba léegi.» [17] Eli
ne ko: «Kon nag demal ak jàmm, te yal na la Yàllay Israyil nangul li nga

---

[a] 1.1 *Raama:* mooy Raamatayim ba tey.

[b] 1.11 Njañ lu ñu dul wat, moom lañu daan màndargaale nit ku ñu sédde Aji Sax ji.

koy ñaan.» [18] Aana ne ko: «Amiin, yal nanga ma yàgga yéwéne, sang bi.»
Ba mu ko defee Aana dem yoonam, doora mana lekk, kanam ga leer.
[19] Ba loolu amee Elkana ak njabootam teela xëy ca ëllëg sa, màggal Aji
Sax ji, ba noppi bàyyikoo fa, ñibbi seen kër ca Raama.

Lu jëm ci juddub Samiyel ak ngoneem

Noonu Elkana dëkkoo Aana soxnaam, Aji Sax ji nangul Aana. [20] Aana
ëmb ca at ma, am doom ju góor, tudde ko Samiyel (mu firi Yàlla dégg
na), ndax da ne: «Aji Sax ji laa ko ñaan.»
[21] Ba loolu weesoo Elkana ànd ak njabootam gépp dellu Silo, defali Aji
Sax ji saraxu at ma, boole ca sarax ba mu xasoon ne dina ko def.
[22] Waaye Aana demul, ndax dafa wax jëkkëram ne ko: «Gannaaw bu
xale bi feree laa koy yóbbu, sédde ko Aji Sax ji, mu féete foofa fàww.»
[23] Elkana, jëkkër ja, ne ko: «Kon baax na, defal noonu nga bëgg. Toogal
fii yaak moom, ba feral ko ba noppi. Yal na Aji Sax ji sottal la mu
waxoon rekk.» Noonu ndaw sa des ca kër ga, di nàmpal doomam, ba
keroog ba mu ko feralee.
[24] Naka la feral xale bi, ànd ak moom, muy lu tuut, mu yóbbaale yëkku
ñetti at[c] ak fukki kiloy sunguf ak mbuusu biiñ, yóbbu ko ca kër Aji Sax ji
ca Silo. [25] Ba mu ko defee ñu rendi yëkk wa, ba noppi indi xale ba ca Eli.
[26] Aana ne ko: «Sang bi, baal ma de waaye giñ naa ne maay ndaw si
taxawoon fii ci sa wet, di ñaan Aji Sax ji. [27] Xale bii moo ma taxoon di
ñaan, te Aji Sax ji may na ma la ma ko ñaanoon. [28] Léegi nag man maa
ko sédd Aji Sax ji giiru dundam, muy céru Aji Sax ji ba fàww.» Ba loolu
amee ñu màggal Aji Sax ji foofa.

Aana sant na

2 [1] Ci kaw loolu Aana ñaan ne:
«Sama xol a ngi lay bége, Aji Sax ji,
ci yaw, Aji Sax ji, laay ame doole.
Duma noppee ree samay noon,
di bànneexoo sag wall.

[2] Kenn sellul ni yaw, Aji Sax ji,
amuloo dend moos,
sëseesul ci kenn ku mel ni yaw, sunu Yàlla.

[3] Noppileena tëggu ngalla,
te selawal seeni kañu,
Yàllaa xam, di Aji Sax ji,
te mooy natt jëfi nit.

---

[c] 1.24 *yëkku ñetti at:* am na ñu naan *ñetti yëkk.*

[4] Jàmbaar fitt, mu damm,
ña daa tërëf, gañoo kàttan.
[5] Ña reggoon, bindu tey, di dunde,
ña xiifoon, noppee liggéey.
Ana kum njur të woon, tey mu jur juróom yaar,
te yaayu góori-góor lax, ne làpp.

[6] Aji Sax jeey faat, di dundal,
di fat jaam njaniiw, di ko ca génnee.
[7] Aji Sax ji rekk ay xañe, di maye,
mooy detteel it, di kaweel.
[8] Mooy yékkatee aji ndóol ci pëndub suuf,
jële way ñàkk ci mbuubit,
boole léen dëj ca garmi ya,
sédde léen jataay bu tedd.

Aji Sax jee moom kenuy suuf,
samp ca àddina.
[9] Mooy sàmm jéegoy wóllëreem,
ku bon di sànku cig lëndëm.
Ndaxam doole mayul jaam ndam!
[10] Aji Sax jeey falaxe ñi ko noonoo,
di dënoo asamaan, dal ca seen kaw.
Aji Sax jeey àtte àddina, ba mu daj,
di kàttanal buuru ñoñam,
tey kaweel ˚ki mu fal.»
[11] Gannaaw ba loolu wéyee Elkana ñibbi Raama ga mu dëkk.
Xale bu góor ba moom, des ca Silo, topp ca gannaaw Eli saraxalkat ba, di liggéeyal Aji Sax ji.

Lu jëm ci doomi Eli

[12] Doomi Eli yu góor ya nag def ñu bon, te sofental Aji Sax ji.
[13] La saraxalkat yooyu daan def ak mbooloo ma mooy saa yu nit indi waan sarax, bu ñuy togg yàppu jur ga, surgab saraxalkat ba day ŋàbb roqub ñetti càq, dikk, [14] capp ko ca biir, muy ndab lu tell, mbaa kawdiir, mbaa cin, mbaa mbana— lu roq ba génne rekk, saraxalkat baa koy féetewoo. Noonu lañu daan def ak mbooloom bànni Israyil, ya daan ñëw foofa ca Silo yépp. [15] Rax-ca-dolli bala ñoo lakk nebbon ba[d] sax, surgab saraxalkat ba da daan dikk, ne nit kay saraxal: «Joxal saraxalkat bi ci yàpp wi, mu saaf. Du nangu, nga jox ko yàpp wu ñor, yàpp wu xonq rekk.» [16] Su ko nit ka waxee ne ko, «Xanaa dees na lakk nebbon bi

---

[d] **2.15** ***nebbon:*** seetal ci Saraxalkat yi 3.16-17.

jëkk, nga doora sàkk lu la neex,» surga ba ne ko: «Mukk! Léegi nga ma ciy jox, lu ko moy ma sàkkal sama bopp, jaay la doole.» [17] Noonu xale yu góor ya di tooñ Aji Sax ji lool, di sofental saraxu Aji Sax ji.
[18] Fekk na Samiyel moom di sol ˚xar-sànneem mu ñu ràbbe wëñ gu ëccu ba sew, di liggéeyal Aji Sax ji.

Lu jëm ci waa kër Samiyel

[19] At mu jotaan yaayu Samiyel ràbbal Samiyel mbubb mu ndaw, yóbbul ko, buy ànd ak boroom këram, di joxeji saraxu at ma. [20] Eli da daan ñaanal Elkana ak soxnaam, naan: «Yal na la Aji Sax ji may ay doom ak sa soxna sii, ñu wuutu ki mu sédd Aji Sax ji.» Su loolu weesoo ñu ñibbi. [21] Gannaaw ba loolu wéyee Aji Sax ji dikke Aana aw yiw, mu ëmb ay yoon, am ñetti doom yu góor ak ñaar ñu jigéen.
Ci biir loolu Samiyel moom di màgg ci liggéeyu Aji Sax ji.

Eli sikk na ay doomam

[22] Eli màggatoon na lool. Ci kaw loolu mu yég mboolem la doomam yu góor ya doon def ak Israyil gépp, teg ca di tëdde jigéen ña daan liggéey ca bunt xaymab ndaje ma. [23] Mu ne léen: «Ana lu waral ngeen di def jëf jii? Maa dégge ci mbooloo mépp seen jëf yu bon yi ngeen nekke. [24] Aa! Xale yi, na dakk kat, ndax lu ñaaw laay dégg ci yéen, te mu ngi siiw ci mbooloom Aji Sax ji. [25] Su nit tooñee moroomu nitam, Yàlla dina ko àtte; waaye su tooñee Aji Sax ji, ana ku koy layool?» Loolu taxul xale yu góor ya déggal seen baay. Booba fekk na Aji Sax ji nar léena rey.
[26] Ci biir loolu yépp, ngóor sa Samiyel di màgg, di ku neex Aji Sax ji, neex nit ñi.

Nitu Yàlla rëbb na Eli

[27] Mu am bés genn góoru Yàlla ñëw ca Eli ne ko: «Aji Sax ji nee na: “Feeñu woon naa sa waa kër baay ci lu leer, ba ñu nekkee Misra ca kilifteefu Firawna. [28] Damaa tànne sa baay ci digg giiri Israyil yépp, muy sama saraxalkat, di àgg ca sama saraxalukaay, di ma taalal cuuraay, sol xar-sànni mi, janook man. Dénk naa it sa waa kër baay mboolem sarax yi ma bànni Israyil di lakkal. [29] Lu tax ngeen di sofental sama sarax yi ñu may rendil ak yeneen yu ñu may defal, te ma santaane ko ci sama dëkkuwaay? Lu waral nga gëna wormaal sa doom yu góor ci man mii, ba tax ngeen di yafloo li gën ci lépp lu ma sama mbooloom Israyil mii saraxalal?” [30] Kon nag déglul kàddug Aji Sax jiy Yàllay Israyil: “Waxoon naa moos ne, sa waa kër ak sa waa kër baay ay sasoo di ma liggéeyal ba fàww,” waaye Aji Sax ji dafa wax tey ne: “Loolu jomb naa koo def tey. Ñi ma wormaal laay wormaal, waaye ñi ma sofental dees na léen toroxal. [31] Te kat ay bés a ngi ñëw dinaa wàññee ci sa waa kër ak sa waa kër baay mboolem lu tollu ci digg dooleem, ba deesatul gis góor gu

màggat ci sa askan. [32] Dinga saxoo njàqare ci sama dëkkuwaay. Israyil
dina baaxle moos, waaye du tax ku góor dem ba màggat ci sa waa kër
mukk. [33] Du tere ma bàyyi ku bokk ci yaw, mu di ma liggéeyal ci sama
saraxalukaay, waaye dinaa la jooyloo, ba nga ñàkk i bët, teg la njàqarey
xol, te saw askan yépp ay dee ci seen digg doole. [34] Li nga ciy def ab
takk mooy Ofni ak Fineyas, sa ñaari doom yu góor yii dinañu bokk dee
ci benn bés. [35] Te it dinaa tànnal sama bopp saraxalkat bu am kóllëre,
bu may defal li ma rafetlu ak li ma bëgg ci sama xol. Dinaa saxal këram,
mu nekk fàww ci kanam ˚ki ma fal. [36] Su ko defee mboolem ku des ci sa
waa kër dina ko sujjóotalsi, di sàkku ci moom aw donju xaalis mbaa
dogu mburu, te di ko leewaayoo liggéeyu saraxale bu mu mana doon,
ngir am lu mu lekk.”»

3 [1] Noonu ngóor sa Samiyel moom topp ca gannaaw Eli, di liggéeyal
Aji Sax ji.

Yàlla def na Samiyel yonent

Kàdduy Aji Sax ji néewoon na ca yooya jamono, te Aji Sax ji daawul
feeñoo lu bare.
[2] Mu am bés Eli tëdd fa mu taamu woon, fekk bët ya naqari, ba
daanaka gisatul. [3] Booba làmpu màggalukaayu Yàlla ba feyagul, te
Samiyel a nga tëdd ca biir màggalukaayu Aji Sax ja, fa ˚gaalu Yàlla ga
nekk. [4] Aji Sax ji woo Samiyel, mu ne: «Naam,» [5] daldi daw ba ca Eli ne
ko: «Maa ngi, noon naa danga maa woo?» Eli ne ko: «Wootewuma de,
dellul tëddi.» Mu dellu tëddaat.
[6] Aji Sax ji dellu woo Samiyel, Samiyel jóg, dem ca Eli ne ko: «Maa ngi,
noon naa danga maa woo?» Eli ne ko: «Wootewuma de doom, dellul
tëddi.» [7] Booba Samiyel xamagul woon Aji Sax ji, te kàddug Aji Sax ji
masu ko woona dikkal.
[8] Aji Sax ji wooti Samiyel ñetteel bi yoon, Samiyel jóg, demaat ba ca
Eli ne ko: «Maa ngi, noon naa yaa ma woo?» Eli nag xam ne Aji Sax jeey
woo xale bi. [9] Mu ne Samiyel: «Demal tëddi, bu la woowatee, wax ko ne
ko: “Naam, Aji Sax ji, maa ngi lay déglu, Sang bi.”» Samiyel dellu tëdd
fa muy tëdd.
[10] Ba mu ko defee Aji Sax ji dikk teew foofa, wooti ko na woon ne ko:
«Samiyel, Samiyel.» Samiyel ne: «Naam, maa ngi lay déglu, Sang bi.»
[11] Aji Sax ji wax Samiyel ne ko: «Mbir a ngi, mu may waaja def ci digg
bànni Israyil, di mbir muy buur noppi mboolem ku ko dégg. [12] Su
boobaa dinaa matal mboolem lu ma waxoon ci Eli ne mooy dal waa
këram; duma ci bàyyi dara. [13] Ndax kat waxoon naa ko ne ko dinaa
mbugal waa këram ba fàww ngir bàkkaar bi mu doon nëpp-nëppal. Ay
doomam dañu maa ñàkke teggin, te taxul mu waññi léen. [14] Looloo
waral ma giñal waa kër Eli ne, du lenn lu mana far mukk ñaawteefu
waa këram, du saraxu jur, te du beneen sarax.»

15 Naka la Samiyel tëdd ba ca suba sa, daldi tijji bunti kër Aji Sax ja.
Booba ragal na nettali Eli peeñu ma, 16 waaye Eli woo ko ne ko: «Moo,
Samiyel doom.» Samiyel ne ko: «Naam.» 17 Eli ne ko: «Kàddu gi ñu la
wax, lu mu doon? Bu ma nëbbu kay. Yàlla na la Yàlla teg mbugal mu
gëna tar, soo ma nëbbee lenn lu mu la wax.» 18 Samiyel wax ko lépp,
nëbbu ko ca dara. Eli ne: «Moom de mooy Aji Sax ji. Kon na def li ko
soob.»
19 Naka la Samiyel di màgg, Aji Sax ji ànd ak moom, ba du genn kàddu
gu Samiyel wax, mu fanaan àll. 20 La ko dale Dan ca bëj-gànnaar ba ca
Beerseba ca bëj-saalum, bànni Israyil gépp seede ne, Samiyel daal,
yonentub Aji Sax ji la. 21 Aji Sax ji nag jàppoo di feeñu Samiyel ca Silo,
di ko dikke kàddoom.

4 1 Noonu Samiyel di jottali mboolem Israyil kàddug Aji Sax ji.

Nangu nañu gaalu Yàlla ga

Gannaaw loolu am na bés Israyil dem, di xarejeek waa Filisti. Bànni
Israyil a nga dal ca Eben-Eser, waa Filisti dal ca Afeg. 2 Waa Filisti
defaru ba jekk, janook Israyil, xare ba jib. Waa Filisti duma Israyil, rey
ca ñoom lu jege ñeenti junni ca toolu xare ba. 3 Ba mbooloo ma ñibbee
ca dal ba, magi Israyil ña naan: «Lu waral Aji Sax ji bàyyi waa Filisti
duma nu tey? Nanu dem ba Silo, jëli ˚gaalu kóllëreg Aji Sax ji; bu
nekkee ci sunu biir, dina nu musal ci sunuy noon.»
4 Ci kaw loolu mbooloo ma yónni ay ndaw ca Silo, ñu jëli gaalu
kóllëreg Aji Sax jiy Boroom gàngoori xare yi, foofa Aji Sax ji teew, tiim
ñaari serub ya[e] ko séq. Ofni ak Fineyas, ñaari doomi Eli yu góor ya, ña
nga woon ca wetu gaalu kóllëreg Aji Sax ja.
5 Ba gaalu kóllëreg Aji Sax ji duggsee ca dal ba, Israyil gépp a bokk
àddu ca kaw ndax bég, ba suuf say riir. 6 Waa Filisti dégg coow la naan:
«Waaw, coow lu réy loolu ca dalub ˚Ebrë ya, lu mu doon?»
Ba waa Filisti yégee ne, gaalu kóllëreg Aji Sax ja dugg na ca biir dal
ba, 7 tiitaange jàpp léen, ñu naan: «Am na ay yàlla yu dugg ca biir dal
ba; nun de ngalla nun! Guléet tey lu mel nii am! 8 Céy ngalla nun! Moo,
ku nuy musal ci yii yàllaak seen doole ju bare? Yàlla yii ñoo dumaa
woon waa Misra xeeti mbugal yu nekk, ca màndiŋ ma. 9 Dëgërluleen
déy te diy góor, yéen waa Filisti, nde lu ko moy ngeen doon jaami Ebrë
yi, na ñu nekke woon sunuy jaam. Góor-góorluleen boog te xeex.»

---

[e]4.4 *serub ya:* baatu ebrë la. Ay mbindeef lañu yu am ay laaf te nekk kaw asamaan, di bokk ak Yàlla jataay. Gaalu kóllëre gu sell ga, ñaari serub yu ñu tëgge wurus lañu teg ca kawam, ñu tiim ko, seeni laaf tàllalu, di saamandaay ngàngunem buur. Loolu di wone ne Yàlla Aji Sax jaa nga fa teew, na mu teewe ca kaw asamaan, serub ya yéew ko. Yàlla ci boppam nag kenn jëmmalu ko fa, na ñu jëmmale serub ya ñu tëgg.

[10] Noonu waa Filisti yebu ca xare ba, duma bànni Israyil, ba ku nekk daw wuti xaymaam. Jéll ba réy na lool; ndax Israyil ñàkk na ca fanweeri junniy xarekat. [11] Ñu daldi nangu gaalu Yàlla ga; Ofni ak Fineyas, ñaari doomi Eli yu góor ya, dee.

Fitna dikkalaat na waa kër Eli

[12] Ba mu ko defee jenn waay ju bokk ci giiru Beñamin, dawe ca toolu xare ba bésub keroog, jubal Silo. Yére yaa nga mu xotti, boppam mu sotti ci suuf, di ko naqarloo. [13] Ba mu agsee, fekk nii Eli ca toogu ba, ca peggu yoon wa. Ma ngay séentu, ndax xel ma dalul woon ca gaalu Yàlla ga. Naka la waa ja duggsi ca dëkk ba, ba wax la xew, dëkk ba bépp yuuxoondoo.

[14] Eli dégg coow la ne: «Coow loolu lu mu?» Waa ja ne coww ba ca Eli. [15] Booba Elee nga ca juróom ñeent fukki at ak juróom ñett (98), bët ya ne xóll te gisatul dara. [16] Waa ja ne ko: «Maa ngi jóge nii ca toolu xare ba. Ca laa dawe tey jii.» Eli ne ko: «Doom, lu xew?» [17] Ndaw la ne ko: «Bànni Israyil daw na, waa Filisti dàq nañu léen, te mbooloo ma ñàkk na ñu bare. Ofni ak Fineyas, sa ñaari doom yu góor ya sax, dee nañu, te it nangu nañu gaalu Yàlla ga.» [18] Naka la tudd gaalu Yàlla ga, Eli xàwwikoo ca toogu ba, daanoo njaaxaanaay ca wetu bunt dëkk ba. Loos wa damm, mu dee, ndax booba day mag mu ànd ak yaramam. Eli jiite woon na Israyil ñeent fukki at.

[19] Fekk na goroom, ba doon soxnas Fineyas te nekkoon jigéenu wérul, di waaja wasin. Naka la dégg ne, nangu nañu gaalu Yàlla ga, te baayu jëkkëram ak jëkkëram faatu nañu, mu daldi sukk wasin, waaye fekk na metitu mat wi ëpp ko doole. [20] Ba loolu amee muy waaja dee, jigéen ña ko doon taxawu ne ko: «Na sa xel dal, ndax doom ju góor nga am.» Waaye àdduwul te teewluwul. [21] Noonu ndaw sa tudde gone ga Ikabot (mu firi Leer ga wéy na!) te naan: «Leeru Yàlla ga dëddu na Israyil.» Booba xel maa nga ca gaalu Yàlla ga ñu nangu, ak baayu jëkkëram ak jëkkëram ja faatu. [22] Loolu tax mu ne: «Leeru Yàlla dëddu na Israyil moos, ndegam jëlees na gaalu Yàlla ga kay!»

Gaalu Yàlla ga def na mbir ca waa Filisti

5 [1] Ba waa Filisti nangoo ˚gaalu Yàlla ga, dañu koo jële Eben-Eser, yóbbu ko seen dëkk Asdot. [2] Gannaaw ga ñu yóbbu gaal ga ca seen biir kër yàlla ja ñu naan Dagon, teg ko ca wetu jëmmu Dagon, ja ñu tabax. [3] Waa Asdot teela xëy ca ëllëg sa, fekk jëmmu Dagon ja daanu, dëpp kanam ga fa suuf, fa kanam gaalu Aji Sax ja. Ñu yékkati jëmmu Dagon ja, delloo ko fa mu taxawoon. [4] Ca ëllëg sa ba ñu jógee, fekkuñu lu moy jëmmu Dagon daanu, dëpp kanam ga fa suuf, fa kanam gaalu Aji Sax ja. Bopp baak loxo yaa nga damm, teqalikoo, ne wesar ca dëwu bunt ba, desul lu moy yaram wa. [5] Looloo waral ba tey jii, muy

saraxalkati Dagon, muy mboolem kuy dugg kër yàllay Dagon ca Asdot, kenn du ci joggi ca kaw dëwu bunt ba.
[6] Ba mu ko defee Aji Sax ji won waa Asdot ak la ko wër diisaayu loxoom. Mu wàcce njàqare ca seen kaw, teg léen ay newi-newiy yaram. [7] Waa Asdot gis la léen dal, daldi ne: «Bu gaalu Yàllay bànni Israyil gii des ci sunu biir kat, ndax mu ngi nuy won diisaayu loxoom, nook sunu Yàlla Dagon.» [8] Ba loolu amee ñu woolu mboolem kàngami waa Filisti, ñu daje. Ñu laaj léen ne léen: «Nan lanuy def ak gaalu Yàllay Israyil gii?» Ñu ne léen: «Toxal-leen gaalu Yàllay Israyil gi ca Gaat.» Ñu toxal gaalu Yàllay Israyil ga ca seen dëkk ba ñuy wax Gaat. [9] Waaye naka lañu fa toxal gaal ga, Aji Sax ji won dëkk booba diisaayu loxoom, wàcce fa njàqare lu réy, teg waa dëkk ba ay newi-newiy yaram, mag ak ndaw. [10] Ñu yóbbu gaalu Yàlla ga beneen dëkk bu ñuy wax Ekkron. Gaal gaa ngay jubsi Ekkron, waa dëkk ba gaaw yuuxoondoo naan: «Indil nañu nu fi gaalu Yàllay Israyil, bëgg noo rey, nook sunu waa réew mépp!» [11] Ci kaw loolu ñu woolu mboolem kàngami waa Filisti, ñu daje. Ñu ne: «Jëleleen fi gaalu Yàllay Israyil gii, mu dellu fa mu bokk, lu ko moy dina nu rey, nook sunu waa réew mi.» Booba tiitaangey dee dajal na réew ma, ndax Yàlla won na léen diisaayu loxoom. [12] Ña ca deewul a nga ànd ak i newi-newiy yaram, coow la jolli ca dëkk ba, wuti asamaan.

Waa Filisti delloo nañu gaalu Yàlla ga

6 [1] Gaalu Aji Sax ja nekk na réewu Filisti juróom ñaari weer. [2] Waa Filisti doora woolu seen saraxalkat ya ak seen jibar ya ne léen: «Nan lanuy def ak ˚gaalu Aji Sax ji? Waxleen nu nan lanuy def ba delloo ko fa mu bokk!» [3] Ñu ne léen: «Su ngeen dee delloo gaalu Yàllay Israyil, buleen ko delloo loxoy neen, waaye fexeleen ba boole kook saraxu peyug tooñ, yónnee ko. Kon dingeen wér, te dingeen xam lu tax Yàlla ja di leen won diisaayu loxoom ba tey.» [4] Waa Filisti ne léen: «Lu ñu koy defal saraxu peyug tooñ, yónnee ko?» Ñu ne léen: «Dangeen di defarlu juróomi donji wurus yuy misaal newi-newiy yaram ak juróomi janaxi wurus, mu dëppook limu kàngami waa Filisti yi, ndax balaa bi leen dal moo dal seeni kàngam ñoom itam. [5] Kon nag dangeen di sàkk ci wurus ay donj yuy misaal seen newi-newiy yaram, te sàkk ci wurus ay jëmmi janax yuy misaal janax yiy yàq seen réew. Su ko defee ngeen wormaal Yàllay Israyil. Jombul mu teggi loxoom, ngeen am jàmm, yéen ak seeni Yàllaak seen um réew. [6] Buleen dëgër mukk bopp ni Firawna ak waa Misra. Ba léen Yàllay Israyil toroxalee, du dañoo bàyyi bànni Israyil, ñu dem seen yoon? [7] Kon waajal-leen watiir bu bees, takkal ko ñaari nag yuy nàmpal yu ñu masula takkal, ngeen takkal nag yi watiir bi te yóbbu seeni doom, fat. [8] Jël-leen gaalu Aji Sax ji, teg ko ca kaw watiir ba. Nangeen yeb ci waxande wu ndaw liggéeyi wurus yooyu ngeen di yónnee, muy peyug tooñ, te teg waxande wa ca wetu gaal ga. Gannaaw

loolu ngeen yebal ko, mu dem, [9] te di ko xool. Su jubalee réewam, wuti dëkk ba ñuy wax Bet-Semes, kon Aji Sax jee nu teg musiba mu réy mii, lu ko moy nu xam ne, du moom moo nu duma, waaye ndogal la lu nu dikkal rekk noonu.»

[10] Ba loolu amee waa Filisti def loola, tànn ñaari nag yuy nàmpal, takkal nag yi watiir, fat seeni doom. [11] Ñu daldi teg gaalu Aji Sax ja ca kaw watiir ba, boole kook waxande wu ndaw, wa def janax ya ñu tëgge wurus ak donji wurus yay misaal newi-newiy yaram ya. [12] Noonu nag ya jubal yoonu Bet-Semes, topp ko, di nàññiy dem. Jàdduñu ndijoor, jàdduñu càmmoñ. Kàngami waa Filisti ya topp ca, ba fa Bet-Semes tàmbalee.

[13] Loolu fekk na waa Bet-Semes di góob bele ca xur wa. Naka lañu séen gaal ga, bég ca lool. [14] Watiir ba dikk ba ca toolu Yosuwe mu Bet-Semes, taxaw fa feggook aw doj wu mag. Ci kaw loolu ñu xar mattum watiir ba, rendi nag ya, defal ko Aji Sax ji ˚sarax suy lakk ba jeex. [15] Fekk na Leween ña[f] wàcce gaalu Aji Sax ja, mook waxande wu ndaw wa def wurus ya, boole lépp teg ca kaw doj wu mag wa. Bésub keroog waa Bet-Semes defal nañu Aji Sax ji ay sarax yuy lakk ba jeex, ak yeneen sarax. [16] Juróomi kàngami waa Filisti ya gis loolu lépp, ba noppi ñibbi Ekkron ca bés ba.

[17] Donji wurus yay misaal newi-newiy yaram ya, di lu waa Filisti yónnee Aji Sax ji te muy saraxas peyug tooñ, nii lañu ko lime, dëkk ak dëkk: Asdot, wenn; Gasa, wenn; Askalon, wenn; Gaat, wenn; Ekkron, wenn. [18] Limu janax yi ñu tëgge wurus it daa dëppook limu dëkki waa Filisti, ya seen juróomi kàngam jiite, muy dëkk yu ñu wërale ay tata ba ca dëkk-dëkkaan ya, ba ca doj wu mag woowa ñu tegoon gaalu Aji Sax ja. Doj waa nga ca toolu Yosuwe mu Bet-Semes, di ab seede ba tey jii.

[19] Terewul Yàlla mbugal ñenn ca waa Bet-Semes, fàdd ca ñoom juróom ñaar fukki nit[g], ndax dañoo yërndu woon ca biir gaalu Aji Sax ja. Waa dëkk ba tiislu ko, di mititlu mbugal mu réy moomu léen Aji Sax ji teg. [20] Noonu waa Bet-Semes di wax ca seen biir naan: «Ana ku mana jege Aji Sax ji, Yàlla ju sell jii, ba noppi di dund? Jii Yàlla, aka sell! Éy ku nuy yóbbul gaal gi, ba mu teqalikook nun?» [21] Gannaaw gi ñu yónni ay ndaw ca waa Kiryat-Yarim; ñu ne léen: «Waa Filisti de delloosi nañu gaalu Aji Sax ji. Tee ngeena ñëw yóbbu ko seen dëkk?»

7 [1] Waa Kiryat-Yarim ñëw jëlsi ˚gaalu Aji Sax ja, yóbbu ko kër Abinadab ca kaw tund wa. Ñu fal Eliyasar doomam ju góor, sédde ko Aji Sax ji, muy wottu gaalu Aji Sax ja.

---

[f] **6.15** ***Leween ña:*** Yàlla tànn na ñi bokk ci giiru Lewi, doomu Yanqóoba, ñuy jàpple saraxalkat ya ca liggéeyu kër Yàlla ga.

[g] **6.19** Ni ñu ko binde ci ebrë manees na ko dégge nii: *juróom ñaar fukki nit a dee ci juróom fukki junniy nit.*

Samiyel jiite na Israyil

2 Bés ba ñu yóbboo gaal ga Kiryat-Yarim wéy na, ñu teg ca lu yàgg, ba
mu am ñaar fukki at, mbooloom Israyil mépp namma dellu ci Aji Sax ji.
3 Samiyel wax ak bànni Israyil yépp ne léen: «Su ngeen nammee dellu ci
Aji Sax ji, te muy dëgg ci yéen, teqalikooleen ak yàllay doxandéem yi ak
xërëmi Àstàrt yi[h], jébbal seen bopp Aji Sax ji, wéetal ko; su ko defee
dina leen xettali ci waa Filisti.» 4 Ba loolu wéyee bànni Israyil boole seen
xërëmi Baal[i] yaak yu Àstàrt ya, génne, ba noppi wéetal Aji Sax ji.
5 Gannaaw loolu Samiyel ne léen: «Na Israyil gépp dajeji Mispa, ma
tinul leen Aji Sax ji.» 6 Ñu daje ca Mispa, tanq ndox, sotti fa suuf, fa
kanam Aji Sax ji. Ñu woor nag bésub keroog, daldi wax foofa ne: «Wax
dëgg Yàlla tooñ nañu Aji Sax ji.» Ba loolu amee Samiyel di saytu mbiri
bànni Israyil ca Mispa.
7 Ba waa Filisti yégee ne, bànni Israyil daje na ca Mispa, kàngami waa
Filisti ya jóg di léen songi. Bànni Israyil yég ko, am njàqare ndax waa
Filisti. 8 Ñu ne Samiyel: «Ngalla bu nu noppee jooytul ci sunu Yàlla Aji
Sax ji, ndax mu xettali nu ci waa Filisti!» 9 Samiyel tànn xar mu feragul,
defal ko Aji Sax ji ˚sarax suy lakk ba jeex. Mu tinul Israyil ci Aji Sax ji,
Aji Sax ji nangul ko. 10 Naka la Samiyel di joxe sarax say lakk ba jeex,
waa Filisti di dox wutsi bànni Israyil, di léen songsi. Waaye Aji Sax ji
dënu, mu ne réllet ca kaw waa Filisti bésub keroog. Seen fit rëcc, ñu
fëlxoo ca kanam bànni Israyil. 11 Bànni Israyil riire dëkk ba ñuy wax
Mispa, dàqi waa Filisti, di léen fàdd, ba ca wàllaa Bet-Kar.
12 Gannaaw loolu Samiyel jël aw doj, samp ca diggante Mispa ak Sen,
dippee ko Eben-Eser (mu firi doju Wallu) daldi ne: «Ba fii nu tollu Aji
Sax jaa ngi nuy wallu.» 13 Noonu waa Filisti nangul léen, ba songatuñu
réewu Israyil. Aji Sax ji nag won waa Filisti diisaayu loxoom giiru
dundu Samiyel gépp. 14 Waa Filisti nangu woon nañu ci Israyil dëkk ya
dale Ekkron ba Gaat. Israyil jële diiwaan boobu ca loxol waa Filisti, lépp
daldi dellu ca seeni loxo, jàmm ne ñoyyati diggante bànni Israyil ak
Amoreen ña ñoom itam.
15 Samiyel jiite na Israyil giiru dundam gépp. 16 At mu jotaan day wër
diggante Betel ak Gilgal ak Mispa, di àtte mbiri bànni Israyil, foofu fépp.
17 Noonu mu doora ñibbi Raama ga mu dëkk. Foofa it daan na fa àtte
mbiri bànni Israyil. Tabaxal na Aji Sax ji ab saraxalukaay foofa ca
Raama.

---

[h] 7.3 *Àstàrt:* xërëm bu jigéen la woon bu ay xeeti penku daan jaamu. Ñu yaakaaroon ne dina léen may, ñu jur doom yu bare, seeni jur ak seeni tool it lépp nangu ba bare. Ñu jàppoon ne Àstàrt soxna la ci yàllay xërëm ji ñuy wax Baal.

[i] 7.4 *Baal:* moo doon yàlla ji gëna màgg ci yàllay xërëmi waa Filisti. Waa dëkk bu mag bu nekk amoon nañu seen yàllay xërëm ju ñuy wax Baal, mu doon yàllay dëkk ba. Kon Baal yu baree amoon.

Bànni Israyil sàkku na buur

8 [1] Ba Samiyel màggatee, fal na doomam yu góor, ñu jiite Israyil.
[2] Taaw baa nga tuddoon Yowel, ka ca des di Abiya. Ña nga doon
jiitee ca Beerseba. [3] Doomi Samiyel yu góor ya nag jaaruñu ci seen tànki
baay Samiyel. Dañoo dëngoon, topp alal ju lewul, di nangu ñu di léen
ger, tey jalgati dëgg.
[4] Ba loolu amee magi Israyil ñépp daje, ànd dem ca Samiyel ca Raama.
[5] Ñu ne ko: «Góor gi, léegi danga di mag, te say doom jaaruñu ci say
tànk. Kon danga nuy falal buur bu nuy jiite, muy li xeet yépp baaxoo.»
[6] Samiyel naqarlu la ñu ko wax ne ko, mu falal léen buur bu léen jiite.
Mu diis ko Aji Sax ji. [7] Aji Sax ji ne ko: «Déggalal mbooloo mi te def li
ñu la wax lépp. Du yaw lañu jàmbu, waaye man mii lañu jàmbu, ba
bëggatuñu ma di seen buur. [8] Na ñu daan def naka-jekk, ba ma léen
génnee Misra ba tey jii, di ma dëddu, di jaamu yeneen yàlla rekk, noonu
lañuy def ak yaw. [9] Kon déggal léen rekk, waaye artu léen bu baax,
xamal léen luy doon sañ-sañu buur ba léen di jiiteji.»

Lu jëm ci sañ-sañu buur

[10] Noonu Samiyel jottali mbooloo, ma doon sàkku mu falal léen buur,
mboolem la Aji Sax ji wax. [11] Mu ne: «Lay doon sañ-sañu buur ba léen di
jiiteji de mooy lii: Seeni doom yu góor lay jël, di léen dawal-loo ay
watiiram, di léen warloo ay fasam, ñuy daw jiitu watiiram. [12] Dina tabb
ñu koy jiiteel kureeli junniy dag, ak ñuy jiite kureeli juróom fukk, ak
ñeneen ñu koy beyal toolam, di ko góobal, ak itam ñuy sàkk ay
gànnaayam ak i jumtukaay yu jëm ca ay watiiram. [13] Dina sas seen
doom yu jigéen, ñuy njafaan diw yu ñuy xeeñoo, tey togg, di lakk
mburu. [14] Dina nangu la gën ca seeni tool ak seen tóokëri reseñ ak seen
tooli oliw, jox ko ay dagam. [15] Seen pepp ak seen reseñ dina ca jël fukki
cér yu nekk benn, jox ko ay jawriñam ak i dagam. [16] Seen jaam yu góor
ak seen jaam yu jigéen lay jël, ak ñi ëpp doole ci seeni waxambaane,
jariñoo léen, ba ci seeni mbaam sax. [17] Seeni gàtt dina ca jël fukk yu
nekk benn, te yéen ci seen bopp dingeen doon ay jaamam. [18] Bu
keroogee dingeen ne wóoy buur bi ngeen fal, te bu keroogee Aji Sax ji
du leen wallu.»
[19] Mbooloo ma baña déglu Samiyel, xanaa ne ko: «Ndokk! Nun daal
nanu am buur bu nu jiite rekk. [20] Su ko defee nun itam nu mel ni xeet
yépp, sunu buur yilif nu, di nu jiite, féete nu kanam, di nu xeexal ci
sunuy xare.» [21] Samiyel déglu la mbooloo ma wax lépp, daldi dem ci Aji
Sax ji, jaaraat ca, muy dégg. [22] Aji Sax ji ne ko: «Nangul léen li ñuy
sàkku; falal léen buur.» Samiyel nag wax ak bànni Israyil ne léen na ku
nekk ñibbi fa mu dëkk.

Sóol doxi na yónnent

9 [1] Booba amoon na jenn waay ju bokk ci giiru Beñamin, di ku am daraja. Ma nga tuddoon Kis, baayam di Abiyel; Abiyel baayam ay Seror; Seror, baayam ay Bekorat; Bekorat, baayam ay Afiya ma bokk ca giiru Beñamin. [2] Kis moomu am doom ju góor ju ñuy wax Sóol[j]; di ku góorayiw, tollu ci digg dooleem, sut ñépp taxawaay, te amul moroom ci bànni Israyil.

[3] Mu am bés mbaami Kis réer, Kis ne doomam Sóol: «Àndal ak kenn ci surga yi, nga seetali ma mbaam yi.» [4] Noonu ñu jaare tundi Efrayim, teg ca diiwaanu Salisa, waaye gisuñu dara. Ñu jàll ba ca diiwaanu Saalim, mbaam ya nekku fa. Ñu walbatiku jaaraat diiwaanu Beñamin, ba tey dara.

[5] Ba ñu àggee diiwaanu Sof, Sóol ne surga ba mu àndal: «Ayca nu ñibbi, lu ko moy sama baay nun lay xalaat, fàtte mbaam yi.» [6] Surga ba ne ko: «Xanaa lenn; dëkk bii góoru Yàllaa ngi fi, di ku ñu naw lool. Lépp lu mu wax day am. Nanu fa dem kay, jombul mu wax nu fu nu wara jaare.» [7] Sóol ne surgaam: «Waaw, bu nu demee, lu nuy jox góor ga? Lekk gi woon ci sunuy mbuus jeex na, te amunu dara lu nu yóbbul góoru Yàlla ga. Ana lu nu am?» [8] Surga ba dellu ne Sóol: «Xanaa lenn; maa ngeek donju xaalis wu ndaw; tee nu koo jox góoru Yàlla ga, ndax mu wax nu fu nu wara jaare?»

[9] Bu jëkkoon ca Israyil ku daan leerluji ci Yàlla da naan: «Ñëwleen nu dem ca boroom peeñu ma,» ndax ku ñuy wooye yonent tey, boroom peeñu lañu ko daan wooye.

[10] Noonu Sóol ne surgaam ba: «Kon baax na, nanu dem.» Ñu jubal ca dëkk ba góoru Yàlla ga nekk. [11] Naka lañu yéeg tund wa, jëm ca dëkk ba, taseek ay janq ju ca jóge di rooti. Ñu laaj léen ne léen: «Ndax boroom peeñu maa ngi fi?»

[12] Ñu ne léen: «Waaw, mu ngi fi ngeen jublu, waaye gaawleen de; ndax tey jii la ñëw ci dëkk bi, ngir waa dëkk bee am sarax ca ˚bérab ba ñuy màggale. [13] Bu ngeen di àgg ca biir dëkk ba rekk, dal ko fay fekk, bala moo dem foofa ca bérab ba ñuy màggale, ca lekki sarax sa. Waa dëkk bi duñu lekk mukk li feek agsiwul, ndax fàww mu ñaan ci sarax si, mu barkeel. Su noppee, ñi ñu woo doora lekk. Kon demleen gaaw, ndax nëgëni dingeen ko fa fekk.

Sóol gis na Samiyel

[14] Ba loolu amee ñu tegu ca yoon wa, bay dugg ca biir dëkk ba, yem ca Samiyel, mu wutsi léen. Booba ma nga jëm ca ˚bérab ba ñuy màggale.

---

[j] **9.2** ***Sóol:*** am na ñu ko gëna xam ci turu Talut.

15 Fekk na balaa Sóol di ñëw, Aji Sax ji xamal na Samiyel bés ba jiitu
ne ko: 16 «Nëgëni ëllëg dinaa la yónnee waa ju dëkk diiwaanu Beñamin.
Nanga ko diw, fal ko, mu jiiteel ma Israyil, sama mbooloo. Dina xettali
sama mbooloo ci waa Filisti. Geesu naa sama mbooloo, ndax seeni yuux
àgg na fi man.»
17 Naka la Samiyel séen Sóol, Aji Sax ji wax ko ne ko: «Waa jii laa la
doon wax. Mooy yilif sama mbooloo.»
18 Sóol dikk ba ca Samiyel ca bunt dëkk ba, ne ko: «Góor gi, ndax doo
ma baal, won ma kër boroom peeñu mi?» 19 Samiyel ne Sóol: «Man
maay boroom peeñu mi. Doxal jiitu ca bérab ba ñuy màggale, ndax tey
dingeen bokk ak man lekk; bu subaa ma wax la li ub sa bopp yépp, door
laa yiwi. 20 Mbaam yi nga réerle bërkaati-démb, bu ci am benn xalaat,
ndax feeñ nañu. Te sax ana ku ñu beralal mboolem luy ngëneel ci
Israyil? Moyu la moos yaak sa waa kër baay!» 21 Sóol ne ko: «Man mii
bokk ci giiru Beñamin gi gëna tuut ci Israyil, rax-ci-dolli sama ˚làng
gëna tuut ci mboolem làngi giiri Beñamin! Xanaa du man ngay wax
kay?»
22 Samiyel daldi ànd ak Sóol ak surgaam, yóbbu léen ba ca biir néegu
bernde ja, beral léen jataay ca kanam mbooloo, ma ñu woo te ñu wara
tollu ci fanweer. 23 Samiyel ne toggkat ba: «Indil ma ndawal li ma la
joxoon, te noon la, nga beral ma ko.» 24 Toggkat ba yékkati tànk baak la
mu àndal, teg ca kanam Sóol. Samiyel ne: «Lii de yaw lañu ko beraloon.
Lekkal, yaw lañu ko beraloon, booba ma wooyee ay nit ci ndaje mii ba
tey.» Ba mu ko defee Sóol bokk ak Samiyel lekk bésub keroog.
25 Gannaaw loolu ñu jóge ca tund, wa ñuy màggale, wàccsi ca dëkk ba.
Samiyel diisook Sóol ca kaw taaxum këram.

Samiyel diw na Sóol, fal ko

26 Ba ñu jógee ca ëllëg sa, bët a ngay waaja set. Samiyel woo Sóol ca
kaw taax ma ne ko: «Fabul, ma yiwi la, nga dem.» Sóol fabu, ànd ak
Samiyel, ñu génn ñoom ñaar. 27 Naka lañu dem bay bëgga génn dëkk ba,
Samiyel ne Sóol: «Neel surga bi, mu jiitu nu.» Surga ba jiitu léen.
Samiyel teg ca ne ko: «Yaw, taxawal tuuti, ma xamal la li Yàlla wax.»

10 1 Ba loolu amee Samiyel jël njaq lu ndaw lu def diwu oliw, sotti
ko ca kaw boppu Sóol, daldi jàpp Sóol, taf ko ci dënnam ne ko:
«Aji Sax ji sellalal na la boppam dëy, nga doon njiitu mbooloo mi mu
séddoo.» 2 Gannaaw boo teqalikook man, dinga dajeek ñaari góor ca
wetu bàmmeelu Rasel ca diiwaanu Beñamin ca Selsa. Dinañu la wax ne
la mbaam ya nga seeti woon feeñ nañu. Te sax sa baay xalaatatul
mbaam yi, yéena ko jaaxal. Ma nga naan: “Éy man, nu may def ba gis
sama doom ja?” 3 Boo fa jógee, jubalal ba jot garab gu mag ga ca Tabor.
Ñetti góor dinañu fa dajeek yaw, di màggali Yàlla ca Betel; kenn ka
gàddu ñetti tef, keneen ka ŋàbb ñetti mburu, ka ca des yor mbuusam

der mu def biiñ. [4] Dinañu la nuyu, may la ñaari mburu; nga nangoo ko
ca seeni loxo. [5] Bu loolu weesoo nanga dem ba ca Gibeya-Eloyim, fa
dalub xarekati Filisti ya nekk. Booy jub dëkk ba, dinga dajeek
mbooloom yonent yuy waxyu[k], jóge ca ˚bérab ba ñuy màggale. Dina am
ñu léen jiitoo powum tabalaak i toxoro ak ñaari xeeti xalam. [6] Su ko
defee xelum Aji Sax ji wàcc ak doole ci sa kaw, nga ànd ak ñoom di
waxyu. Dangay daldi doon keneen nit. [7] Bu firnde yooyu xasee mat, man
ngaa def lu la sa xelum bopp may, ndax Yàllaa ngi ànd ak yaw. [8] Léegi
doxal jiitu ma ca Gilgal. Te nag maa ngi lay fekksi, ngir rendi fa ˚sarax
yuy lakk ba jeex, ak ˚saraxi cant ci biir jàmm. Waaye nanga négandiku
juróom ñaari fan. Su ma ñëwee, dinaa la xamal li nga wara def.»

Xelum Yàlla gane na Sóol

[9] Ba loolu amee Sóol walbatiku, bàyyikoo ca Samiyel, Yàlla daldi def
mu doon keneen nit. Te itam firnde yooyu yépp matandoo na ca bés ba.
[10] Ba Sóol ak surgaam àggee Gibeya, mbooloom yonent ya dañoo dajeek
moom, xelum Yàlla wàcc ak doole ca kaw Sóol, mu ànd ak ñoom di
waxyu. [11] Noonu mboolem ña xamoon Sóol lu jiitu, gis ko muy ànd ak
yonent ya di waxyu. Ñu naan ca seen biir: «Waaw, doomu Kis jii, lu ko
jot nii? Moo, Sóol it ci yonent yi laa?» [12] Jenn waay ju fa dëkk ne léen:
«Ñoom sax, ci ngiiru kan lañu bokk?» Ca lañu jóge, def ko waxin naan:
«Moo, Sóol it ci yonent yi laa?» [13] Sóol di waxyu, ba noppi dem ca
˚bérab ba ñuy màggale.

[14] Ci kaw loolu baayu Sóol bu ndaw laaj Sóol ak surgaam ba ne léen:
«Fu ngeen nekkoon?» Sóol ne ko: «Danu doon seet mbaam ya, gisunu
dara, nu dem ca Samiyel.» [15] Baayam bu ndaw ne ko: «Wax ma boog lu
leen Samiyel wax.» [16] Sóol ne ko: «Samiyel biralal na nu ne, mbaam ya
feeñ na.» Waaye Sóol waxu ko la Samiyel wax ci wàllu nguur.

Yàlla feddali na palug Sóol

[17] Gannaaw loolu Samiyel woolu mbooloom Israyil ca Aji Sax ji foofa
ca Mispa. [18] Mu wax léen ne léen: «Aji Sax ji Yàllay Israyil dafa wax ne:
“Maa leen génne Misra, xettali leen ca waa Misraak seen doole ak ca
mboolem buur ya leen notoon. [19] Waaye léegi dëddu ngeen ma, man
seen Yàlla, ji leen di musal ci seeni tiis ak seen njàqare yépp. Ngeen ne
ma: ‘Falal nu buur daal!’ Kon nag na seeni giir ànd ak seeni ˚làng,
teewsi fi sama kanam, man Aji Sax ji.”»

[20] Ba Samiyel wooyee giiri Israyil yépp, ñu jegesi, giiru Beñamin lañu
tànn. [21] Mu woo giiru Beñamin, làng ak làng ñu jegesi, ñu tànn ca làngu
Matiri, daldi cay tànne Sóol, doomu Kis. Waaye ba ñu ko seetee, gisuñu
ko. [22] Ñu dellu laajaat Aji Sax ji ne ko: «Ndax keneen ñëwu fi?» Aji Sax ji

---

[k] 10.5 *waxyu:* kuy waxyu day daanu leer, di wax.

ne: «Ahakay, mu ngi làqu ci biir denc boobu.» [23] Ñu daw génneji Sóol,
mu taxaw ca biir mbooloo ma, sut ñépp. [24] Noonu Samiyel wax ak
mbooloo mépp ne léen: «Gis ngeen ki Aji Sax ji tànnal boppam? Kenn
melul ni moom ci mbooloo mi mépp.» Ci kaw loolu mbooloo ma mépp
àddu ca kaw ne: «Yal na Buur gudd fan!» [25] Samiyel daldi xamal
mbooloo ma lan mooy sañ-sañu buur, bind ko cib téere, teg ca biir
màggalukaay ba. Ba mu ko defee Samiyel yiwi mbooloo ma, ku nekk
ñibbi këram.
[26] Sóol itam ñibbi këram ca Gibeya, ay jàmbaari góor yu Yàlla xiir ci
ànd ak moom, topp ko. [27] Terewul mu am ay nit ñu tekkiwul dara di
wax naan: «Ana nan lanu waa jii di xettalee?» Nit ñooñu sofental ko,
yótuñu ko jenn teraanga. Waaye Sóol ne cell.

Sóol jéngu na

11 [1] Gannaaw ba loolu wéyee Nayas Amoneen ba dikk, gaw dëkk
ba ñu naan Yabes ca Galaat. Waa Yabes gépp wax ak moom ne
ko: «Ngalla digool ak nun jàmm, te nu nangul la.»
[2] Waaye Nayas Amoneen ba ne léen: «Dinaa digook yéen jàmm ci kaw
ma luqi seen bëtu ndijoor yéen ñépp, ba Israyil gépp torox.» [3] Magi
Yabes ne ko: «Danga nuy may juróom ñaari fan, ndax nu mana yónnee
ci Israyil gépp. Su nu kenn wallusiwul, nu jébbal la sunu bopp.»
[4] Ba ndaw ya dikkee Gibeya, dëkkub Sóol ba, ba àgge waa dëkk ba
loolu, ñépp a yuuxu di jooy. [5] Ci biir loolu Sóol jóge tool, jiital ay nagam
di ñibbsi. Mu ne: «Lu dal mbooloo mi? Ana lu ñuy jooy?» Ñu nettali ko
la waa Yabes wax.
[6] Naka la Sóol dégg mbir moomu, xelum Yàlla wàcc ca kawam ak
doole, mu mer ba fees dell, [7] daldi rendi ñaari nag, dog ko, yónnee ay
ndaw, ñu yobbul dog ya Israyil gépp. Mu boole ca artu léen ne léen:
«Képp ku ma toppul man Sóol, maak Samiyel, nii lees di def ay nagam.»
Ba loolu amee Aji Sax ji wàcce tiitaange ju réy, mu ne milib ci kaw
mbooloo mi, ñu daje di benn bopp. [8] Ba Sóol nemmikoo limu góori
Israyil ca Beseg, ña nga tollu ca ñetti téeméeri junni, waa Yuda di
fanweeri junni.
[9] Noonu ñu wax ndaw ya jóge Yabes-Galaat, ñu jottali seen waa dëkk
ba ne léen, ca ëllëg sa bu jant bi tàngee, dees na léen wallu. Ndaw ya
dem, àgge ko waa Yabes, waa Yabes bég lool. [10] Ñu wax Amoneen ña ne
léen: «Ëllëg dinanu leen jébbal sunu bopp, ngeen def nu lu leen soob.»
[11] Ca ëllëg sa Sóol séddale mbooloom xareem ñetti kureel. Ba ñu tolloo
ci wottub njël, ñu ne milib ca kaw dalub Amoneen ña, yendu léena rey,
ba jant ba tàng. Ña ca rëcc ñu tasaare léen, ba ñaar sax àndatuñu.
[12] Mbooloo ma ne Samiyel: «Ana ña waxoon ne Sóol du falu ci sunu
kaw? Indil-leen nu léen fii, nu rey léen!» [13] Waaye Sóol ne léen: «Deesu
fi rey kenn kay bésub tey jii, ndax bésub tey Aji Sax ji wallu na Israyil.»

14 Samiyel ne mbooloo ma: «Ñëwleen nu dem Gilgal, ba feddali pal gi.»
15 Mbooloo ma mépp dem Gilgal, feddali palug Buur Sóol fa kanam Aji
Sax ji[l]. Ñu defal fa Aji Sax ji ay ˚saraxi cant ci biir jàmm. Sóol ànd ak
bànni Israyil yépp, def fa bernde ju réy.

Samiyel tàggtoo naak bànni Israyil

12 1 Gannaaw ba loolu weesoo Samiyel wax Israyil gépp ne léen:
«Nangul naa leen li ngeen ma wax lépp, ba falal leen buur.
2 Léegi Buur a ngii jiite leen. Man nag màggat naa ba bijjaaw, weex tàll;
samay doom yu góor a ngii ci seen biir. Jiite naa leen, ba may ndaw ba
tey jii. 3 Maa ngii taxaw fi seen kanam. Seedeel-leen ma luy sama tooñ fi
kanam Aji Sax ji ak buur bi mu fal. Ana ku ma masa jël nagam, mbaa
mbaamam; ana ku ma masa njublaŋ, mbaa ma néewal ko doole? Ana ku
ma masa nangoo alalu ger ci moom, ba nëpp-nëppal lu mu def. Lu ma ci
def rekk, waxleen, ma fey ko.» 4 Ñu ne ko: «Njublaŋoo nu, te néewaloo
nu doole. Masoo nangu alalu ger ci loxol kenn itam.» 5 Samiyel ne léen:
«Kon Aji Sax ji seede na, buur bi mu fal it seede tey jii, ne set naa
wecc.» Ñu ne ko: «Aji Sax ji seede na ko.»
6 Samiyel ne mbooloo ma: «Aji Sax ji moo tànn Musaak Aaróona, ba
génne seeni maam Misra. 7 Kon nag taxawleen fii, ma jox leen ay firnde
ci kanam Aji Sax ji, limal leen njekk gi leen Aji Sax ji defal, yéen ak
seeni maam.
8 «Gannaaw jamono ja Yanqóoba toxoo Misra, seen maam yi askanoo
ci moom jooy nañu, di woo Aji Sax ji wall. Aji Sax ji dafa yebal Musaak
Aaróona, ñu génne seeni maam Misra, dëël léen ci réew mii. 9 Waaye
seeni maam fàtte seen Yàlla Aji Sax ji, ba tax mu ba léen ak ña doon
xareek ñoom, di Sisera, kilifay mbooloom xareem dëkk ba ñuy wax
Asor, ak waa Filisti yaak buuru Mowab. 10 Seeni maam jooy ko Aji Sax ji
ne ko: “Bàkkaar nanu de, nde wacc nañu la, yaw Aji Sax ji, di jaamu ay
yàlla yu mel ni ˚Baal ak ˚Àstàrt. Waaye rikk xettali nu ci sunuy noon, nu
jaamu la.” 11 Ba mu ko defee Aji Sax ji yebal Yërubaal[m] ak Bedan[n] ak
Yefte ak man Samiyel mii, ngir xettali leen ci seeni noon yi leen wër, ba
ngeen am jàmm. 12 Waaye ba ngeen gisee Nayas, buuru Amoneen ña,
jëm ca seen kaw, dangeen ma ne: “Buur bu nu jiite daal lanu bëgg.” Te
moona fekk na seen Yàlla Aji Sax ji di seen buur. 13 Léegi nag buur bi
ngeen bëggoon, di ko sàkku, mu ngi nii. Mu ngoog, Aji Sax ji fal na buur
bu leen jiite. 14 Su ngeen ragalee Aji Sax ji, di ko jaamu, déggal ko, baña
jalgati ay santaaneem, te ànd ak buur bi leen jiite, topp seen Yàlla Aji

---

[l] **11.15** Li tax ñu ne *fa kanam Aji Sax ji* mooy Gilgal dafa amoon bérabu màggalukaayu Aji Sax ji.
[m] **12.11** ***Yërubaal:*** mooy Sedeyon ba tey. Seetal Njiit ya 6—8.
[n] **12.11** ***Bedan:*** am na ñu jàpp ne mooy Barag. Seetal Njiit ya 4.

Sax ji, baax na! [15] Waaye kat, su ngeen déggalul Aji Sax ji, xanaa di
jalgati ay santaaneem, dina leen duma, na mu defoon ak seeni maam.
[16] «Léegi neleen tekk te xool kéemaan gu réy gi Aji Sax jiy def, ngeen
gis. [17] Du nu ngi ci lolli, ci ngóobum bele? Dinaa ñaan ci Aji Sax ji, mu
taw, di dënu. Su boobaa dingeen xam ci lu wér ne, def ngeen lu ñaaw-a-
ñaaw ci kanam Aji Sax ji, keroog ba ngeen sàkkoo buur.»
[18] Ba loolu wéyee Samiyel ñaan ci Aji Sax ji, Aji Sax ji taw, di dënu ca
bés ba. Mbooloo ma mépp daldi ragal Aji Sax ji ak Samiyel.
[19] Ci kaw loolu mbooloo ma mépp ànd ne Samiyel: «Ngalla sang bi,
ñaanal nu ci sa Yàlla Aji Sax ji, nu baña dee, ngir ñaawteef ji nu def, di
sàkku buur, dolli ca sunu bàkkaar ya woon yépp.» [20] Samiyel ne
mbooloo ma: «Buleen tiit; dëgg la, bàkkaar ngeen lool; waaye buleen
dëddu Aji Sax ji, jaamuleen ko rekk ak xol bu tàlli. [21] Buleen dëpp mukk,
di topp ay xërëmi caaxaan; amalu leen benn njariñ. Manuñu leena wallu
it, ndax caaxaani neen la. [22] Aji Sax ji moom du wacc ñoñam, turam wu
màgg wee tax, ndax da koo neex mu ñoñoo leen. [23] Man nag, yàlla tere
may tooñ Aji Sax ji, di leen baña ñaanal. Te it duma leen noppee xamal
yoon wi baax te jub: [24] ngalla fexeleen rekk ba ragal Aji Sax ji, sax ci
jaamu kook xol bu tàlli te dëggu. Te ngeen xool ci jaloore yu yéeme yi
mu leen defal. [25] Waaye su ngeen saxee ci def lu bon, dees na leen
booleek seen buur, buub sànni.»

Sóol tooñ na

13 [1] Sóol ci boppam làqoon na ay at, ba muy falu buur; te falu na
jiite Israyil ñaari at[o], [2] doora tànn ñetti junniy nit ca Israyil;
ñaari junniy nit ñuy nekk ak moom ci Migmas ak ca tundi Betel, ak
junniy nit ñu nekk ak Yonatan ca Gibeya gu Beñamin. Ña ca des mu
yiwi léen, ñu ñibbi seeni kër. [3] Noonu Yonatan song dalub waa Filisti ca
Geba[p]. Waa Filisti yég ko. Ba mu ko defee Sóol wol-lu liit ga, ñu yéene
ca réew ma mépp ba mu daj, ne: «˚Ebrë yi, dégluleen!» [4] Ñu yégal Israyil
gépp la xew ne léen: «Sóol song na dalub waa Filisti, ba tax waa Filisti
sib waa Israyil.» Noonu ñu woo mbooloom xare ma, ñu dajeji Gilgal,
fekk fa Sóol. [5] Ci kaw loolu waa Filisti daje ngir xareek Israyil. Ña ngaak
ñetti junniy[q] watiiri xare ak juróom benni junniy gawar, xarekat ya
bare, mel ni feppi suufas géej. Ñu dem dali ca Migmas, féete Bet-Awen
penku.
[6] Mujj nañu tanc lool waa Israyil, ñu gis ne ñu ngi ci diggante bu metti,
ba tax ñu làqu ci ay xunteek ay dédd ak ay doj, ak i seyaan ak i kàmb.
[7] Am na sax ay Ebrë yu jàll dexu Yurdan, wuti réewu Gaat ak Galaat.

---

[o] **13.1** Sóol falu na ñaari at bala ñoo tànn Daawuda, mi koy wuutu. Seetal ci 16.13 ak Jëf ya 13.21.

[p] **13.3** *Geba:* gëstu yu yàggul wone na ne Geba ak Gibeya jombul benn dëkk bi la.

[q] **13.5** *3000:* mooy lim bi ñu siiwal ni ñu ko tekkee ci làkku gereg ak yeneen làkk.

Fekk na Sóol a nga ca Gilgal ba tey. Mbooloom xareem ma mépp nekk faak moom, di pat-pati ndax tiitaange.
8 Gannaaw gi mu négandiku juróom ñaari fan, muy diir ba ko Samiyel àppaloon. Waaye taxul Samiyel agsi Gilgal. Mbooloo ma tàmbalee dëddu Sóol, di tasaaroo. 9 Sóol ne: «Indil-leen ma gàttu ˚sarax si ñuy lakk ba mu jeex, ak gàtti ˚saraxu cant si ci biir jàmm.» Mu daldi def sarax siy lakk ba jeex. 10 Naka la Sóol def sarax say lakk ba jeex, ba sottal rekk, Samiyel agsi, mu génn gatandu ko, nuyu ko. 11 Samiyel ne ko: «Loo def nii?» Sóol ne ko: «Man kat damaa gis mbooloo mi, di ma dëddu di tasaaroo, te yaw it ñëwuloo ba àpp ba matee, rax-ci-dolli waa Filisti di daje ca Migmas. 12 Ma noon, waa Filisti dinañu ma songsi Gilgal, te sàkkooguma ndimbalu Aji Sax ji. Looloo ma taxa ñàkk pexe rekk, ba def sarax si ñuy lakk.» 13 Samiyel ne Sóol: «Li nga def yëfi ndof la, ndax defuloo li la sa Yàlla Aji Sax ji santoon. Soo ko defoon, Aji Sax ji dina saxal sa nguur ci Israyil fàww. 14 Léegi nag sa nguur du wéy; Aji Sax ji tànnal na boppam ki mu déggool ci xolam, te fal na ko njiitu mbooloom, ndaxte defoo li Aji Sax ji santaane.»
15 Ba mu ko defee Samiyel bàyyikoo Gilgal, dem Gibeya gu Beñamin. Sóol wañ̃ñ nit ñi mu àndal, ñu tollu ci juróom benni téeméeri góor.

Yonatan def na njàmbaar

16 Ci kaw loolu Sóol ànd ak doomam ju góor Yonatan ak seen mbooloo, ñu dal ca Geba[r] gu Beñamin, waa Filisti dal ca Migmas. 17 Ci biir loolu gàngooru yàqkat jóge ca dalub waa Filisti, def ñetti kureel. Benn ba jubal bëj-gànnaar, aw yoonu Ofra ca diiwaanu Suwal, 18 ñaareel ba jubal sowu ca Bet-Oron, ñetteel ba jëm penku ca tund ya tiim xuru Seboyim, fa féeteek màndiŋ ma.
19 Booba du benn tëgg bu nekkoon ca réewu Israyil ba mu daj, ndax waa Filisti dañoo ragaloon Ebrë yi defar ay saamar ak i xeej. 20 Looloo taxoon ci mboolem bànni Israyil, ku ci bëggoona nàmmlu sa ngajju mbaa sa daba, mbaa sa sémmiñ, mbaa sa sawta, doo man lu moy dem ca tëggi waa Filisti. 21 Saa yu sa ngajju dayee, mbaa sa daba, daan nañu la ko daasal njég gu jafe, tollook ñaari xaaji donju xaalis wu ñu séddale ñetti cér; boo dee daaslu ab roq mbaa sémmiñ, mbaa ngay defarluwaat catal ràbbu, genn-wàllam ngay fey. 22 Looloo tax keroog bésub xare ba, du benn xarekat bu ànd ak Sóol ak Yonatan, bu yor saamar mbaa ab xeej ci loxoom. Mennum Sóol rekk a ci amoon, mook doomam Yonatan.
23 Noonu ab kureelu xarekati waa Filisti jiitu, taxawi ca jàllukaayu Migmas ba.

---

[r]**13.16** ***Geba:*** seetal ci 13.3.

Yonatan song na waa Filisti

14 [1] Ci fan yooyu Yonatan doomu Sóol ju góor wax xale bu góor ba
koy gàddul ngànnaayam, ne ko: «Kaay nu dem ba ca xarekati
waa Filisti ca wàlla.» Fekk na Yonatan yégalu ko baayam. [2] Booba Sóol a
nga dal fa Gibeya yem, ca ker garabu gërënaat ga ca Migron. Mbooloo
ma ànd ak moom a nga tollu ci juróom benni téeméeri góor. [3] Aya ma
nga fa woon, sol ˚xar-sànnim saraxalkat. Aya mooy doomi Ayitub, mi
bokk ak Ikabot seen baay Fineyas; Eli, saraxalkatu Aji Sax ja ca Silo,
moo jur Fineyas. Du kenn ca mbooloo ma ku xamoon ne Yonatan dem
na. [4] Poot ba Yonatan jaare wuti dalub waa Filisti, ñaari doj yu mag a
sampe woon, séq ko. Ñu dippee wenn doj wa Boses, weneen wa di Sene.
[5] Wenn doj waa nga sampe wetu bëj-gànnaar, janook Migmas, wa ca des
sampe wetu bëj-saalum, janook Geba[s].
[6] Yonatan wax xale bu góor bay gàddu ay gànnaayam ne ko: «Ayca nu
dem ba ca dalub yéefar yee. Jombul Aji Sax ji defal nu yiw, ndax dara
du tee mu may nu ndam, nu bareek nu néew.» [7] Ba loolu amee kay
gàddu ngànnaayam ne ko: «Ayca, sang bi, loo bëgg rekk laa bëgg.»
[8] Yonatan ne ko: «Kon ayca nu dem, jàll ba ca waa dal ba, feeñu léen.
[9] Bu ñu nu waxee ne nu: “Taxawleen foofu, ba nu fekksi leen,” nu yem
fa, bañ léena fekki. [10] Waaye bu ñu nee: “Ayca ñëwleen,” nu daldi yéeg,
ndax looloo nuy won ne, Aji Sax ji teg na léen ci sunuy loxo.»
[11] Ñu dem, feeñu dalub waa Filisti, ñoom ñaar ñépp. Waa Filistee nga
naan: «Xool-leen! ˚Ebrë ñaa ngay yoxoosuy génn pax ya ñu làqu woon.»
[12] La ca tegu waa dal ba ne Yonatan ak xaleem ba: «Ée, ñëwleen ba fii ci
nun, nu xamal léen lu tuut.» Yonatan ne xaleem ba: «Yéegal topp ci
man; Aji Sax ji teg na léen ci loxol Israyil.» [13] Noonu Yonatan ñalgu jëm
kaw, xaleem ba topp ca gannaawam. Waa Filisti daanu nañu keroog ca
kanam Yonatan, xaleem ba topp ca gannaawam, di léen jekkali.
[14] Congum Yonatan mu jëkk mooma, mook kay gàddu ngànnaayam
daane nañu ca lu tollook ñaar fukki góor ci dénd bu wara tollook
saawow nag. [15] Ci kaw loolu njàqare tàbbi ca waa dal baak àll ba ko
wër, ak ca biir mbooloo ma mépp, muy dal ba, muy kureeli yàqkat ya;
suuf sa yëngu teg ca, muy tiitaange ju Yàlla wàcce.
[16] Ba loolu amee ñay wottul Sóol ca Gibeya gu Beñamin séen
mbooloom xarem waa Filisti di raj-rajloo, fu nekk ñu jëm fa. [17] Sóol wax
ak ña mu àndal ne léen: «Wooteleen te seet ba xam ku jóge ci nun.» Ñu
woote, Yonatan ak kay gàddu ngànnaayam wuute. [18] Sóol ne Awiya:
«Indil ˚gaalu Yàlla gi.» Booba gaalu Yàlla gaa ngaak bànni Israyil.
[19] Naka la Sóol di wax ak saraxalkat ba, coow la ca dalub waa Filisti
gëna jolli. Sóol ne saraxalkat ba: «Bàyyi ko sax.» [20] Ba mu ko defee Sóol

---

[s] **14.5** ***Geba:*** seetal ci 13.3.

àndandook mbooloom mépp ca xare ba. Ñu gis waa Filisti ne kër-kër, ne këpp, di jamante seeni saamar. [21] Amoon na ay Ebrë yu nangul woon waa Filisti lu jiitu te daloon wër léen, bay ànd ak ñoom ci seeni xare. Ñooñu mujj walbatiku faraat ak bànni Israyil ya desoon ca Sóol ak Yonatan. [22] Mboolem bànni Israyil ya làqu woon ca tundi Efrayim daldi dégg ne waa Filistee ngay daw. Ñu sotsi, dàqi léen. [23] Noonu Aji Sax ji wallu Israyil bésub keroog, xare bay law, ba romb Bet-Awen.

Sóol wax na lu ëpp

[24] Bésub keroog mbooloom Israyil jàq nañu, ndaxte Sóol da léena giñaloon ne léen: «Képp ku lekk fii ak ngoon te fekk feyooguma ci samay noon, yal na alku.» Loolu tax kenn ca mbooloo ma lekkul dara. [25] Naka lañu ànd dugg ca gott ba, fekk fa lem juy tuuru fa suuf. [26] Ba ñu agsee ca biir gott ba, ba gis lem jay xelli, taxul kenn sàkk ca jëme ca gémmiñam, ndax ragala alku. [27] Yonatan nag yégul woon ngiñal baayam laak mbooloo ma. Mu tàllal yet wa ca loxoom, capp cat la ca lem ja, sex. Ca saa sa mu leqaliku. [28] Kenn ca mbooloo ma ne ko: «Aa! Sa baay de giñaloon na mbooloo mi lu dul deñ ne nu: “Képp ku lekk tey, yal na alku,” moo tax mbooloo mi néew doole.» [29] Yonatan ne: «Sama baay de yóbbe na mbooloo mi toskare. Xool-leen rekk ba ma ñamee ci lem ji, ni ma leqalikoo. [30] Doon na gëna neexati, bu mbooloo mi lekkoon tey ci la ñu lële ca seeni noon. Du ci la jéllu waa Filisti doon gëna réya waay?»

[31] Bésub keroog, gannaaw ba bànni Israyil dumaa waa Filisti, dàqe léen Migmas ba ca Ayalon, mujj nañu loof, [32] ba sëxëtoo lël ja, tër ca jur gu gàtt gaak gu gudd gaak wëllu ya. Ñu rendi ca suuf, boole yàpp waak deret ja, lekk. [33] Ñu yegge ko Sóol ne ko: «Mbooloo ma kat a nga nee, di tooñ Aji Sax ji, di lekk yàpp wu ànd ak deretam.» Sóol ne: «Yéena ka fecci kóllëre! Béraŋal-leen ma fii aw doj wu mag léegi.» [34] La ca tegu, mu ne léen: «Te wërleen ci biir mbooloo mi, ba ñu daj, ngeen wax léen ne léen, na ma ku nekk ci ñoom indil nagam mbaa gàttam, rendi ko fii, lekk. Buñu tooñ Aji Sax ji, di lekk yàpp wu ànd ak deretam.» Ku nekk daldi indi aw nagam guddig keroog, rendi ko foofa. [35] Sóol daldi fay defal Aji Sax ji saraxalukaay. Booba la jëkka defal Aji Sax ji saraxalukaay.

Bànni Israyil jot na Yonatan

[36] Ba loolu amee Sóol ne: «Nanu wàcc topp waa Filisti ci guddi, fanaane léena lël ba bët set, te bunu ci bàyyi kenn muy dund.» Mbooloo ma ne ko: «Loo bëgg rekk!» Waaye saraxalkat ba ne: «Nanu jëkka diis Yàlla mbir mi fii.» [37] Sóol laaj Yàlla ne ko: «Ndax ma topp waa Filisti? Ndax dinga nu léen tegal ci sunuy loxo?» Waaye Yàlla tontuwu ko keroog. [38] Sóol ne: «Yéen ñiy njiiti mbooloom xare mi yépp, ñëwleen fii, nu seet ba gis ban bàkkaar la fi nit def tey jii. [39] Ndax giñ naa ko ci Aji

Sax jiy dund te di wallu Israyil, bu doon sax lu sama doom Yonatan ci boppam def, dina dee.» Mbooloo mépp ne cell. [40] Sóol wax ak bànni Israyil gépp ne léen: «Taxaweleen nee, maak sama doom Yonatan nu taxawe nii.» Mbooloo ma ne ko: «Loo bëgg rekk.» [41] Sóol ñaan ci Aji Sax ji ne ko: «Éey Yàllay Israyil, ngalla xamleel liy dëgg.» Ñu daldi tegoo bant, mu dal ci kaw Yonatan ak Sóol, mbooloo ma wàcc. [42] Sóol ne: «Tegal-leen nu bant sama digganteek sama doom Yonatan.» Ñu defal léen ko, mu dal ca Yonatan.

[43] Sóol ne Yonatan: «Wax ma li nga def.» Yonatan ne ko: «Aylayéwén ñam naa ca lem ja tuuti, capp ca sama catal yet wii. Maa ngi nii, naa dee!» [44] Sóol ne ko: «Yal na ma Yàlla teg mbugal mu gëna réy, ndegam doo dee wett!» [45] Waaye mbooloo ma ne Sóol: «Lan? Yonatan dee, moom mi may Israyil ndam lu réy lii? Xalaateesu ko moos! Giñ nanu ci Aji Sax jiy dund, du lenn luy rote ci kawaru boppu Yonatan sax dal fi suuf, ndax Yàllaa ànd ak moom, ba mu def jëf jii tey.» Noonu la mbooloo ma jote Yonatan, ba reyeesu ko. [46] Ba loolu wéyee Sóol noppee dàq waa Filisti, waa Filisti dellu ca seen réew.

Sóol am na ndam

[47] Gannaaw ba Sóol feddalee nguuram ca Israyil, xeex naak seen noon ya léen wër yépp: Mowabeen ñaak Amoneen ñaak Edomeen ñaak buuri waa Soba, ak waa Filisti. Mboolem fu mu walbatiku rekk, duma na waa foofa. [48] Xaree na njàmbaar, ba duma Amalegeen ña, teqale Israyil ak ña léen doon lël.

[49] Doomi Sóol yu góor nag ñoo doon: Yonatan, ak Iswi[t] ak Malkisuwa; ki gën di mag ci doomam yu jigéen di Merab, ki gëna ndaw ci jigéen ñi di Mikal. [50] Soxnas Sóol ma nga tuddoon Ayinowam, Ayimaas di baayu Ayinowam. Abner doomi Ner, miy baayu Sóol bu ndaw moo doon njiitu mbooloom xareem. [51] Kis miy baayi Sóol, ak Ner, baayi Abner, doomi Abiyel lañu.

[52] Giiru dundu Sóol gépp xare bu metti la woon digganteem ak waa Filisti. Moo tax fu Sóol gisaan boroom kàttan mbaa boroom fit, da koy solal, dugal ko ca mbooloom xareem.

Yàlla rëbb na Amalegeen ñi

15 [1] Samiyel nag waxoon na Sóol ne ko: «Man la Aji Sax ji yebal, ngir ma fal la ngay buuru Israyil, giy mbooloom boppam. Kon déglul kàddu yii tukkee ci Aji Sax ji. [2] Aji Sax jiy Boroom gàngoori xare yi dafa wax ne: “Dinaa mbugal Amalegeen ñi ndax na ñu defoon Israyil, tëru léen, ba ñuy génn Misra. [3] Demleen léegi, dal ci kaw Amalegeen ñi,

---

[t] **14.49** *Iswi:* man nañoo jàpp ne mooy ki ñuy wax Isbaal mbaa Isboset ba tey.

te mboolem lu ñu moom, aayal-leen[u] ko, faagaagal ko. Buleen ci bàyyi kenn; reyleen góor ak jigéen, gone ya ba ca liir ya, boole ca nag ak gàtt, ba ca giléem yaak mbaam ya.”»
4 Noonu Sóol woo mbooloom xareem, wañ léen ca Telem, ñuy ñaar téeméeri junniy xarekat ak fukki junniy góor yu bokk ci giiru Yuda.
5 Sóol dem ba jub dëkkub Amalegeen ña, daldi waajal am tëru ca xur wa. 6 Ci biir loolu mu ne Keneen ña: «Demleen wacc Amalegeen ñi, bala ma léena booleek ñoom rey, ngir dangeena laaye woon biir bànni Israyil gépp, ba ñuy génn Misra.» Ba loolu amee Keneen ña dem wacc Amalegeen ña.
7 Ba mu ko defee Sóol song Amalegeen ña, dale ko Awila ba dëkk ba ñuy wax Sur te féete Misra penku. 8 Mu jàpp Agag buuru Amalegeen ña, waa réewam ma mépp mu faagaagal léen, saamar ba jaar ca seen kaw, ba ñu jeex tàkk. 9 Ci kaw loolu Sóol ak i xarekatam bàyyi Agag, bañ koo aayal, rey ko, mook la gëna baax ca nag yaak la gëna baax ca gàtt yaak jur ga ñu yafal ba ca kuuy yu ndaw ya— lépp lu am solo rekk. Bëgguñu woona yàq jur googu, waaye lu ca ñàkk solo mbaa mu yooy, aayal nañu ko, rey ko, ba mu jeex tàkk.

Sóol ñàkk na

10 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal Samiyel ne ko: 11 «Am naa naqar ci pal gi ma fal Sóol buur, ndaxte dëddu na ma, te deful li ma santaane.» Samiyel am ca njàqare lool, ba fanaanee tinu Aji Sax ji guddig keroog. 12 Ba bët setee mu teela jóg seeti Sóol, waaye ñu ne ko Sóol dem na dëkk ba ñuy wax Karmel, te defu fa lu moy yékkati am taax, terale ko boppam. Jóge na fa it, jàll ba Gilgal.
13 Ba Samiyel dikkee fekksi Sóol, Sóol ne ko: «Yal na la Aji Sax ji barkeel. Def naa la Aji Sax ji santaane!» 14 Samiyel ne ko: «Ana meem joojuy tàbbi sama nopp bii, lu mu doon? Ak looluy nàññ may dégg?»
15 Sóol ne ko: «Ca Amalegeen ña de lañu ko lële. Xarekat ya dañoo wacc la gën ca nag yaak gàtt ya, nar koo saraxalal sa Yàlla Aji Sax ji. Waaye rey nañu la ca des yépp de, aayal ko. 16 Samiyel ne Sóol: «Na doy! Dinaa la xamal li ma Aji Sax ji wax biig.» Sóol ne ko: «Waxal!» 17 Samiyel ne ko: «Fàttaliku ne yaa ne tekkiwuloo woon dara, te terewul nga doon njiital giiri Israyil; Aji Sax ji fal la, ngay buuru Israyil. 18 Mu yebal la, ne la: “Demal faagaagal mbooloom Amalegeen ñu bon ñi, ba ñu jeex. Xareel ak ñoom, rey léen, ba jeexal léen tàkk.” 19 Lu la tere woona déggal Aji Sax ji? Lu waral ngeen di sëxëtoo lël ji, di def lu neexul Aji Sax ji?»

---

[u]15.3 *aayal:* lu ñu masa aayal, duñu ko mana jëfandikoo lu dul ci liggéeyu Yàlla. Su naree dugg ci leneen lu dul liggéeyu Yàlla mbaa lu dëppoowul ak coobare Yàlla dees koy tas, yàqate ko. Su dee boroom bakkan dees koy rey.

[20] Sóol ne Samiyel: «Ndaxam déggal naa Aji Sax ji. Dox naa yoon wi
ma Aji Sax ji yebal, te faagaagal naa Amalegeen ñi, jàpp seen buur
Agag, indi. [21] Xarekat yi daal tànn nañu ca lël ja la gën ca nag yaak gàtt,
ya ñu aayalaloon Aji Sax ji, ngir nar koo saraxalal sa Yàlla Aji Sax ji ca
Gilgal.»
[22] Samiyel ne ko:
«Aji Sax ji bég na ci ˚saraxi gàtt yuy lakk ba jeex, ak yeneen sarax.
Waaye mbaa dees na wormaal kàddoom, mu bégati yee?
Ma ne, wormaal kàddoom a gën saraxalal ko;
dégg ndigal a raw sarxe nebbonu kuuy.
[23] Déggadee tollook bàkkaaru gisaane,
reewande neexook ñaawteefu bokkaale.
Yaa gàntal ndigalu Aji Sax ji,
Aji Sax ji gàntal sa nguur.»
[24] Sóol ne Samiyel: «Bàkkaar naa de! Ndax moy naa santaaneb Aji Sax
ji, gàntal say ndigal, ndax damaa ragaloon mbooloo mi, ba topp léen ci
seen coobare. [25] Léegi nag ngalla waay, baal ma sama bàkkaar bii te
ñëw nu dellu, ma màggali Aji Sax ji.» [26] Samiyel ne Sóol: «Duma ànd ak
yaw dellu, ndax dangaa gàntal kàddug Aji Sax ji, te Aji Sax ji gàntal na
sa nguur ci Israyil.»
[27] Naka la Samiyel ne wërëñ, di dem, Sóol jàpp ca catal mbubb ma,
ñoddi, mu ne foqet topp ko. [28] Samiyel ne ko: «Aji Sax ji foqatee na nii
tey nguurug Israyil ci say loxo, jox ko sa jegeñaale bu la gën. [29] Te
xamal ne Aji Nekk, ji ci Israyil ba fàww du tebbi kàddoom, te du deltu
gannaaw, ndax du nit bay deltu gannaaw.»
[30] Sóol dellu ne: «Bàkkaar naa moos, waaye ngalla waay sagal ma ci
kanam magi sama mbooloo ak ci kanam Israyil. Ñëwal nu ànd dellu, ma
màggali sa Yàlla Aji Sax ji.» [31] Ba loolu amee Samiyel ànd ak Sóol dellu.
Sóol màggali Aji Sax ji, sujjóotal ko.
[32] Gannaaw loolu Samiyel ne: «Indil-leen ma Agag, buuru Amalegeen
ñi.» Ba Agag dikkee ca moom, xel mu dal la àndal. Booba Agag a ngay
xalaat naan: «Ragalatuma ku ma rey moom, nde xanaa moos wees na!»
[33] Waaye Samiyel ne ko: «Sab saamar a xañ jigéen ay doomam daal? Sa
ndey dina ñàkke noonu doom ci biiri nawleem!» Noonu Samiyel rey
Agag fa kanam Aji Sax ji ca Gilgal.
[34] Ba mu ko defee Samiyel bàyyikoo fa, dellu Raama, Sóol dellu këram
ca Gibeya gu Sóol. [35] Ba ni Samiyel faatoo, seeteetul Sóol, waaye teewul
mu tiislu ay mbiram. Aji Sax ji it naqarlu na li mu fal Sóol, muy buuru
Israyil.

Yàlla fal na Daawuda

16 [1] Gannaaw ba loolu wéyee Aji Sax ji wax Samiyel ne ko: «Loo
deeti xaar ci dakkal sa tiis wi nga nekke ndax Sóol? Gannaaw

maa foq nguuram ci Israyil kay, duyal sa béjjén diwu oliw te tegu ci yoon wi. Maa ngi lay yebal kër Isayi mu Betleyem. Tànn naa ki may fal buur ci ay doomam yu góor.» [2] Samiyel ne ko: «Dama faa mana dem? Sóol da koy dégg, te kon mu rey ma.» Aji Sax ji ne ko: «Dangay yóbbaale wëllu, boo demee ne ko dangay saraxalalsi Aji Sax ji. [3] Su ko defee nga woo Isayi ca sarax sa. Dinaa la xamal li nga wara def. Nanga ma diwal ki ma lay won, te nga fal ko.»

[4] Samiyel def la Aji Sax ji wax. Ba mu agsee Betleyem, magi dëkk ba gatandu kook tiitaange ji réy ne ko: «Mbaa jàmm a la indi?» [5] Samiyel ne léen: «Jàmm la kay. Saraxalalsi Aji Sax ji moo ma indi. Sellaluleen te ànd ak man, nu dem ca sarax sa.» Ci kaw loolu mu sellal Isayi ak doomam yu góor, woo léen ca sarax sa.

[6] Ba ñu agsee, Samiyel gis Eliyab tey wax ci xelam naan: «Xam naa ne kii taxaw nii fi kanam Aji Sax ji, moom la Aji Sax ji tànn!» [7] Waaye Aji Sax ji ne Samiyel: «Bul xool ci melokaanu kii, mbaa jëmmam, ndax gàntal naa ko. Xooluma li nit di xool. Nit a ngi xool ci melokaanu biti, waaye man Aji Sax ji ci xol laay xool.» [8] Isayi daldi woo Abinadab, jaarloo ko fi kanam Samiyel. Samiyel ne: «Aji Sax ji tànnul kii ba tey de!» [9] Isayi jaarloo Simeya fi kanamam, Samiyel ne: «Aji Sax ji tànnul kii it.» [10] Noonu Isayi jaarloo juróom ñaari doomam yu góor fa kanam Samiyel, waaye Samiyel ne ko: «Aji Sax ji tànnul kenn ci ñii.»

[11] Samiyel ne Isayi: «Sa doom yu góor yépp a nekk nii?» Isayi ne ko: «Déedéet, des na ki gën di ndaw, waaye ma ngay sàmm gàtt ya.» Samiyel ne ko: «Woo ko, dunu bokk ndab te dikkul.» [12] Isayi yónnee, ñu indi ko. Ma nga def ku xees, rafet i bët, xar-kanam ba jekk. Aji Sax ji ne Samiyel: «Jógal diw ko, kii la.» [13] Samiyel fab béjjénu diw ba, diw ko fa kanam magam ña. Ba mu ko defee xelum Aji Sax ji wàcc ca kaw Daawuda, dale fa ànd ak moom bésub keroog. Ba loolu wéyee Samiyel dem dëkk ba ñu naan Raama.

Daawuda dugg na ca liggéeyu Sóol

[14] Ci kaw loolu xelum Aji Sax ji jóge ca Sóol, rab wu bon wu Aji Sax ji yebal jàpp ko, di ko sonal. [15] Ay dagi Sóol wax Sóol ne ko: «Lii kat rab wu bon la wu Yàlla yebal, mu di la sonal. [16] Nu ngi nii, jox nu ndigal rekk sang bi, nu wutali la ku mana xalam. Su ko defee bu la rab wu bon wi Yàlla yebal dikkalee, mu xalamal la, nga am jàmm.»

[17] Sóol ne dagam ya: «Ayca boog, wutalileen ma ku man xalam lool, indil ma ko.» [18] Kenn ca dag ya ne ko: «Ma ne, gis naa ab xale bu góor; doomi Isayi la mu Betleyem. Ku mana xalam la, di xarekat bu jàmbaare. Ku mane wax la te góorayiw, te it Aji Sax ji ànd naak moom.»

[19] Gannaaw loolu Sóol yónni ay ndaw ca Isayi ne ko: «Yónnee ma sa doom Daawuda, ma ca gàtt ya.» [20] Isayi takk mbaam, sëf ko mburu ak mbuusu biiñ ak ab tef, boole ko jox Daawuda, mu yót Sóol. [21] Daawuda

dem ca Sóol, daldi dugg ca liggéeyam. Sóol bëgg ko lool. Daawuda mujj
bokk ci ñi koy gàddul ngànnaayam. [22] Ci kaw loolu Sóol yónnee ca Isayi,
wax ko ne ko: «Bàyyil Daawuda mu di ma liggéeyal far, ndax am naa
mbégte ci moom.» [23] Noonu saa yu rab wa Yàlla yebal dikkalaan Sóol,
Daawuda fab xalam ga, di ko xalamal, ba Sóol féex, am jàmm; rab wu
bon wa bàyyi ko.

Golyaat dëkk na bànni Israyil

17 [1] Gannaaw ga waa Filisti daje bés, nara xare, ba booloo ca dëkk
ba ñu naan Soko ca diiwaanu Yuda. Ñu dal ca Efes-Damim
diggante Soko ak Aseka. [2] Sóol ànd ak xarekati Israyil booloo, dal ca
xuru Ela, jekkal seen taxawaayu xare, ngir jànkoonteek waa Filisti.
[3] Waa Filistee nga taxaw ci wii tund, bànni Israyil taxaw ca wee, xur wa
dox seen diggante.
[4] Ci biir loolu jàmbaari góor ju ñuy wax Golyaat[v] di waa Gaat, génne
ca dalub waa Filisti. Taxawaayam a nga xawa tollu ci ñetti meetar. [5] Ma
nga sol mbaxanam xànjar ak kiiraayal dënn, lu ñu liggéeye dogi xànjar
yu bindoo ni waasintóor, te diisaay ba tollook juróom benn fukki kilo.
[6] Yeneen kiiraayi xànjar yeewe ca yeel ya, mu gàlloo jaasiy xànjar.
[7] Bantu xeejam baa ngay saf mbaam mu ñuy ràbbe, diisaayu weñu xeej
ba xawa tollu ci juróom ñaari kilo. Kay gàddu pakkam a nga ca
kanamam, ñu jiitle.
[8] Golyaat taxaw janook mbooloom xarekati Israyil, àddu ca kaw ne
léen: «Ana lu waral seen taxawaayu xare bii? Dama dul waa Filisti, yéen
ngeen di surgay Sóol? Tànnleen kenn ci yéen, kuy ñëw nu xeex. [9] Su
manee xeex ba rey ma, nuy seeni jaam; waaye su ma ko manee ba rey
ko, yéena nuy nangul, di sunuy jaam.» [10] Waa Filisti ba teg ca ne léen:
«Maa dëkk mbooloom Israyil bés niki tey. Booleleen maak genn góor
rekk, nu xeex.» [11] Ba Sóol ak bànni Israyil yépp déggee loola waa Filisti
ba wax, jàq nañu, am tiitaange ju réy.

Daawuda def na jaloore

[12] Daawuda nag, góor googu dëkk Efrata ca Betleyem ga ca diiwaanu
Yuda, te tudd Isayi moo doon baayam. Isayi amoon na juróom ñetti
doom yu góor, te jamonoy Sóol fekk na muy mag, ba màggat lool.
[13] Ñetti doomi Isayi yu góor ya gën di mag ña nga ràngu woon, topp
Sóol ca xare ba. Taaw baa doon Eliyab, ka ca topp di Abinadab, ka ca
toppaat di Simeya. [14] Daawudaa ca gënoon di ndaw. Ñetti magam yooyu
ñoo toppoon Sóol, [15] waaye Daawuda da daan jaabante diggante dalub
Sóol ak Betleyem ga muy sàmme gàtti baayam.

---

[v] 17.4 *Golyaat:* am na ñu ko gëna xam ci turu Jalut.

[16] Noonu waa Filisti ba jàppoo ko ñeent fukki fan, subaak ngoon, mu
dikk taxaw janook ñoom. [17] Ci biir loolu Isayi wax doomam Daawuda ne
ko: «Ayca jëlal nattub mbool mii ak fukki mburu yii, yóbbul ko gaaw sa
mag ya ca dal ba. [18] Boole ci fukki dogi soow yii ñu wowal, boo demee,
sédd ko seen njiitu kureel. Seetal ma ndax sa mag yaa nga ci jàmm, te
nga dikk indil ma ci lu leer.» [19] Booba Sóol ak mbooloom Israyil ma
mépp a nga ca xuru Ela, di xeex ak waa Filisti.»
[20] Daawuda teela jóg ca ëllëg sa, wacce gàtt ya ku léen di wottu, daldi
sëf, tegu ca yoon wa, muy la ko Isayi sant. Naka la àgg ca dal ba,
yemook mbooloo may génn jëm fa ñu wara taxaw ngir xare, seen yuuxi
xare ya jibandoo. [21] Bànni Israyil ak waa Filisti, ku ci nekk a ngay jekkal
taxawaayu xareem janook sa moroom. [22] Ba loolu amee Daawuda bàyyi
yóbbante ba ca kay wottu seeni yëf. Mu daw ba fa ñuy xeexe, nuyook
magam ya. [23] Na muy wax ak ñoom, Golyaat jàmbaari waa Filisti bay
waa Gaat génne ca làngi waa Filisti. Ma ngay àddooti ca kaw di léen
dëkk, na woon, Daawuda dégg ca.
[24] Bànni Israyil gépp, ku ko ca gis daw, tiit lool. [25] Ña nga naan ca seen
biir: «Gis ngeen waa jee di ñëw; day dëkksi Israyil. Képp ku ko rey de,
Buur dina ko jox alal ju bare. Dina ko may doomam soxna it, te dina
beral loxo waa kër baayam ci digg Israyil.» [26] Daawuda laaj ña mu
dendal ne léen: «Ngeen ne ana lees di defal ku rey waa Filisti bii, ba faj
gàcce gii Israyil nekke? Ak kuy yéefaru waa Filisti bii sax, bay dëkk
mboolooy Yàlla jiy dund?» [27] Ñu dellu ca la ñu waxoon, ne moom lañuy
defal ku rey waa ja.
[28] Eliyab, ki gën di mag ci magi Daawuda ya, dégg Daawuda di wax ak
gaa ña. Mu mer lool ne ko: «Yaw sax lu la fi taxa ñëw? Ak koo wacce la
fay gàtt ak as néew ca àll ba? Xam naa la bu baax, ku réy ngise nga te
doo mébét njub ci sa xol bii. Seetaansi xare bi doŋŋ a la fi indi.»
[29] Daawuda ne ko: «Waaw, man lu ma def? Kenn du wax sax?» [30] Noonu
Daawuda walbatiku laaj keneen, tont la di lenn.
[31] Ci kaw loolu ñu dégg la ca Daawuda wax, daldi koy yegge Sóol. Sóol
woolu ko. [32] Daawuda dikk ne Sóol: «Bu kenn yoqi ndax waa Filisti bii,
sang bi. Man dinaa dem xeex ak moom.» [33] Sóol ne Daawuda: «Yaw!
Man ngaa xeex ak waa Filisti bii? Ngay gone, moom muy ñeyi xare, ba
muy ndaw ba tey.» [34] Daawuda ne Sóol: «Sang bi, ba may sàmm sama
gàtti baay, lu masaana dikk yóbbu ci ab gàtt, muy gaynde mbaa weneen
rabu àll wu aay, [35] dama koy topp, fàdd ko, ba nangoo gàtt ba ca
gémmiñam. Te bu ma songee, ma sëq, fàdd mu dee. [36] Rey naa gaynde,
rey naa weneen rabu àll wu aay, sang bi. Kon nag yéefaru Filisti bii day
bokk ak rab yooyu demin rekk, ndax moo tëkku mboolooy xarey Yàlla
jiy dund. [37] Aji Sax ji ma musal ca pàddum gaynde ak pàddum weneen
rabu àll wu aay dina ma musal ci loxol waa Filisti bii.» Sóol ne
Daawuda: «Demal boog te yal na Aji Sax ji ànd ak yaw.»

[38] Ba mu ko defee Sóol solal Daawuda mbubbum boppam, solal ko
mbaxanam xànjar, solal ko kiiraayal dënn. [39] Daawuda ràngoo saamarub
Sóol, mu tegu ca kaw mbubb ma. Noonu Daawuda jéem caa dox mu të,
ndax tàmmu ko. Mu ne Sóol: «Duma mana dem ak lii, ndax tàmmuma
ko,» daldi koy summi. [40] Ba loolu amee Daawuda jël yetam, tànn ca dex
ga juróomi doj yu rattax, yeb ko ca gafakag mbuus ma muy sàmme,
ŋàbb mbaqam, wuti waa Filisti ba. [41] Ci biir loolu waa Filisti ba jiital
kay gàddu pakkam, tey gëna jegesi, wutsi Daawuda. [42] Naka la waa
Filisti ba xoolaat, gisul lu moy xalelu góor bu ndaw, di lu xees te
góorayiw. Ma nga naan: «A cam!» [43] Mu ne Daawuda: «Xanaa ab xaj laa,
ba nga di ma jëlal i yet?» La ca tegu waa Filisti ba móolu ko ca turi
yàllaam [44] ne ko: «Ba nga dikk fii rekk, dinaa la def néew, jox njanaaw
yeek rabi àll yi, ñu yàpp.

[45] Daawuda ne waa Filisti ba: «Yaw de yaa may jëlal ab saamar ak xeej
ak jaasi, waaye man li may xeexeek yaw mooy turu Aji Sax jiy Boroom
gàngoori xare yi, di Yàllay mboolooy xarey Israyil, mi nga tëkku.
[46] Bésub tey jii Aji Sax ji dina la teg ci samay loxo. Dinaa la rey, dog sa
bopp. Tey jii laay def mbooloom waa Filisti ay néew, njanaaw yeek rabi
àll yi yàpp. Su ko defee àddina wërngal këpp xam ne Israyil am na
Yàlla. [47] Te itam mboolem ñii fi daje dinañu xam ne du saamar mbaa
xeej la Aji Sax jiy musalee, ndax Aji Sax jeey boroom xare bi, te dina
leen teg ci sunuy loxo.» [48] Ci kaw loolu waa Filisti ba jógeeti fa mu
taxaw, wutsi Daawuda di ko songi; Daawuda daw bu gaaw ca toolu xare
ba, wuti Golyaat. [49] Mu daldi yoor loxoom ca mbuusam, jël ca aw doj,
rattax ko waa Filisti ba ci jë, doj wa sar ca biir. Mu ne jànjaŋ, kanam ga
dëppu fa suuf. [50] Noonu Daawuda daan waa Filisti ba, te dóorewu ko lu
moy mbaq ak u doj, nërmeel ko. Daawuda rey na waa Filisti ba, te du
saamar bu mu yor ci loxoom.

[51] Daawuda nag daw ba ca waa Filisti ba, tiim ko, jàpp ca saamaram,
boccee ko ca mbar ma, jekkali ko ba noppi, dog bopp ba. Waa Filisti ya
gis ne seen jàmbaar dee na, ñu ne wërëñ, ne wëqét. [52] Ba loolu amee
mbooloom Israyil ak Yuda àddu ca kaw, riirandoo, dàqi waa Filisti ya,
ba jub Gaat[w], ba ca bunti Ekkron. Néewi waa Filisti ne wetar ca yoonu
Saarayim ba Gaat, ba ca Ekkron. [53] Ba bànni Israyil dàqee waa Filisti ba
dëpp, dañoo lël seen dal ba. [54] Daawuda jël boppu Golyaat waa Filisti
ba, yóbbu Yerusalem, fab gànnaayi waa ja, fat ca xaymab boppam.

[55] Ba Sóol gisee Daawuda, mu wuti waa Filisti ba, da ne Abner, njiital
mbooloom xareem: «Waaw, Abner, xale bii doomi kan a?» Abner ne ko:
«Buur, giñ naa, nga fekke, xawma doomu kan la.» [56] Buur ne ko: «Kon
laajteel, ba xam xale bu góor bii doomi kan la.» [57] Naka la Daawuda rey
waa Filisti ba, ba dikk, Abner indi ko ba ca Sóol. Daawudaa nga ŋàbb

---

[w]**17.52** Fii ñu ne *Gaat* am na ñu ne Gaay la. Muy tekki aw xur ci làkku ebrë.

boppu waa Filisti ba, ba tey. [58] Sóol ne ko: «Gone gii, yaay doomi kan?»
Daawuda ne ko: «Doomi Isayi laa, sa surga ba ca Betleyem.»

Yonatan fas na kóllëreek Daawuda

18 [1] Noonu Daawuda di wax ak Sóol, waaye ba muy noppi fekk na
xolub Yonatan doomi Sóol ne napp ci Daawuda. Yonatan da
koo sopp ni boppam. [2] Sóol nag téye Daawuda ca wetam bésub keroog,
bàyyeetu ko mu ñibbi kër baayam. [3] Ba loolu amee Yonatan fasanteek
Daawuda ˚kóllëre, ndax sopp ko ni boppam. [4] Ci kaw loolu Yonatan
summi mbubb ma mu soloon, jox ko Daawuda, boole ca ay yérey
xareem, ba ca saamaram ak fittam ak ngañaayam sax. [5] Daawuda nag di
dox mboolem lu ko Sóol yónni, di ca am ndam, ba Sóol mujj ko teg ca
boppu xarekat ya, mu jiite léen. Loolu neex mbooloo ma mépp ba ca
jawriñi Sóol ya.

Sóol a ngay fexeel Daawuda

[6] Ba ñu demee ba xarekat yay ñibbi, gannaaw ba Daawuda reyee waa
Filisti ba, jigéeni mboolem dëkki bànni Israyil a génn gatanduji Buur
Sóol, di fecc ak a woy. Tabala yaak xalam ya jib, sarxolle ya jolli. [7] Ña
ngay fecc, di woy naan:

Sóol a duma junniy noon,
Daawuda daane fukki junni.

[8] Sóol mer lool ndax naqar wu mu am ca woy woowu. Ma nga naan ca
xelam: «Moomale nañu Daawuda ay fukki junni, te moomalewuñu ma
lu moy junni! Lu ko deseeti lu moy jal bi? [9] Sóol nag dale ca bésub
keroog di xool Daawuda bëtu kañaan.
[10] Ca ëllëg sa aw rab wu bon wu Yàlla yebal ne Sóol taral, mu daanu ca
digg këram. Daawuda di ko xalamal, na mu daan def naka-jekk. Sóol a
nga ŋàbb ab xeej. [11] Mu jekki-jekki sànni xeej ba, te naan ca xelam:
«Dinaa tas Daawuda léegi ci tabax bi!» Waaye Daawuda moytu saanam,
ba muy ñaari yoon.
[12] Ci kaw loolu Sóol ragal Daawuda, ndax la Aji Sax jiànd ak
Daawuda, wacc ko. [13] Loolu waral mu yebal Daawuda, sorele ko
boppam, fal ko mu jiite kureelu junniy xarekat, di jiite xarekat ya ca
seeni xare. [14] Daawuda di am ndam ca lépp lu mu def, ndax Aji Sax ji
daa àndoon ak moom. [15] Ba Sóol gisee ndam lu réy la Daawuda am, mu
gënatee am tiitaange ca moom. [16] Waaye terewul mboolem Israyil ak
Yuda sopp Daawuda, ngir moo léen doon jiite ca seeni xare.

Daawuda jël na doomi Sóol soxna

[17] Ba mu ko defee Sóol ne Daawuda: «Xoolal, Merab, sama taaw bu
jigéen a ngii. Dinaa la ko may soxna ndegam nangul nga ma, di
jàmbaar, tey xareel Aji Sax ji ay xareem.» Booba Sóol a nga naan ca

xelam: «Du sama loxoo koy laal mukk, naa ko wacc ci loxoy waa Filisti rekk.»
18 Daawuda ne Sóol: «Waaw, ana lu ma tekki, man maak samay bokk ak sama waa kër baay ci Israyil, ba wara mana goroomlook Buur?»
19 Gannaaw loolu Merab doomi Sóol ja tollu ca ñu war koo jox Daawuda soxna, ñu jox ko Àddiryel, ma cosaanoo Mewola.
20 Ba loolu wéyee Mikal, doomu Sóol xool Daawuda bëtu mbëggeel, ñu wax ko Sóol, mu am ca mbégte. 21 Ma nga naan: «Dinaa ko ko may, ndax manees na jaare ci Mikal fiir ko, ba waa Filisti rey ko.» Ba loolu amee Sóol ne Daawuda: «Ñaareel bi yoon a ngii tey, nga mana doon samab goro.» 22 Ci biir loolu Sóol sant ay dagam ne léen: «Diisool-leen maak Daawuda, ngeen wax ko ne ko: “Yaw kat, Buur am na bànneex ci yaw, te it dagam yépp sopp nañu la. Kon tee ngaa nangoo doon gorob Buur?”» 23 Dagi Sóol ya dem ca Daawuda, déey ko kàddu yooyu. Daawuda ne léen: «Dangeena defe ne doon gorob buur noonu rekk la. Man mii taqul dara, tekkiwuma dara!» 24 Dagi Sóol ya dem yegge Sóol la Daawuda wax.
25 Sóol ne léen: «Waxleen Daawuda ne ko, Buur de laajul ub can: xanaa téeméeri mbuñukay waa Filisti yu mu feyoo ca ñoom ñay noonam.» Booba la Sóol laloon mooy pexe mu waa Filisti reye Daawuda. 26 Noonu dag ya yegge Daawuda kàddu yooya; mbir ma neex ko, mu ne nangu na sasoo loolu, ba doon gorob buur. Balaa àpp baa mat, 27 Daawudaak i nitam dem nañu reyi ñaar téeméeri waa Filisti; Daawuda indil Buur seeni mbuñuka. Ñu waññal ko Buur ba mu mat sëkk, ba Daawuda yeyoo doon gorob Buur. Ba mu ko defee Sóol may Daawuda doomam Mikal.
28 Sóol nag xam xéll ne Aji Sax jee ànd ak Daawuda, te it doomam Mikal bëgg na ko. 29 Sóol gënati koo ragal, ba noonoo ko fàww.
30 Gannaaw gi kilifay xarekati waa Filisti noppiwuñoo xareek Israyil, waaye saa yu ñu tase waan, Daawuda ëpp ndam ca mboolem njiiti xarey Sóol, ba mujj Daawuda am u tur lool.

Yonatan taxawu na Daawuda

19 1 Ba mu ko defee Sóol xamal Yonatan, doomam ju góor, xamal it dagam yépp ne nar na reylu Daawuda. Waaye Yonatan doomi Sóol di ku am cofeel ca Daawuda. 2 Loolu tax mu yégal ko ne ko: «Sama baay Sóol mu ngi lay wuta rey. Kon nag fagarul kat te teela xëy ëllëg, làquji bérab te baña génn. 3 Man dinaa dem ca sama baay, nu bokk taxaw ca tool ba ngay làquji, man ci sama bopp dinaa wax ak sama baay ci say mbir; te lu ma ci leer dinaa la ko wax.» 4 Ci kaw loolu Yonatan wax baayam Sóol lu baax ci Daawuda ne ko: «Buur, ngalla bul tooñ Daawuda, sa jaam bii, ndax moom kat tooñu la, te amal na la njariñ lool. 5 Jaay na bakkanam, ba rey waa Filisti ba. Aji Sax ji jaare ca, amal Israyil gépp ndam lu réy, nga teg ci sa bët, am ca mbégte. Ana lu

waral ngay tooñ jaamburu Yàlla bu mel ni Daawuda, di tuur deretam ci dara?» [6] Ba loolu amee Sóol déggal Yonatan, daldi ne: «Giñ naa ko ci Aji Sax jiy dund, deesul rey Daawuda.» [7] Yonatan woo Daawuda, nettali ko waxtaan wa wépp, yóbbu ko ca Sóol, mu dellu di ko liggéeyal, na woon.

Mikal xettali na Daawuda

[8] Ci kaw loolu xare ba jibaat, Daawuda dem xeexi ak waa Filisti, daan léen jéll bu réy, ba dàq léen, ñu won ko gannaaw. [9] Ci biir loolu rab wu bon wu Aji Sax ji yebal jàpp Sóol, fekk mu toog ci biir këram, ŋàbb ab xeej. Daawudaa ngay xalam, [10] Sóol di ko fexee jam xeejam, ngir tas ko ca tabax ba, waaye Daawuda moyu, mu jam xeej ba ca tabax ba, ba mu sampu. Daawuda nag fexee daw, ba raw guddig keroog.

[11] Sóol yebal ay ndaw ca kër Daawuda ngir ñu xoolal ko ko; bu bët setee ñu man koo rey. Waaye Mikal, soxnas Daawuda, yégal ko Daawuda ne ko: «Soo dawul sa xélu bakkan ci guddi gi de, bu ëllëgee dees na la rey.» [12] Noonu Mikal jaarale ko ca palanteeru néeg ba, yoor ko, mu wàcc, daw, ba raw. [13] Mikal jël jëmmi xërëm, tëral ko ca lal ba, fab deru bëy, teg fa féeteek bopp ba, daldi koy sànge malaan ma. [14] Sóol yebal ay ndaw yu jàppsi Daawuda, Mikal ne: «Daawuda de daa wopp.» [15] Ci kaw loolu Sóol wax ndaw ya, ñu dellu ca Daawuda ba gis ko. Mu ne léen: «Indileen ko fii, boole kook lal ba, ba fi man, ma rey ko!» [16] Naka la ndaw ya dikkaat ba dugg ca biir, gisuñu ca lal ba lu moy jëmmi xërëm, ak deru bëy ba féeteek bopp ba. [17] Sóol ne Mikal: «Ana lu waral nga wor ma nii, di bàyyi sama noon mu rëcc?» Mikal ne ko: «Moom moo ma ne: “Bàyyi ma, ma daw, mbaa ma rey la!”»

Sóol toppi na Daawuda ca Nayot

[18] Ba Daawuda dawee ba raw, daa fekki Samiyel ca Raama, wax ko la ko Sóol def lépp. Noonu mu ànd ak Samiyel, toogi Nayot. [19] Ñu yegge ko Sóol ne ko: «Daawuda de, ma nga Nayot ca dëkk ba ñuy wax Raama.» [20] Sóol yónni fa ay nit ngir ñu jàpp ko. Nit ña dikk, yem ca mbooloom yonent yuy waxyu, Samiyel jiite léen. Xelum Yàlla ma daldi wàcc ca niti Sóol ña, ñoom itam ñuy waxyu. [21] Ba mu ko defee ñu wax Sóol la xew, mu dellu yebal ñeneen, ñooña it di waxyu. Sóol delluwaat yónni ay ndaw, muy ñetti yoon, ñooña it di waxyu. [22] Mu fabul boppam, jëm Raama, dem ba àgg ca kàmb gu mag ga ca Seeku. Mu laajte ne: «Ana fu Samiyel ak Daawuda nekk?» Ñu ne ko: «Ña nga ca Nayot ca Raama.»

[23] Sóol jubal yoonu Nayot ca Raama. Waaye xelum Yàlla wàcc ca kawam moom itam. Ma ngay dox, di dox, boole kook di waxyu ba àgg Nayot ca Raama. [24] Ci kaw loolu mu summiy mbubbam moom it, di waxyu fa kanam Samiyel, daldi ne làndaŋ, ne duŋŋ, yendoo ko bésub keroog, fanaanoo ko. Looloo waral ñu naan: «Moo Sóol it ci yonent yi laa?»

Yonatan wallu na Daawuda

20 [1] Gannaaw ga Daawuda dawe Nayot, foofa ca Raama, dem ca
Yonatan ne ko: «Ana lu ma def man, ndax damaa def njekkar,
am damaa tooñ sa baay, ba muy fexee jël sama bakkan?» [2] Yonatan ne
ko: «Yàlla tere kay, deesu la rey mukk! Déglul, du lenn lu sama baay
masa mébét te dénku ma ko, du lu réy, du lu tuut. Kon xanaa sama baay
du ma nëbb lii tey? Loolu amul!» [3] Daawuda ne ko: «Dinaa la ko giñal,
sa baay xam na xéll ne aw yiw nga ma yéene; xam naa da ne: “Bu ko
Yonatan yég mukk, nde kon dina am naqar.” Waaye ak sama digganteek
Aji Sax jiy dund, nga fekke tey: ab jéego sax doxul sama digganteek
dee.» [4] Yonatan ne Daawuda: «Ana loo bëgg ma defal la rekk, ma defal
la ko.»

[5] Daawuda ne ko: «Xanaa lenn. Ëllëg la màggalug terutel weer wi, te
man, war naa bokk ak Buur reer. Waaye may ma, ma làquji ca àll ba, ag
ngoon. [6] Su sa baay seetloo ba seetlu ne teewuma rekk, nga wax ko ne
ko: “Daawuda dév da maa tinoo tinu ne, ma yiwi ko, mu ne coww ba
Betleyem ga mu fekk baax, ndax daa am sarax su fa seen bokk yépp di
amal at mu nekk.” [7] Su nee baax na, sama jàmm la, waaye dév sang bi,
bu ma meree ba mere ma de, xamal ne nar na lore. [8] Su boobaa nag
sang bi, yéwéne ma rekk sang bi, ngir ˚kóllëre gi nga ma ji, fasante kook
man fi kanam Aji Sax ji. Waaye ndegam damaa tooñ, rey ma yaw ci sa
bopp, jarul nga di ma yóbbu ca sa baay.» [9] Yonatan ne ko: «Yàlla tere.
Te su ma yégoon ci lu wér lor wu la sama baay naral, na la wóor ne
dinaa la ko xamal.» [10] Daawuda ne Yonatan: «Su la sa baay tontoo kàddu
yu ñagas, ana ku ma koy xamal?» [11] Yonatan ne Daawuda: «Kaay nu
dem ba ca àll ba.» Ñu ànd ñoom ñaar ba ca àll ba.

[12] Gannaaw loolu Yonatan ne Daawuda: «Giñ naa ci Aji Sax ji, di
Yàllay Israyil, dinaa seetlu sama baay nëgëni sii gannaaw ëllëg. Su la
naralee jàmm, yaw Daawuda, dinaa yónnee ca yaw ku la ko déey.
[13] Waaye su la sama baay naree lor dév, yal na ma Aji Sax ji def lu ko
raw, ndegam déeyuma la ko, ba rawale la ci jàmm. Yal na Aji Sax ji ànd
ak yaw, na mu ànde woon ak saa baay. [14] Ngalla nag royal ci Aji Sax ji,
yéwéne ma, su may dund. Su ma deeyee nag, [15] bul noppee yéwéne
samay bokk mukk, ba keroog bu Aji Sax ji faatee say noon sax, yaw
Daawuda, ba kenn desul fi kaw suuf.» [16] Noonu la Yonatan fase kóllëre
digganteem ak waa kër Daawuda, ne: «Yal na Aji Sax ji topp nooni
Daawuda.»

[17] Ba mu ko defee Yonatan dellu giñloo Daawuda, ndax sopp gu mu ko
sopp ni boppam. [18] Yonatan dellu ne ko: «Ëllëg ci màggalu terutel weer
wi, dees na nemmiku ne, wuute nga ndax sa toogu ba day wéet. [19] Kon
bu gannaaw ëllëgee defal lu gaaw, dem fa nga làqu woon keroog ba
mbir mi amee; nanga négandiku ca wetu doju Gindikaay wa. [20] Man

dinaa sànni ñetti fitt ca wet ga, mu mel ni daa am lu may diir. 21 Su ko
defee duma def lu moy yebal ndaw ne ko: “Demal seeti fitt ya.” Su ma
waxee ndaw la ci lu leer ne ko: “Ée! Xoolal fitt yaa nga noonu dendeek
yaw ca sa gannaaw, foral indi fii,” su boobaa dikkal, ndax sa jàmm lay
doon, te giñ naa ci Aji Sax jiy dund, dara du la dal. 22 Waaye su ma
waxee ndaw li ne ko: “Xoolal, fitt yaa nga noonu ca walla,” demal rekk,
ndax kon Aji Sax ji yebal na la. 23 Mbir moomu nu digoo, maak yaw nag,
dama ne, Aji Sax jee ciy sunu seede sama digganteek yaw ba fàww.»
24 Daawuda daldi làqu ca àll ba. Ba màggalu terutel weer wa jotee,
Buur toog di reer. 25 Ma nga toog, sës ca tabax ba, na mu ko daan defe
naka-jekk. Yonatan taxaw, Abner toog, feggook Sóol. Waaye toogub
Daawuda ba wéet. 26 Sóol waxul dara bésub keroog, ndax booba ma nga
naan ca xelam: «Jombul mu am lu ko dikkal ba tax setul; xam naa daa
setul rekk.» 27 Ca ëllëg sa, di ñaareelu bésu terutel weer wa, toogub
Daawuda ba wéet ba tey. Sóol nag ne doomam Yonatan: «Waaw, lu
waral doomi Isayi ji reersiwul démb ak tey?» 28 Yonatan ne Sóol:
«Daawuda de da maa tinoo tinu ne ma, ma yiwi ko mu dem Betleyem.
29 Daf ma ne: “Ngalla may ma, ma dem, ndax samay bokk dañuy saraxal
ca dëkk ba, te sama mag da maa santoon, ma teeweji ko. Kon jéggal ma
rekk, ma seeti saay bokk.” Looloo waral reersiwul ci yaw, Buur.»
30 Noonu xolub Sóol jóg ba fees, mu sàmbaar ca kaw Yonatan ne ko:
«Doomi kasara ju të ndey ji nga doon! Xanaa xawma ne dangaa far ak
doomi Isayi ji? Waaye sa gàcce lay doon, di sa gàcceg kanamu ndey;
31 ngir li feek doomi Isayi jiy dund fi kaw suuf, du yaay dëju mbaa sag
pal di taxaw. Doxal yónnee, ñu indil ma ko, ndax moom aji dee la!»
32 Yonatan ne baayam: «Lu tax muy dee? Ana lu mu def?» 33 Sóol daldi
ne ko xërr xeej ba, nar koo rey. Yonatan xam ne baayam dogu na rey
Daawuda. 34 Mu ne bëret jóge ca ndab la, xol ba fees dell; lekkul dara
keroog ñaareelu bésu màggal ba, ndax tiis wu mu am ca na baayam
toroxale Daawuda.
35 Ba bët setee Yonatan dem ca àll ba, ca la mu yégoo woon ak
Daawuda. Ma nga ànd ak xalelu góor bu ndaw. 36 Mu ne xaleem ba:
«Dawal te foral ma fitt yi may sànni.» Xale ba daw, mu soqi ag fitt, mu
jiitu ko. 37 Xalelu góor ba agsi fa fittu Yonatan ga dal, Yonatan dellu ne
ko: «Ée! Fitt gi nekkul nee ca wàlla?» 38 Mu waxati ko ca kaw ne ko:
«Ayca waay, gaawal gaaw, bul taxaw!» Xale ba for fitt ya, dellu ca
njaatigeem Yonatan. 39 Xale bu góor ba xamu ca dara, Yonatan ak
Daawuda rekk a xam lu mbir ma wund. 40 Yonatan nag jox xale bu góor
ba ay gànnaayam, ne ko: «Dawal dellu dëkk ba, te delloo gànnaay yii.»
41 Xale bu góor ba dem, Daawuda génne fa mu làqu woon ca wet ga
féete bëj-saalum, daldi sujjóotal Yonatan ñetti yoon, dëpp jëëm fa suuf;
ku nekk taf sa moroom ci sa bopp, ñu jooyoo; Daawuda sax moo gëna
jooyati. 42 Yonatan ne Daawuda: «Demal ak jàmm, gannaaw ku nekk ci

nun giñoo naak moroomam ci Aji Sax ji ne: “Na Aji Sax ji seede sama digganteek yaw ak sama diggante askan ak sa askan ba fàww.”»

21 [1] Ba mu ko defee Daawuda dem, Yonatan dellu ca dëkk ba.

Daawuda dem na ca Ayimeleg

[2] Gannaaw ba loolu wéyee Daawuda dem dëkk ba ñuy wax Nobb ca Ayimeleg saraxalkat ba. Ayimeleg gatandu ko, di lox, ne ko: «Lu la taxa ñëw yaw kenn, te kenn àndul ak yaw?» [3] Daawuda ne Ayimeleg saraxalkat ba: «Buur dafa am lu mu ma sant ne ma: “Bu kenn xam lenn ci li ma la yónni, ak li ma la sant.” Te samay nit laa wara dajeel bérab. [4] Loo fi am nii? Su doon juróomi mburu sax, nga may ma, mbaa lu fi jàppandi rekk!» [5] Saraxalkat ba ne Daawuda: «Awma fi mburum neen de, waaye mburu mu ñu sellal a ngi fi. Na fekk nag sa nit ñi gëja ànd ak jigéen.» [6] Daawuda ne saraxalkat ba: «Jigéen kay àndunook moom nde dees nu ko aaye ci aw yoon naka-jekk. Te it su may xareji, samay xarekat dañuy sellalu. Su yónnent bi laajul woon sellal sax, nun nu ngi sellalu, astamaak bi mu laajee sellal tey.» [7] Noonu saraxalkat ba jox ko mburu ma ñu sellal, ndaxte mburu amu fa woon, lu moy ˚mburu ma teewoon ci Aji Sax ji, te ñu jotoon ko faa jële, ba wuutal fa mburu mu bees.

[8] Fekk na keroog am na jawriñu Sóol bu fa nekkoon, te yitte yu mu warlook Aji Sax ji téye ko fa. Ma nga tudd Doweg, dib Edomeen, te di njiital sàmmi Sóol.

[9] Daawuda ne Ayimeleg: «Dencoo fi ab xeej mbaa saamar bu jàppandee? Ndax du saamar, du lenn ci samay gànnaay lu ma indaale, ngir yónnentu Buur daa jampoon lool.» [10] Saraxalkat ba ne ko: «Xanaa saamarub Golyaat, waa Filisti ba nga reyoon ca xuru Ela. Xoolal, ma nga nee laxase ca ndimo la, ca gannaaw ˚xar-sànni ma. Soo ko bëggee, jëlal, boobu rekk a fi ne.» Daawuda ne ko: «Aa! Boobu kay amul moroom, jox ma ko.»

Daawuda nax na léen

[11] Gannaaw loolu Daawuda fabu bésub keroog, di daw Sóol, dem ba ca Akis, buuru Gaat. [12] Jawriñi Akis ya wax Akis ne ko: «Xanaa kii du Daawuda, boroom réew mi? Du kii a di boroom woy wa jigéen ña booleek um pecc, naan:

“Sóol a duma junniy noon,
Daawuda daane fukki junni”?»

[13] Daawuda am nu mu dégge kàddu yooyu, ba tax mu ragal lool Akis, buuru Gaat. [14] Noonu muy def yëfi ku teqalikook sagoom ca seen kanam, di wéradi-wéradilu ca seen biir, di bindantu ca bunt ya ak a yuut, muy rogalaat ca kawaru sikkim ba. [15] Akis ne jawriñam ya: «Yéen xam ngeen ne kii ab dof la; ana lu ngeen ma koy indil doye? [16] Damaa

ñàkk ay dof ba ngeen di ma yokkal lii, muy def yëfi dof fi sama kanam? Lu lii di wut sama biir kër?»

Daawuda jiite na gàngoor

22 [1] Ba loolu amee Daawuda jóge Gaat, dem làquji ca biir xuntim
Adulam. Magam yaak waa kër baayam ya yég ko, daldi ko fay
fekki. [2] Mboolem ña nekkoon ci njàqare it ak ña bor jiital ak ña am lu
léen naqari, ñoom ñépp dem dajeji fa Daawuda, mu doon seen njiit.
Noonu lu wara tollook ñeenti téeméeri nit ànd ak moom. [3] Daawuda
bàyyikoo fa dem Mispa, ga ca diiwaanu Mowab. Mu wax buuru Mowab
ne ko: «Rikk may ma, sama ndey ak sama baay dikk toog fi yaw, ba ma
xam lu Yàlla namm ci man.» [4] Gannaaw gi Daawuda yóbbu waajuram
ya ca buuru Mowab, ñu toog fa mboolem diir ba mu nekkee ca rawtu bu
làqu ba. [5] Yonent Yàlla Gàdd ne Daawuda: «Bul toog fii nga làqu. Demal
réewu Yuda.» Daawuda bàyyikoo ca, dem ca gottu Eret.

Sóol rey na saraxalkati waa Nobb

[6] Ci biir loolu Sóol dégg ne gis nañu Daawuda ak ña mu àndal. Ma nga
fekk Sóol toog ca ker garabu tamaris, ga ca Gibeya ca kaw tund wa. Mu
ŋàbb xeejam, jawriñam yépp taxaw wër ko. [7] Sóol wax ak jawriñam yi
taxaw wër ko, ne léen: «Yéen bokki Beñamin, dégluleen! Ndax defe
ngeen ne doomi Isayi jee leen di jox ay tool ak i tóokëri reseñ, yéen
ñépp, mbaa mu fal leen, ngeen di njiiti kureeli junniy xarekat ak njiiti
kureeli téeméer? [8] Xanaa looloo waral ngeen mànkoo yéen ñépp, di ma
fexeel? Du kenn ci yéen sax ku ma yégal ne sama doom fasante na
ˀkóllëreek doomi Isayi. Du kenn ci yéen ku ma xalaat mbaa mu artu ma
boog ne ma, sama doom a ngi xabtal sama surga Daawuda ci sama kaw,
ba mu di ma tëru nii tey!»
[9] Fekk na Doweg, Edomeen baa nga bokk taxaw ak jawriñi Sóol ya.
Doweg ne Sóol: «Gis naa doomi Isayi ja, mu dikk dëkk ba ñuy wax Nobb
ca Ayimeleg, mi Ayitub di baayam. [10] Ayimeleg seetal na ko ci Aji Sax ji,
may na ko mu lekk, te jox na ko saamarub Golyaat waa Filisti ba.»
[11] Buur woolu Ayimeleg, saraxalkat, ba Ayitub di baayam, mook
mboolem bokki baayam ya doon saraxalkati Nobb googu; ñu bokk dikk
ca Buur, ñoom ñépp. [12] Buur ne: «Yaw doomi Ayitub, déglu ma fii!» Mu
ne ko: «Maa ngi lay dégg, sang bi.» [13] Sóol ne ko: «Li nga ma def nag, di
ma fexeel, yaak doomi Isayi ji, di ko may mu lekk, jox kob saamar,
seetal ko ci Yàlla, ba muy fippu, di ma tëru nii tey?»
[14] Ayimeleg ne Buur: «Ana sa surga yii ba ñu daj, ku la nangule ni
Daawuda mii, di sa goro, yaw Buur, jiite sa kureelu wottukat yi, ñu
nawloo ko lool ci sa biir ëtt bii? [15] Ndax keroog laa ko jëkka seetal ci
Yàlla? Yàlla buma la fexeel! Dëgg waay, Buur sama sang, bu ma
tuumaal maak kenn ci sama waa kër baay, ndax kat sang bi, du lenn lu

ma xam ci mii mbir.» [16] Buur ne ko: «Dees na la rey moos yaw Ayimeleg, yaak sa waa kër baay yépp.» [17] Ba mu ko defee Buur ne wottukatam ya ko dar: «Ayca, reyleen saraxalkati Aji Sax jii, gannaaw ñoom it dañoo far ak Daawuda. Yégoon nañu ne mu ngi daw te xamaluñu ma ko.» Wottukati buur ya nag baña xàcci seen loxo jëme ca saraxalkati Aji Sax ja. [18] Buur ne Doweg: «Ayca yaw, fàddal saraxalkat yii!» Doweg Edomeen ba fàdd saraxalkat yi, ba rey bésub keroog juróom ñett fukki saraxalkat ak juróom (85), ku ci nekk di sol ˚xar-sànnim wëñ gu ëccu. [19] Mu teg ca rey mboolem waa Nobb, dëkku saraxalkat ya, saamar jaar ca kaw góor ak jigéen, boole ca gone ya, ba ca ñay nàmp ak nag yaak mbaam yaak gàtt ya.

[20] Teewul Abiyatar rawe ca, daw fekki Daawuda. Abiyatar mooy ku góor ka Ayimeleg di baayam, Ayimeleg, Ayitub ay baayam. [21] Mu wax Daawuda ne ko Sóol reylu na saraxalkati Aji Sax ja. [22] Daawuda ne Abiyatar: «Xamoon naa bésub keroog ne gannaaw Doweg Edomeen baa nga fa woon, du ñàkk moos mu nettali ko Sóol. Man mii maa gàddu sa bakkani waa kër baay gépp. [23] Waaye toogal fii ci man, te bul ragal dara. Ki lay wuta rey moo may wuta rey man itam. Soo nekkee fii ci man nag, mucc nga.

Daawuda xettali na waa Keyla

23 [1] Am na bés ñu wax Daawuda ne ko: «Waa Filisti de ña ngay xeex ak waa Keyla te ña ngay sëxëtoo peppum dàgga ya.
[2] Daawuda laaj Aji Sax ji ne ko: «Ndax ma dem xarejeek waa Filisti yii?» Aji Sax ji ne Daawuda: «Demal kay xareek waa Filisti, xettali waa Keyla.» [3] Niti Daawuda ne Daawuda: «Waaw, ndegam nu ngi ci tiitaange fii ci Yuda, ana nu nuy deme Keyla, di xareek mboolooy waa Filisti?»
[4] Daawuda dellu laaj Aji Sax ji, Aji Sax ji ne ko: «Doxal dem Keyla, ndax dinaa teg waa Filisti ci say loxo.» [5] Ba mu ko defee Daawudaànd ak i nitam dem Keyla, duma waa Filisti, yóbbu seenug jur, daan léen jéll bu réy-a-réy, daldi xettali waa Keyla.

[6] Ba Abiyatar mi Ayimeleg di baayam dawee fekki Daawuda ca Keyla, ma nga woon ak ˚xar-sànni ma[x].

[7] Ci kaw loolu ñu wax Sóol ne ko Daawuda dem na Keyla. Sóol ne: «Kon de Yàlla teg na ko ci samay loxo, ndax moo tëj boppam, ba mu duggee ci biir dëkk bu bunt yay tëje ràpp.» [8] Ba loolu amee Sóol woo mbooloom xareem mépp, ñu ànd dem Keyla, gawi fa Daawudaak i nitam. [9] Daawuda dégg ne Sóol a nga koy fexeel njekkar. Mu wax ak Abiyatar saraxalkat ba ne ko: «Indil xar-sànni mi[y].» [10] Noonu Daawuda ne: «Éy Aji Sax ji, yaw Yàllay Israyil sama Boroom, dégg naa déy, Sóol a

---

[x] **23.6** ***xar-sànni ma:*** dañu ko daan seete ci Aji Sax ji.

[y] **23.9** ***xar-sànni mi:*** seetal ci 23.6.

ngi waaja ñëw Keyla gii, tas-si dëkk bi ndax man. [11] Ndax kilifay Keyla
dinañu ma jàpp, jox ko? Boroom bi, ndax li ma dégg ñu naan Sóol a ngi
ñëw, dëgg la? Éy Aji Sax ji, Yàllay Israyil, sama Boroom, ngalla wax
ma!» Aji Sax ji ne: «Sóol dina ñëw.» [12] Daawuda ne ko: «Ndax kilifay
Keyla dinañu ma jàpp, maak samay nit, jox Sóol?» Aji Sax ji ne ko
“Waawaaw.” [13] Daawuda fabu mook i nitam, ñu tollu ci juróom benni
téeméer, daldi bàyyikoo Keyla, di dal fu nekk. Ñu wax Sóol ne ko
Daawuda dawe na Keyla, Sóol fomm yoonam.
[14] Ci kaw loolu Daawuda nekk ca xunti yu ruqe ya ca màndiŋ ma, toog
foofa ca tund, wa ca màndiŋu Siif. Sóol di ko seet bés bu nekk, waaye
Yàlla tegul Daawuda cay loxoom. [15] Gannaaw gi Daawuda yég ne Sóol
waajal na yoon wu mu ko nara reye; fekk Daawudaa nga fa mu nekkoon
ca Orsa ca màndiŋu Siif. [16] La ca topp Yonatan, doomi Sóol ju góor ja,
dem Orsa ca Daawuda, di ko ñaax ngir mu gëna dëgërloo Yàlla. [17] Mu ne
ko: «Bul ragal dara. Sama loxol baay Sóol du la laal. Yaw yaay doon
buuru Israyil, ma di sa bummi. Sama baay ci boppam xam na loolu.»
[18] Ci biir loolu ñu feddali seen ˚kóllëre ñoom ñaar fa kanam Aji Sax ji.
Daawuda des Orsa, Yonatan ñibbi këram.

Sóol topp na Daawuda

[19] Ba loolu amee waa Siif dem Gibeya ca Sóol ne ko: «Xanaa yégoo ne
Daawudaa nga ca sunu biir? Ma nga ca xunti yu ruqe ya ca Orsa, ca kaw
tundu Akila, fa féete màndiŋ ma bëj-saalum. [20] Kon Buur, saa yoo
bëggee ñëw rekk, ñëwal. Nun, sang bi, noo koy teg ci say loxo.» [21] Sóol
ne léen: «Yal na leen Aji Sax ji barkeel ndax yég ngeen ma.» [22] Léegi
demleen, xoolaat bu baax; xamleen fu mu jaare, ba gis bérab ba ak ku
ko fa gis, ndax xamal nañu ma ne ku ñor-a-ñor la. [23] Seetleen ba gis fa
mu mana làqu te dellusi fii ci man, indil ma lu leer. Su ko defee ma ànd
ak yéen, te su Daawuda nekkee ci gox bi, dinaa topp tànkam ci biir
˚làngi Yudeen ñi ba ñu daj.»
[24] Noonu waa Siif jiituji Sóol ca Siif. Fekk na Daawudaak i nitam a nga
woon ca joor ga ca màndiŋu Mawon, fa féete màndiŋ ma bëj-saalum.
[25] Sóol ak i nitam tàmbali koo seet. Ba ñu ko waxee Daawuda, mu dem
ba ca doj wa, làquji ca màndiŋu Mawon. Sóol yég ko, toppi ko ca biir
màndiŋu Mawon. [26] Sóol a nga ca kaw tund wa, di yéege gii wet,
Daawudaak i nitam mbartaloo wet ga ca des, gaawtu di wéy ngir rëcc
Sóol. Naka la Sóol ak mbooloom dem bay wër-ndombo Daawuda ak i
nitam, nar léena jàpp, [27] ndaw dikk ca Sóol ne ko: «Dikkal gaaw, waa
Filisti song nañu réew ma.» [28] Sóol bàyyi Daawuda, ma mu doon dàq,
ngir dem dajeek waa Filisti. Looloo waral turu bérab boobu di Sela-
Amalekot (mu firi doju Rawukaay).

Daawuda gën na Sóol

24 [1] Ci kaw loolu Daawuda bàyyikoo foofa, dali ca xunti mu ruqe
ma ca En-Ngedi. [2] Sóol xarejeek waa Filisti, ba ñëw rekk, ñu ne
ko: «Daawuda de, ma nga màndiŋu En-Ngedi.» [3] Sóol ànd ak ñetti junniy
xarekat yu mu tànne ci mboolem bànni Israyil, di rëbb Daawudaak i
nitam, ba jub tundi Sikket ya. [4] Mu dem ba tollook ngéddi xar yu
feggook yoon wa, am xunti nekk foofa, mu dugg ca biir di suturlu. Fekk
na Daawudaak i nitam a nga woon ca xunti ma, ca biir-a-biir.
[5] Ba mu ko defee àndandooy Daawuda ya déey Daawuda ne ko:
«Xoolal bésub tey jii la la Aji Sax ji doon wax, ba mu la nee: “Jàppal,
maa la tegal sab noon ci say loxo, def ko lu la neex.”» Daawuda yoot
ndànk, dagg lafu mbubbum Sóol te yégu ko. [6] Ba loolu amee fitu
Daawuda rëcc ndax la mu dagg lafu mbubbum Sóol. [7] Mu ne
àndandoom ya: «Yal na ma Aji Sax ji musal ci ruta rey sama sang, bi Aji
Sax ji fal, di yékkati sama loxo jëme ci moom, ndax Aji Sax ji moo ko
fal.» [8] Kàddu yooyu la Daawuda dànkaafoo nitam ña, tere léena dal ca
kaw Sóol, ba Sóol jóge ca xunti ma, dem.
[9] Daawuda nag génn xunti ma, ba noppi woo Sóol ne ko: «Éey, Buur
sama sang!» Sóol geesu; Daawuda sukk, sujjóot, dëpp jëëm fa suuf,
[10] daldi wax Sóol ne ko: «Lu waral ngay déggal nit ñi la naan: “Moytul,
Daawuda lu bon la la naral.” [11] Gis nga tey jii, yaw ci sa bopp, ni la Aji
Sax ji tege ci samay loxo ca biir xunti ma. Digal nañu ma ne ma, ma rey
la, waaye dama laa bàyyi. Dama ne duma yékkati sama loxo mukk jëm
ci yaw miy sama sang, ndax Aji Sax jee la fal. [12] Baay, xoolal, xoolal
rekk lii jóge ci sa mbubb; mu ngii ci sama loxo, ma dagge ko ci sa
mbubb te reyuma la. Xamal rekk te nangu ne defuma lu bon te
fippuwuma, tooñuma la it. Waaye yaw yaa ngi may rëbb, ngir jël sama
bakkan. [13] Yal na Aji Sax ji àtte sama digganteek yaw. Yal na ma Aji Sax
ji feyul ci yaw, waaye du sama loxoo lay laal. [14] Mooy lañu léeb bu yàgg
rekk ne: “Ku bon, mbon rekk.” Man nag sama loxo du la laal. [15] Te sax
Buur, yaw boroom Israyil, lu la taxa jóg di dàqe? Xaj bu dee bu mel ni
man, yées aw fel. [16] Aji Sax ji dina nu àtte, ba dogal li war sama
digganteek yaw. Yal na ma geesu rekk te taxawu ma. Yal na ma
xettaleek yaw, ba wàcce sama tuuma.»
[17] Ba Daawuda waxee Sóol kàddu yooyu, Sóol ne: «Ndaxam loolu sama
baatu doom Daawudaa de!» daldi ne yikkët jooy. [18] Mu ne Daawuda:
«Yaa am dëgg moos, ndax yaw defal nga ma njekk, man ma def la lu
bon! [19] Yaa ma wax njekk gi nga ma defal bésub tey; Aji Sax ji teg ma ci
say loxo, te reyuloo ma. [20] Ana kuy jekku noonam, wacc ko mu dem ak
jàmm? Yal na la Aji Sax ji fey bu baax li nga ma defal bésub tey jii.
[21] Xoolal, xam naa ne dinga doon buur moos, te dees na dëj nguuru
Israyil ci say loxo. [22] Waaye giñal ma ci Aji Sax ji ne doo fàllas sama

askan wi may wuutu, te doo raafal sama tur ci sama biir waa kër baay.»
[23] Ba mu ko defee Daawuda giñal Sóol loolu, Sóol ñibbi këram, Daawuda
ànd ak i nitam, dellu ca xunti mu ruqe ma.

Samiyel saay na

25 [1] Gannaaw ba loolu wéyee Samiyel faatu, Israyil gépp daje, dëj
ko, denc ko ca këram ca Raama. Daawuda nag fabu, wuti
màndiŋu Paran.

Nabal gàntal na Daawuda

[2] Jenn waay a nga woon ca dëkk ba ñuy wax Mawon. Amoon na alal
foofa ca dëkk ba ñuy wax Karmel, te barele woon na lool. Amoon na
ñetti junniy xar ak junniy bëy. Ma nga woon Karmel di watlu ay xaram.[z]
[3] Waa jaa nga tuddoon Nabal, soxnaam di Abigayil. Ndaw su amoon xel
la te taaru, waaye jëkkëram ja bokk ca giiru Kaleb di ku ñàng te soxor.
[4] Ci biir loolu Daawuda dégge ca màndiŋ ma ne Nabal a ngay watlu ay
xaram. [5] Mu yebal fukki xale yu góor ne léen: «Demleen ca Nabal ca
Karmel, ngeen jottali ko sama nuyoob jàmm. [6] Waxleen ko ne ko
Daawuda nee: "Fekkeel déwén te wér, yaak sa waa kër, te lépp lu bokk
ci yaw ànd ak wér. [7] Dégg naa ne watkati jur yaa nga ca seen liggéey
foofa ci yaw. Ba say sàmm dendeek nun, defunu léen dara lu bon. Diir
ba ñu toog Karmel yépp du lenn lu bokk ci ñoom lu ñu léen jëlal.
[8] Laajal rekk say surga, dinañu la ko wax. Kon ngalla yéwéneel ma sama
xale yu góor yii gannaaw dañoo yemook bésu mbégte te di say surga.
Ngalla baay, baaxe léen loo am, ñu bokk kook man Daawuda."»
[9] Noonu ndawi Daawuda ya dikk, jottali Nabal kàddu yooyu yépp ci
turu Daawuda. Ñuy négandiku. [10] Nabal ne léen: «Ana kuy Daawuda?
Kuy doomu Isayi sax? Jaam yu baree ngii tey di dawe ñoom ñépp ca
seeni sang. [11] Ana luy ndeyi may jël saab dund ak samam ndox, boole
kook yàppi jur, gi ma rendil samay watkati jur, di ko jox ñu ma xamul
fu ñu bàyyikoo?» [12] Ba loolu amee ndawi Daawuda ya walbatiku ñibbi.
Ba ñu dikkee yegge Daawuda kàddu yooyu yépp, [13] Mu ne gaayam ña:
«Ràngooleen seeni saamar, yéen ñépp.» Ñu ràngoo seeni saamar ñoom
ñépp, Daawuda ràngoo bosam. Lu tollook ñeenti téeméeri góor a ànd ak
Daawuda, ñaar téeméer des ca seeni denc.

Soxnas Nabal def nag muus

[14] Ci biir loolu kenn ca surga ya wax Abigayil, soxnas Nabal ne ko:
«Ãa, Daawuda yebal na ay ndaw yu jóge ca màndiŋ ma, di yóbbante
sunub sang ab nuyoom, waaye moom de da léena ñàkke kersa.
[15] Ndaxam nit ñooñu de baaxoon nañu ci nun lool. Soxorewuñu nu, te la

---

[z] **25.2** Xari waa penku dañuy bare kawar gu ñuy wat ak a ëcc, di ci defar ag wëñ.

nu nekk ca àll ba dend ak ñoom lépp du lenn lu ñu nu jëlal. [16] Ñoo doon
sunub kiiraay, feg nu guddi ak bëccëg, di nu aar la nu nekk ak ñoom
lépp di sàmm sunuy gàtt. [17] Léegi seetal, ba xam loo ci mana def, ndax
musibaa ngi yoot sunu sang, mook waa këram gépp. Moom nag dafa
naqari deret, ba maneesula wax ak moom.
[18] Ba mu ko defee Abigayil gaaw sàkk ñaar téeméeri mburu, ak ñaari
mbuusi biiñ, ak juróomi gàtt yu ñu defar, ak juróomi natti peppum
mbool, ak téeméeri danki reseñ yu wow, ak ñaar téeméeri danki figg,
boole ko sëf ci ay mbaam. [19] Mu ne ay surgaam: «Jiituleen ma, maa ngi
topp ci yéen.» Nabal jëkkër ja nag, ndaw sa waxu ko ci dara. [20] Naka la
ndaw sa dawal mbaamam, làqoo mbartalu tund wa, di wàcc ca xur wa,
ndeke Daawudaa nga ànd ak i nitam jëm ca moom; mu ne pemm ca
ñoom. [21] Fekk na Daawuda di wax bay daane ne: «Kasara de laa doon
wottoo mboolem alali nit kii ci màndiŋ mi, ba lennam réerul, ngir dama
koo ji njekk, mu fey ma lu bon. [22] Yal na ma Yàlla teg mbugal mu gëna
tar ndegam dinaa wacc kenn kuy góor ku bokk ci waa jii, bët di ko
sete.» [23] Abigayil séen Daawuda, daldi gaaw wàcc mbaam ma, sukkal ko,
dëpp jëwam fa suuf. [24] Naka la ne fëlëñ ca tànki Daawuda, ne ko: «Sang
bi, maay tegoo tooñ gi, man doŋŋ, di la siyaare tey ñaan, nga may ma,
ma wax la, nga dégg. Ngalla sang bi, déglul kàddu yi ma lay wax.
[25] Sang bi, bul déglu mukk Nabal mu bon mii. Tur a wuyu boroom, nde
Nabal la tudd, muy tekki ndof, te moom la nekke. Man nag sang bi,
gisuma woon nit ñi nga yebal, yaw sang bi. [26] Léegi nag sang bi, ak
sama digganteek Aji Sax jiy dund, nga fekke tey: gannaaw Aji Sax ji tere
na laa rotal bakkan, di feyul sa bopp, yal na say noon bokk ak Nabal mii
demin, ñook mboolem ku la nara lor, yaw sang bi. [27] Te it sang bi, sarica
bii laa la indil, di la ko siyaaree; nañu ko jox ñi topp ci yaw rekk, sama
sang. [28] Ngalla jéggal ma tooñ gi, man sab jaam, ndax bir na ne Aji Sax
ji dina defal sa askan nguur gu sax dàkk, sang bi, ngir xarey Aji Sax, ji
nga sasoo. Yal na njubadi tumuránke ci say jëf, sa giiru dund gépp. [29] Bu
ñu la doon dàq di la wuta rey sax yal na Aji Sax ji sa Yàlla wottu sa
bakkan, sang bi, boole ko ci limu bakkan yi wara dund. Waaye bakkan
bu la noonoo, yal na ko sànk ni doj wu mbaq sànni. [30] Keroog bu la Aji
Sax ji defalee mboolem lu baax la mu la dig, ba fal la, nga jiite Israyil
dév, sang bi, [31] du njàqare ju lay dikkal mukk di feesal sab xol, ndax doo
réccu loo doon rotale bakkan ci neen, mbaa loo doon feyul sa bopp,
sang bi. Rikk kilifa gi, bu la Aji Sax ji mayee ndam, nanga ma fàttaliku,
man sab jaam.»
[32] Daawuda wax Abigayil ne ko: «Cant ñeel na Aji Sax ji, Yàllay Israyil,
moom mi la yebal bésub tey jii, nga dajeek man. [33] Yal na sa xalaat bii
barkeel, te yaw it nga barkeel, ndax yaa ma teree rotal bakkan bésub
tey jii, di feyul sama loxol bopp. [34] Lu ko moy de, giñ naa ko ci Aji Sax ji
Yàllay Israyil jiy dund, moom mi tax loruma la, soo ma gaawewul

woon, dogale ma, du kenn kuy góor moos ku bokk ci Nabal, ku ñu doon wacc ba bët di ko sete.» [35] Noonu Daawuda nangoo ca loxol ndaw sa la mu ko indil ne ko: «Ñibbil ak jàmm ca sa kër. Dégg naa sa kàddu te nangul naa la.»

Nabal dee na; Daawuda dikk

[36] Ba mu ko defee Abigayil dellu ca Nabal, fekk ko ca biir kër ga. Ndeke Nabal a nga ca xawaare ju réy, mbete buur. Ma nga neex deret, màndi lool nag. Loolu tax Abigayil waxu ko dara ba bët set. [37] Ca suba sa Nabal giif, soxnaam sa wax ko la xew lépp, fit wa rëcc ca biir dënn ba, yaram wa dee goyy niw doj. [38] Ñu teg ca lu tollook fukki fan, Aji Sax ji fàdd Nabal, mu dee. [39] Ba Daawuda déggee ne Nabal dee na, da ne: «Cant ñeel na Aji Sax ji walla, moom mi ma àtteek Nabal mi ma sewal. Tere na ma, man jaamam, ma def lu bon, te moom Aji Sax ji walbati na mbonu Nabal, këpp ko ca kaw boppam.» Ba loolu amee Daawuda yónnee ca Abigayil, di ko labat. [40] Surgay Daawuda ya dem ca Abigayil ca Karmel, wax ko ne ko: «Daawudaa nu yónni fi yaw, ngir bëgg laa jël, ngay soxnaam.»

[41] Abigayil daldi sukk, dëpp jëëm fa suuf ne léen: «Ma ne, seenub jaam laa. Nangu naa leena jaamu, di raxas seeni tànk, yéen sama surgay sang ba.» [42] Ci kaw loolu Abigayil ne ñokket, war mbaamam, juróomi surgaam yu jigéen topp ca, mu ànd ak ndawi Daawuda ya,daldi dem, doon soxnaam.

[43] Daawuda jëloon na itam Ayinowam mu Yisreel, ñuy wujje. [44] Fekk na Sóol jël doomam ja ñuy wax Mikal te doonoon soxnas Daawuda, may ko Palti, waa Galim ba Layis di baayam.

Daawuda gënati na Sóol

26 [1] Gannaaw loolu waa Siif demaat ca Sóol ca Gibeya ne ko: «Xanaa yéguloo ne Daawudaa nga làqu ca tundu Akila, fa janook màndiŋ ma?» [2] Sóol dem ba ca màndiŋu Siif, ànd ak ñetti junniy ñeyi xarey Israyil, di fa rëbb Daawuda. [3] Ba mu ko defee, Sóol dal ca kaw tundu Akila, janook màndiŋ ma, ca wetu yoon wa. Daawuda nag toog ca màndiŋ ma. Ba Daawuda xamee ne Sóol toppsi na ko foofa, [4] daa yónni ay ndaw yu ko nemmikujil, ba mu wóor ko ne Sóol agsi na. [5] Daawuda daldi dem fa Sóol dal, ba gis fa Sóol tëdd, mook Abner, ma Ner di baayam te mu jiite mbooloom xarem Sóol. Sóol a nga tëdd ca digg dal ba, mbooloom xare ma wër ko.

[6] La ca topp Daawuda laaj Ayimeleg Etteen ba, mook Abisay ma Seruya di yaayam, te mu bokk ak Yowab. Mu ne léen: «Kuy ànd ak man dem ca biir dal ba, fa Sóol?» Abisay ne ko: «Man maay ànd ak yaw.» [7] Daawuda ànd ak Abisay guddi, ba fa xarekat ya dal. Gisuñu ku moy Sóol, mu tëdd di nelaw ca digg dal ba. Xeejam a nga sampe fa suuf,

féeteek bopp ba; Abner ak xarekat ya tëdd wër ko. [8] Abisay ne
Daawuda: «Yàlla de teg na sab noon ci say loxo guddig tey jii. Bàyyil
rekk ma daaj ko xeej bi benn yoon fi suuf. Duma ko jam ñaari yoon!»
[9] Daawuda ne Abisay: «Déet, bu ko rey. Du kenn ku loxoom dal ci kaw
˚ku Aji Sax ji fal te yoon dabu ko.» [10] Daawuda teg ca ne ko: «Giñ naa ko
ci Aji Sax jiy dund, Aji Sax ji ci boppam moo koy duma. Yaar àppam jot
mu dee, mbaa mu dem xare, dee ca. [11] Waaye yal na ma Aji Sax ji musal
ci jéema lor ku Aji Sax ji fal. Nanu jël xeej bi féeteek bopp bi rekk ak
njaq li def ndox, nu dem.» [12] Noonu Daawuda jël xeej baak njaq, la def
ndox, féeteek bopp ba. Ñu daldi dem te kenn gisul, kenn yégul, kenn
yewwuwul, ndax ñépp a ngay nelaw nelaw yu xóot yu léen Aji Sax ji
sol.

[13] Ba loolu amee Daawuda jàll ba ca geneen wet ga, taxaw nag ca kaw
tund wa, dàndanteek ñoom lu sore. [14] Mu àddu ca kaw, wax ak mbooloo
ma, ñook Abner, doomi Ner, ne léen: «Abner, doo ma wuyu?» Abner ne
ko: «Yaw yaa di kan bay tanqal Buur?» [15] Daawuda ne Abner: «Danga
dul góor yaw? Ku fiy sa moroom ci Israyil? Ana lu waral wottuwuloo
Buur, sab sang? Am na ci xarekat yi ku ñëwoon bóomsi Buur, sab sang.
[16] Li nga def nii de baaxul. Ak sama digganteek Aji Sax jiy dund, dee
ngeen yelloo, yéen ñi wottuwul seen sang, bi Aji Sax ji fal! Xoolal bu
baax, ana xeeju Buur, mook njaq li def ndox te féete woon ak boppam?»

[17] Ci kaw loolu Sóol xàmmi baatu Daawuda ne ko: «Ndaxam loolu
sama baatu doom Daawudaa de?» Daawuda ne ko: «Sama baat a kay,
Buur, samab sang,» [18] daldi cay teg ne ko: «Lu waral lii, sang bi; loo may
rëbbe, man sab jaam? Ana lu ma def ak luy samag tooñ? [19] Ngalla Buur,
sama sang, déglul, ma ñeme laa wax kàddu yii, man sab jaam: su fekkee
ne Aji Sax ji moo la xiir ci jógal ma, yal na ci nangu sarax, jéggal ma.
Waaye su fekkee ne ay nit la, yal na léen Aji Sax ji alag fi kanamam,
ndax dàq nañu ma tey, xañ ma sama wàll ci cér bi Aji Sax ji joxe, mu
mel ni dañu ma ne: “Demal jaamuji yeneen yàlla.” [20] Man de yàlla bu
sama bakkan rote àll fu soreek Aji Sax ji. Te sax xanaa buuru Israyil du
ma jógal, man mii yées aw fel? Mbete bu doon rëbb cokkeer ca tund
ya!»

[21] Noonu Sóol ne: «Bàkkaar naa de! Ngalla Daawuda doom, ñibbsil,
ndax dootuma la fexeel lu bon, gannaaw yaa wormaal sama bakkan
guddig tey! Ma ne, li ma def yëfi dof la, te juum naa lool sax.»
[22] Daawuda ne ko: «Xoolal Buur, sa xeej a ngii, na ko kenn ci sa xale yu
góor yi jëlsi. [23] Aji Sax ji mooy yool ku nekk njubteem ak kóllëreem,
ndax Aji Sax ji teg na la tey jii ci sama loxo, waaye bëggumaa lor ˚ki Aji
Sax ji fal. [24] Ni ma wormaale sa bakkan tey jii nag, yal na ko Aji Sax ji
wormaale sama bakkan bii, te xettalee ma ni ci gépp njàqare.» [25] Sóol ne
Daawuda: «Daawuda doom, Yàlla nanga barkeel. Dinga def ay jaloore

dév, te dinga am ndam moos!» Ba mu ko defee Daawuda dem yoonam,
Sóol walbatiku ñibbi.

Daawuda làquji na ca waa Filisti

27 [1] Waaye Daawudaa nga naan ca xolam: «Bés a ngi ñëw de, Sóol
dina ma bóom. Li gën ci man daal, du lenn lu moy daw-a-daw
ba ca réewu waa Filisti, ba Sóol bañ maa rëbbati ci Israyil gépp, ma
daldi rëcc.» [2] Ba loolu amee Daawuda ànd ak juróom benni téeméeri nit
ña ko topp, dem ca buuru Gaat, di Akis mi Mawog di baayam.
[3] Daawuda toog ca Akis foofa ca Gaat, mook ay nitam, ku ci nekk ak
njabootam. Mu nekk faak ñaari soxnaam ya, di Ayinowam ma cosaanoo
Yisreel ak Abigayil mu Karmel, soxnas ndem-si-Yàlla si Nabal. [4] Ba ñu
waxee Sóol ne ko Daawuda daw na dem Gaat, Sóol jógatul di ko rëbb.
[5] Daawuda nag ne Akis: «Ngalla yéwéne ma, may ma fi ab gox ci dëkki
àll bii, ma man faa dëkke; ndax man sab surga laa, warumaa bokk dëkk
ak yaw ci péeyu buur. [6] Noonu Akis jox ko bésub keroog dëkk ba ñuy
wax Siglaag. Moo tax Siglaag di moomeelu buuri Yuda ba tey jii. [7] Diir
ba Daawuda toog ca àllub waa Filisti ya, at la ak ñeenti weer.
[8] Ci biir loolu Daawuda ànd ak i nitam dem, di song Gesureen ñaak
Giraseen ñaak Amalegeen ña. Mooy ña dëkkoon bu yàgga-yàgg ca réew
mooma, ba ca Sur, jàpp réewu Misra. [9] Saa yu Daawuda songaan gox ba,
du ca wacc kuy dund, du góor, du jigéen, waaye day lël jur gu gudd ak
gu gàtt, ak mbaam yaak giléem ya, boole ca ay yére. Su ko defee mu
walbatiku, dellu ca Akis. [10] Bu ko Akis laajaan ne ko: «Fu ngeen lële
woon tey?» Daawuda ne ko: «Xanaa wetu Negew ca Yuda,» mbaa
«Xanaa wetu Negew ca Yerameeleen ña,» mbaa mu ne ko: «Xanaa wetu
Negew ca Keneen ña.» [11] Moo tax du góor mbaa jigéen ju Daawuda
masa bàyyi mu dund, di ko indi Gaat, ndax ragal ñu nettali lu jëm ca
ñoom, naan nàngam ak nàngam la ñoom Daawuda def. Noonu la jàppoo
woon mboolem diir ba mu dëkk ca àllu Filisti. [12] Akis nag amoon na
kóolute ca Daawuda, ndax da doon wax ci xelam naan: «Kii de bokki
bànni Israyilam a ko sib-a-sib, ba du doon lu moy sama surga ba fàww.»
28 [1] Jamono yooyu la mboolooy xarey waa Filisti daje ngir xareek
Israyil. Akis ne Daawuda: «Xanaa war ngaa xamal sa bopp xéll
ne man ngay àndal ci xare bi, yaak say nit?» [2] Daawuda ne Akis: «Baax
na sang bi, dinga gisal sa bopp li ma mane.» Akis ne ko: «Waaw kay,
samab wottukat laa lay def fàww.»

Sóol seetluji na ca gisaanekatu En-Ndor

[3] Loolu fekk na Samiyel faatu, Israyil gépp dëj ko, denc ko ca Raama,
dëkkam ba. Fekkoon na Sóol dàq ñiy seete nit ñu dee ak boroom rawaan
yiy gisaane, ñu génn réew ma.

[4] Noonu waa Filisti daje, dali ca dëkk ba ñuy wax Sunem; Sóol ànd ak
bànni Israyil gépp, dali ca Gilbowa. [5] Sóol nag gis mbooloom xarem waa
Filisti, fit wa rëcc ndax tiitaange ju réy. [6] Mu seetlu ci Aji Sax ji, waaye
Aji Sax ji wuyuwu ko, du ci gént, du ci jumtukaayu seet bi ñuy wax
Urim, du ci kàddug yonent. [7] Sóol wax ay jawriñam ne léen: «Seetal-leen
ma jigéen juy seete nit ñu dee, ma seetluji ci moom.» Jawriñ ya ne ko:
«Xanaa jigéenu gisaanekat ba ca En-Ndor.»
[8] Ba mu ko defee Sóol soppi col, ngir bañna feeñ, ànd ak ñaari nit ag
guddi ba ca jigéen ja, ne ko: «Gaawal gisaaneel ma ci ab rawaan, te
indil ma ku dee ki ma lay tudd!» [9] Waaye jigéen ja ne ko: «Yaw xam nga
li Sóol def. Dàq na ñiy seete nit ñu dee ak boroom rawaan yiy gisaane
yépp, ñu génn réew mi; kon loo may fiire, nar maa reylu?» [10] Sóol giñal
ko ci Aji Sax ji ne ko: «Giñ naa ko ci Aji Sax jiy dund, deesu la mbugal
mukk ci mbir mii.» [11] Jigéen ja ne ko: «Ku ma lay indil?» Mu ne ko:
«Indil ma Samiyel.»
[12] Naka la jigéen ja gis Samiyel, daldi yuuxu ca kaw-a-kaw ne Sóol:
«Ndeke yaay Sóol! Yaw kay, danga maa nax!» [13] Buur ne ko: «Na sa xel
dal, loo gis?» Jigéen ja ne Sóol: «Gis naa rawaan buy génne fa suuf.»
[14] Mu ne ko: «Nu mu mel?» Mu ne ko: «Góor gu mag la. Mu ngi génn, sol
mbubb mu gudd.» Sóol xam ne Samiyel la, daldi sukk, sujjóot, dëpp
jëëm fa suuf. [15] Samiyel ne Sóol: «Ana loo may yékkatee nii, di ma
sonal?» Sóol ne ko: «Damaa nekk ci njàqare lu réy. Waa Filistee ngi
xareek man, te Yàlla dëddu na ma. Wuyootu ma, du ci kàddug yonent,
du ci gént. Moo tax ma woo la, ngir nga wax ma lu may def.» [16] Samiyel
ne ko: «Loo may laaj, gannaaw Aji Sax ji dëddu na la, ba noonoo la?
[17] Aji Sax ji defal na la la mu waxoon lu jiitu, ma jottali ko, te Aji Sax ji
foqati na nguur gi ci say loxo, jox ko sa jegeñaale, muy Daawuda;
[18] ndax déggaloo Aji Sax ji te mataluloo mbugal gu tar ga Aji Sax ji
tegoon Amalegeen ña. Loolu moo tax Aji Sax ji mbugal la nii. [19] Te itam
Aji Sax ji dina la booleek Israyil teg ca loxol waa Filisti. Nëgëni ëllëg
dinga ma fekksi yaw, yaak say doom. Te it Aji Sax ji dina teg mbooloom
xarem Israyil ci loxol waa Filisti.»
[20] Sóol nag jekki ne dàll fa suuf, tàlli ñareet, tiitaange ju réy jàpp ko
ndax kàdduy Samiyel yooyu. Te it amul woon genn kàttan, ngir lekkul
woon bëccëg ba yépp ak guddi ga. [21] Jigéen ja dikk, gis Sóol mu jàq
lool. Mu ne ko: «Aa, sang bi, man de déggal naa la. Jaay naa sama
bakkan, def li nga ma sant. [22] Waaye déglu ma sang bi, nangul ma rekk,
ma may la tuuti, nga lekk, ba am doole, doora topp saw yoon.» [23] Sóol
bañ, ne ko: «Déedéet, lekkuma!» Waaye nitam ña soññ ko, ñook jigéen
ja, ba mu déggal léen. Mu jóg fa mu tëddoon ca suuf, toog ca kaw lal
ba. [24] Jigéen ja gaaw rey sëllu wu mu yafaloon ca kër ga; sàkk sunguf,
not ko, lakk ca mburu mu amul lawiir. [25] Ba mu ko defee mu taajal ko
Sóol, mook i nitam, ñu lekk, ba noppi bàyyikoo fa guddig keroog.

Waa Filisti dàq nañu Daawuda

29 [1] Gannaaw ga mboolooy xarey waa Filisti yépp daje nañu ca
Afeg. Israyil dal ca wetu bëtu ndox ba ca Yisreel. [2] Kàngami
waa Filisti yaa ngay dox jiitu, ànd ak seeni kureeli téeméeri xarekat ak i
kureeli junni. Daawudaak i nitam ànd ak Akis, féete gannaaw. [3] Kilifay
waa Filisti ya ne: «˚Ebrë yii, lu ñu fiy def?» Akis wax ak kilifay waa
Filisti ya ne léen: «Xanaa du Daawuda, ma doon liggéeyal Sóol, buuru
Israyil? Nekk naak man lu ëpp at, te gisuma ci moom sikk, ba mu
teqalikook Sóol, ba bésub tey jii. [4] Kilifay waa Filisti ya mere Akis ne ko:
«Dàqal waa jii, mu dellu ca gox ba nga ko sédd. Moom warula
xareendook nun, lu ko moy mu walbatiku ci biir xare bi, dal ci sunu
kaw. Akay gaawa jubook sangam Sóol, su dogee sunuy bopp, nun ñii!
[5] Xanaa du Daawuda mi ñuy woy tey fecc, naan:
"Sóol a duma junniy noon,
Daawuda daane fukki junni"?»
[6] Ci kaw loolu Akis woo Daawuda ne ko: «Giñ naa ci Aji Sax jiy dund,
won nga ma kóllëre, te doon naa am mbégte lool, soo bokkoon ci
mbooloom xare mi; ndax bés ba nga dikkee fi man ba tey jii, gisuma
sikk ci yaw. Waaye sa teewaay neexul kàngami waa Filisti yi. [7] Kon nag
waññikul dem ak jàmm te baña def lu neexul kàngami waa Filisti.
[8] Daawuda ne Akis: «Lu ma def, sang bi, ak loo ma gisal lu la neexul,
bés ba ma ñëwee fi yaw ba bésub tey jii, ba tax manumaa xarejeek say
noon, yaw Buur, sang bi?» [9] Akis ne Daawuda: «Dara! Xam naa ne neex
nga ma lool ba mel ni ku ma Yàlla yónnee. Waaye kilifay waa Filisti
dañu ma ne doo ànd ak nun ca xare ba. [10] Kon teelala fabu ëllëg, yaak sa
surgay sang yi nga àndal, te bu bët setee ngeen teela dem.» [11] Noonu
Daawuda teela fabu ca ëllëg sa, mook i nitam, bàyyikoo fa, dellu réewu
waa Filisti, waa Filisti ñoom jëm Yisreel.

Daawuda toppi na Amalegeen ña

30 [1] Ba Daawuda ak i ñoñam àggee Siglaag, ca gannaaw ëllëg sa la.
Fekk na Amalegeen ña song bëj-saalumu Yuda ak Siglaag; dal
ca kaw Siglaag, lakk ko, [2] jàpp jigéen ña mu fa fekk, mag ak ndaw.
Reyuñu ca kenn, waaye dañu léena yóbbaale, dem seen yoon. [3] Ba
Daawudaak i nitam agsee Siglaag, fekk nañu mu lakk ba jeex; seeni
soxnaak seeni doom, góor ak jigéen, ñu jàpp léen njaam. [4] Daawudaak
mbooloo ma mu àndal nag di yuuxook a jooyoo, ba amatuñu doole ju
ñu jooye.
[5] Ñaari soxnay Daawuda lañu jàpp, ñuy Ayinowam mu Yisreel ak
Abigayil, ma doon soxnas ndem-si-Yàlla si Nabal, waa Karmel ba. [6] Ba
loolu amee Daawuda jàq lool, ndax mbooloo maa nga doon wax ne
dañu koy dóor ay doj ba mu dee. Booba mbooloo ma mépp a nga ànd ak

naqaru xol, ndax seen doom yu góor yaak seen doom yu jigéen ya.
Waaye Daawuda dëgërloo Yàllaam Aji Sax ji rekk. [7] Ci biir loolu
Daawuda wax ak Abiyatar saraxalkat, ba Ayimeleg di baayam, ne ko:
«Indil ma ˚xar-sànni mi[a].» Abiyatar indil Daawuda xar-sànni ma.
[8] Daawuda laaj Aji Sax ji, ne ko: «Ndax ma topp mbooloom yàqkat yii?
Ndax dinaa léen dab?» Mu ne ko: «Toppleen, dinga léen dab moos, te it
dinga jot say ñoñ dév.
[9] Ba mu ko defee Daawuda ànd ak juróom benni téeméeri nitam ña,
dem ba ca xuru Besor, mu am ñu fa des. [10] Daawuda daa ànd ak ñeenti
téeméeri nit, ñokkli, ñaar téeméeri nit des fa, ndax dañoo loofoon, ba
manuñoo jàll xuru Besor. [11] Ci biir loolu ña ànd ak Daawuda yem ca
jenn waayu Misra ci àll bi, daldi koy indi ba ci Daawuda. Ñu may waa ji
mburu mu lekk, may ko ndox mu naan. [12] May nañu ko danku figg ju
wow ak ñaari danki reseñ, mu lekk, doora leqaliku. Fekk na lekkul,
naanul diiru ñetti guddi ak ñetti bëccëg. [13] Daawuda laaj ko ne ko: «Foo
jóge ak kuy sab sang?» Mu ne ko: «Waa Misra laa, di jaamub jenn
waayu Amalegeen. Sama sang daf maa wacc bëkk-démb, ba ma woppee.
[14] Lël nanu wetu Negew ca diiwaanu Kereteen ña, ak lenn ca diiwaanu
Yuda, ak wetu Negew ca diiwaanu Kaleb, te lakk nanu Siglaag.»
[15] Daawuda ne ko: «Ndax man nga maa yóbbu ba ca mbooloom yàqkat
yooyu?» Mu ne ko: «Giñal ma ci Yàlla jëkk ne, doo ma rey, te doo ma
delloo ca sama sang; kon dinaa la yóbbu ba ca mbooloom yàqkat
yooyu.»
[16] Ba fa waa ja yóbboo Daawuda, gisuñu lu moy nit ñu ne wesar ca àll
ba bépp. Ña ngay lekk ak a naan, di mbumbaaye mboolem alal ju bare
ja ñu lële réewu waa Filisti ak réewu Yuda. [17] Ci kaw loolu Daawuda di
xeex ak ñoom njël ba ca ëllëg sa ca ngoon. Kenn rëccu ca, lu moy ñeenti
téeméeri xale yu góor yu war ay giléem, daw. [18] Daawuda nangu
mboolem lu Amalegeen ña jëloon, nanguwaale ñaari soxnaam ya.
[19] Dara lu bokk ci ñoom rawul. Mag ñaak ndaw ñaak seen doom yu góor
ñaak seen doom yu jigéen ak alal ja ak mboolem lu ñu léen jëlaloon.
Lépp la Daawuda delloosi. [20] Daawuda daa jël mboolem jur gu gudd ak
gu gàtt, nitam ña dàq, ñu jiitu juru Amalegeen ña, te naan: «Xool-leen
rekk li Daawuda lël!»

Daawuda gore na

[21] Ba mu ko defee Daawuda dikk ba ca ñaar téeméeri nit ña loofoon ba
manuñu koo topp, te ñu bàyyi woon léen ca xuru Besor. Ñooña génn di
gatandu Daawuda ak ña mu àndal. Daawuda ñëw ba ca ñoom,
jàmmanteek ñoom. [22] Waaye mboolem ñu bon ñaak sagaru nit ña woon
ca biir niti Daawuda ña, ne léen: «Gannaaw ñii ànduñu woon ak nun,

---

[a]**30.7** ***xar-sànni mi:*** seetal ci 23.6.

dunu bokk ak ñoom alal ji nu nangu. Xanaa ku nekk ci ñoom jël
jabaram ak i doomam rekk te dem.» [23] Daawuda ne léen: «Déet bokk yi,
buleen def noonu ci li nu Aji Sax ji jox, ndax aar na nu, ba teg ci sunu
loxo mbooloom yàqkat yi daloon ci sunu kaw. [24] Xel nanguwul loolu
benn yoon! Na ku xarejeek ku desoon ca denc ya, yem ak sa moroom
cér. [25] Bésub keroog la Daawuda dogalal loolu waa Israyil, ñuy àttee
noonu ba tey jii.

Daawuda sédd na njiiti Yudeen ña

[26] Daawuda nag dellu Siglaag, daldi yónnee ca lël ja magi Yuda ña
doon ay xaritam. Mu ne léen: «Saricaa ngii, bu ma leen indil, mu jóge ca
la ñu lël ca nooni Aji Sax ji. [27] Yónnee na ca magi Betel ak Ramot-Negew
ak Yatir [28] ak Arower ak Sifmot ak Estemowa [29] ak Rakal, ak magi dëkki
Yerameeleen ña ak Keneen ña, [30] ak magi Orma ak Bor-Asan ak Atag
[31] ak Ebron ak mboolem waa gox ya mu jaaroon, mook i nitam.

Lu jëm ci mujug Sóol

31 [1] Ci biir loolu waa Filisti di xeex ak Israyil, ba dàq bànni Israyil,
ñu daw. Ñu bare tëdd dee ca tundu Gilbowa. [2] Waa Filistee nga
toŋal Sóol, mook doomam yu góor, ba rey ay doomam yu góor, di
Yonatan ak Abinadab ak Malkisuwa. [3] Xare ba nag gëna mettee fa Sóol
féete, fittkat ya jekku ko, jam ko bu metti[b].
[4] Ba loolu amee Sóol wax kay gàddu ngànnaayam ne ko: «Boccil sa
saamar, jam, mu fëll. Lu ko moy yéefar yii dinañu ma jam te dinañu ma
toroxal.» Kay gàddu ngànnaayam bañ, ndax daa ragaloon lool. Sóol fab
saamar ba, daaneel boppam ca kaw ñawka ga. [5] Kay gàddu ngànnaayu
Sóol gis ne Sóol dee na, moom it mu daaneel boppam ca kaw
saamaram, dee topp Sóol. [6] Noonu Sóol dee bésub keroog, mook ñetti
doomam yu góor ak kay gàddu ngànnaayam ak nitam ñépp.
[7] Ci kaw loolu bànni Israyil, ya dëkke woon ca wàllaa xur wa, ak ña ca
wàllaa dexu Yurdan gis ne xarekati Israyil daw nañu te Sóol ak i
doomam dee nañu, ñu daldi daw, gental seen dëkk. Waa Filisti nag dikk
toog fa.
[8] Ca ëllëg sa, ba waa Filisti dikkee, di futtisi ña dee, ña nga fekk Sóol
ak ñetti doomam yu góor, ñu tëdd ca tundu Gilbowa. [9] Ñu dog boppu
Sóol, jël gànnaayam, ba noppi yónnee ay ndaw, ñu wër réewu Filisti
mépp, ngir yégle la xew ca seen biir kër yàlla ya ak ca seeni bokk. [10] Ba
mu ko defee ñu denc gànnaayi Sóol ca seen biir kër yàlla ya ñuy wax
Àstàrt[c], ba noppi wékk néew ba ca miiru dëkk ba ñuy wax Bet-San.

---

[b]**31.3** *jam ko bu metti:* am na ñu ko tekkee nii: *muy lox ndax tiitaange.*
[c]**31.10** *Àstàrt:* seetal ci 7.3.

[11] Ba waa Yabes ga ca Galaat déggee la waa Filisti def Sóol, [12] seen
jàmbaar yépp a fabu, topp guddi ga gépp ba Bet-San. Noonu ñu wékkee
néewu Sóol ak néewi doomam yu góor ca miiru Bet-San, doora ñibbi
Yabes, boole fa néew ya, lakk. [13] Gannaaw loolu ñu for seeni yax, suul
ca ron garabu tamaris ga ca Yabes, daldi woor diiru juróom ñaari fan.

SAMIYEL

di téereb ñaareel bi

Lu jëm ci tàggeb Sóol

1 [1] Gannaaw ba Sóol faatoo, fekkoon na Daawuda walbatikoo ca
Amalegeen ña mu duma, dellu Siglaag, toog fa ñaari fan. [2] Ca gannaaw
ëllëg sa, gisuñu lu moy jenn waay ju jóge ca dalu Sóol dikk; ma nga xotti ay
yéreem, taqal boppam suuf, di ko naqarloo. Ba mu agsee ca Daawuda, daldi
daanu fa suuf, sujjóotal ko.
[3] Daawuda ne ko: «Ana foo jóge?» Mu ne ko: «Ca dalub Israyil laa rëcce.»
[4] Daawuda laaj ko ne ko: «Lu xew, waxal boog!» Mu ne ko: «Mbooloom
Israyil ma doon xare daw nañu. Ñu bare ca ñoom daanu nañu, dee. Sóol ak
doomam Yonatan it dee nañu ca xare ba.» [5] Daawuda nag wax xale bu góor ba,
ne ko: «Lu la xamal ne Sóol ak doomam Yonatan dee nañu?» [6] Xale bu góor
ba ne ko: «Dafa yemook ma tollu tembe ca kaw tundu Gilbowa. Ma gis nii,
Sóol sukkandikoo xeejam, te kat booba gawar ya ca watiiri xare yaa nga ko
tanc. [7] Mu ne gees, gis ma, daldi may woo, ma wuyu. [8] Mu laaj ma ne ma:
“Yaa di kan?” Ma ne ko: “Ab Amalegeen laa.” [9] Mu ne ma: “Dikkal fii,
jekkali ma. Dese naa bakkan tuuti waaye dee naa ba noppi.” [10] Ma dem ba ca
moom, daldi koy jekkali, ndax xamoon naa ne du dundati gannaaw jéllam
boobu. Ma summi nag mbaxanam buur ma mu soloon, tekki lam ba woon ca
përëg ma. Mu ngi nii ma yótsi la, sang bi.»
[11] Ba loolu amee Daawudaak ña mu àndal ñépp ne seeni yére tareet xotti
ndax u naqar. [12] Ñuy ñaawlu, yendoo jooy, lekkuñu ba ca ngoon ndax Sóol ak
doomam Yonatan ak mbooloom xarem Aji Sax ji ak waa kër Israyil, ña saamar
jaar ca seen kaw, ñu daanu.
[13] Daawuda ne xale bu góor ba: «Ana foo bokk?» Mu ne ko: «Man doomu
doxandéem laa, dib Amalegeen.» [14] Daawuda ne ko: «Noo saña xàccee sa loxo
jëme ci ki Aji Sax ji fal?» [15-16] Noonu Daawuda woo kenn ca nitam ña, ne ko:
«Ayca, dóoral mu dee!» Mu ne Amalegeen ba: «Yaa gàddu sa bakkanu bopp,
ndax yaa seede ci sa gémmiñu bopp ne rey nga ki Aji Sax ji fal.» Waa ja dóor
Amalegeen ba, mu dee.

Daawuda jooy na Sóol ak Yonatan

[17] Woyu tàgge wa Daawuda fental Sóol ak doomam Yonatan mooy wii.
[18] Santaane na, ñu jàngal ko waa Yuda, tudde ko woyu fittkat. Seetal, ma nga
ñu bind ca téere ba ñu tudde Téereb aji jub. Mu ne:

[19] Wóoy Israyil, ña ngay sagoo nga ne lareet,
sëngéem ca sa tund ya!
Ñeyi xaree daanu moos!

[20] Deesuleen ko tàgge waa Gaat,
yéeneetil ca mbeddi Askalon,
janqi Filisti di bég,
janqi yéefar di tex-texi.

[21] Wóoy tundi Gilbowa!
Yàlla boo lay, boo tawlu,
Yàlla bu say tool nangu.
Foofa lees toroxale pakkub jàmbaar.
Wóoy pakkub Sóol ba deesul diwati!
[22] Du deret mbaa nebbonu góor
bu fittug Yonatan xof.
Saamaru Sóol baa di sooytil!

[23] Wóoy Sóol ak Yonatan,
yiw, sopplu,
dundandoo, deeyandoo.
Neel jaxaay, ñu gën koo gaaw,
nga ne gaynde, ñu gëna aay.

[24] Yéen jigéeni Israyil,
jooyleleen ma Sóol,
ma léen wodde sooy bu ne boyy,
ak gànjari wurus.

[25] Ñeyi xaree daanu digg toolu xare!
Yonatan tëdd ca kaw tund ya.
[26] Yonatan, doom yaay, maaka laa tiisoo,
maaka laa sopp,
yaw nga bëgg maa bëgg,
ba raw jigéen ak soppeem.

[27] Ñeyi xaree daanu!
Ngànnaay sànku!

Daawuda falu na buur ca Yuda

2 [1] Gannaaw ba loolu weesoo Daawuda daa laaj Aji Sax ji, ne ko: «Ndax war namaa dem toogi dëkki Yuda yi benn?» Aji Sax ji ne ko: «Waaw.» Daawuda ne ko: «Ban laa ci wara dem?» Aji Sax ji ne ko: «Ebron.» [2] Daawuda dem ca, ànd ak ñaari soxnaam, Ayinowam ma cosaanoo Yisreel, ak Abigayil ma doon soxnas ndem-si-Yàlla si Nabal, waa Karmel ba. [3] Daawuda nag yóbbaale nit ña mu nekkaloon, kenn ku ci nekk ak njabootam, ñu toxuji Ebron

ak dëkk ya ko wër. [4] Ba mu ko defee waa Yuda dikk Ebron, diw fa Daawuda,
fal ko buur, mu jiite giiru Yuda.

Gannaaw gi ñu wax Daawuda ne ko waa Yabes-Galaat ñoo rob Sóol.
[5] Daawuda yónnee ay ndaw ca waa Yabes-Galaat, wax léen ne léen: «Yal na
leen Aji Sax ji barkeel ndegam baaxe ngeen nii seen sang Sóol, ba rob ko.
[6] Kon yal na leen Aji Sax ji baaxe te won leen kóllëreem. Man itam dinaa leen
yéwéne ngir lii ngeen def. [7] Léegi nag góor-góorluleen te ñeme. Dëgg la seen
sang Sóol faatu na, waaye man mii la giiru Yuda fal, ma jiite léen.»

Isboset falu na buur ca Israyil

[8] Ci biir loolu doomu Ner, di Abner, ma jiite woon mbooloom xarey Sóol,
ànd ak Isboset[a], doomu Sóol ju góor, jàllale ko ba Maxanayim. [9] Mu fal ko nag
Buur, mu jiite diiwaani Galaat ak Asur ak Yisreel ak Efrayim ak Beñamin, di
Israyil gépp daal. [10] Isboset, doomu Sóol, amoon na ñeent fukki at, ba muy falu
ca Israyil, te nguuru na ñaari at. Terewul ña dëkk Yuda ñoom topp Daawuda.
[11] Diir ba Daawuda falu buur ca Ebron, jiite waa giiru Yuda, juróom ñaari at la
ak juróom benni weer.

Waa Yuda ak Israyil xare nañu

[12] Mu am bés, Abner doomu Ner ànd ak niti Isboset doomu Sóol, ñu jóge
Maxanayim, dem diiwaanu Gabawon. [13] Yowab, mi Seruya di yaayam, ànd ak
niti Daawuda dem jànkoontejeek ñoom ca déegub Gabawon. Ñii taxawe gii
wet, ñee taxawe ca wàlla, ñu séq déeg ba. [14] Abner ne Yowab: «Ayca nu sant
sunu xale yu góor yii, ñu jóg daje fi sunu kanam.» Yowab ne ko: «Ayca!»
[15] Ñu daldi limoo, fukki góor ak ñaar taxawal giiru Beñamin ak Isboset, doomu
Sóol; fukki góor ak ñaar taxawal Daawuda. [16] Ku nekk ne sa boppu moroom
ŋëjj, rekk bojj sab saamar ca wet ga, ñu ànd daanu. Moo tax ñu wooye bérab
booba Toolu ñawka ya.

[17] Xeex ba metti na lool bésub keroog. Niti Daawuda ña duma nañu fa Abner
ak waa Israyil.

[18] Ñetti doomi Seruya yu góor a nga fa woon: Yowab, Abisay ak Asayel.
Asayel di ku gaawoon ni kéwél cib àll. [19] Asayel nag di dàq Abner, ne ko dann
rekk. [20] Abner geesu ne ko: «Kii Asayel?» Mu ne ko: «Waaw.» [21] Abner ne ko:
«Bu ma topp, jàddal dàqi kenn ci xale yu góor yi, nangu li mu am!» Waaye
Asayel lànk rekk, topp ko. [22] Abner dellu ne Asayel: «Toppal fale! Dama lay
dóor, nga daanu de! Xawma nu may jàkkaarlooteek sa mag Yowab nag!»
[23] Asayel të ticc, topp ko. Abner jam ko njàppul xeejam ca biir ba, ba mu fëll

---

[a] **2.8** ***Isboset:*** mbind mi ci ebrë, làkku bànni Israyil, Isboset la indi, mu firi 'nitu gàcce.' Turam wu jëkk nag, Isbaal la woon, mu firi 'nitu Baal.' Bu jëkkoon Baal 'kilifa gi' la doon tekki. Waaye gannaaw gi Baal turu xërëm bu waa Kanaan la woon. Du woon teggin ñuy wooye buuru Israyil turu xërëm woowu. Moo tax ñu soppi turam wu jëkk wa, tudde ko Isboset.

ca gannaaw ga, mu daanu dee foofa ca saa sa. Noonu ku dikk, ba tollu fa Asayel daanu dee, daldi fay taxaw.

[24] Waaye Yowab ak Abisay dàqi Abner. Ba jant bay lang, ña nga tollu ca tundu Ama, wa janook Giya, ca yoon wa jëm màndiŋu Gabawon. [25] Ci biir loolu xarekati Beñamin mànkoo topp ca gannaaw Abner, ñu di menn mbooloo, bokk taxaw ci kaw aw tund. [26] Abner àddu ca kaw, ne Yowab: «Xanaa dunu dëkke reyante ba fâww? Xamuloo ne lii aw naqar doŋŋ lay mujje? Ana looy xaarati? Doo tere sa nit ñiy topp seeni bokk?» [27] Yowab ne ko: «Giñ naa ko ci Yàlla jiy dund, boo waxuloon, nit ñi fanaane ko, ku ci nekk di dàq mbokkam ba bët set.» [28] Ba loola amee Yowab wal liit ga, gaa ña ñépp taxaw, toppatuñu Israyil, xeexatuñook ñoom. [29] Abner ak i nitam fanaanee topp xuru Yurdan guddig keroog, ba jàll dexu Yurdan, di wéy ba weesu Bittron gépp, daldi agsi Maxanayim.

[30] Gannaaw ba Yowab bàyyee Abner ma mu doon dàq, daa woo nitam ñépp, fukk ak juróom ñeent wuute ci niti Daawuda, te limaalewuñu Asayel. [31] Waaye niti Daawuda rey ñetti téeméer ak juróom benn fukk (360) ca waa giiru Beñamin ak ña bokk ca niti Abner. [32] Ñu yóbbu Asayel, rob ko ca wetu baayam ca Betleyem. Noonu Yowab ànd ak i nitam, ñu fanaanee dox, ba jant fenke léen fa ñu agsee Ebron.

3 [1] Xare ba diggante niti Sóol ak niti Daawuda nag di wéy, yàgg lool. Daawuda di gëna am doole, niti Sóol di gëna néew doole.

Daawuda am nay doom ca Ebron

[2] Doom yu góor ya Daawuda am ca Ebron ñoo di: taawam Amnon; Ayinowam ma cosaanu Yisreel mooy ndeyam. [3] Ka ca topp di Kilab; ndeyam di Abigayil, ma nekkoon soxnas ndem-si-Yàlla sa Nabal, waa Karmel ba. Ñetteelu doomam di Absalom; Maaka di ndeyam. Maaka, Talmay ay baayam, di buuru Gesur. [4] Ñeenteelu doomam di Adoniya; Agit di ndeyam. Juróomeelu doomam di Sefatiya; Abital di ndeyam. [5] Juróom benneelu doomam di Ittireyam; soxnaam sa ñuy wax Egla di ndeyam. Ñooñu la Daawuda am ca Ebron.

Abner jote naak Isboset

[6] Diir ba waa kër Sóol di xareek waa kër Daawuda, Abner a ngay gëna dëgëral taxawaayam ca waa kër Sóol. [7] Sóol nag amoon na ku mu doon denc te amul sañ-sañi soxna yu mat sëkk, ñu di ko wax Rispa, doomu Aaya. Mu am bés Isboset ne Abner: «Ana lu waral nga dëkkoo kii sama baay doon denc?» [8] Abner mer lool ca la ko Isboset wax. Mu ne ko: «Ndax dama di xajub workat buy topp Yudeen ñi? Bu yàgg ba tey jii damaa masa sàmm kóllëreek sa waa kër baay Sóol, mook i bokkam ak i soppeem. Te it teguma la ci loxol Daawuda; yaw nga di ma tuumaal ci ndaw sii tey? [9] Yal na ma Aji Sax ji teg mbugal mu gëna tar ndegam duma defal Daawuda la ko Aji Sax ji giñaloon, [10] ne ko dina jële nguur gi ci waa kër Sóol, dëj ko moom Daawuda ci jal bi, mu

jiite Israyil ak Yuda, li ko dale Dan ca bëj-gànnaar, ba Beerseba ca bëj-saalum.» [11] Isboset nag ñemewula teg baat ca la Abner wax, ndax ragal ko.

Abner fekki na Daawuda

[12] Ba loolu amee Abner yónni ca saa sa ay ndaw ca Daawuda, ne ko: «Ana ku moom réew mii? Dama ne, dangay fasanteek man ˚kóllëre. Kon kat dinaa la dooleel, ba Israyil gépp nangul la.» [13] Daawuda ne ko: «Baax na. Dinaa fasanteek yaw kóllëre moos, waaye lenn de laa lay laaj. Soo ma indilul sama soxna Mikal, doomu Sóol de, doo ma gis.» [14] Gannaaw loolu Daawuda yebal ay ndaw ca Isboset, doomu Sóol, ne ko: «Delloo ma Mikal, sama soxna sa ma cane woon téeméeri mbuñukay waa Filisti.» [15] Isboset joxe ndigal, ñu nangoo Mikal ca doomu Layis, di Paltiyel[b], ma ko doon denc. [16] Paltiyel topp ca gannaaw ndaw sa, di jooy, ba ñu àgg Baxurim. Abner ne ko: «Ayca, doxal ñibbi.» Waa ja ñibbi.

[17] Ba mu ko defee Abner gise ak magi Israyil ne léen: «Yàgg ngeena bëgga fal Daawuda buur, mu jiite leen. [18] Kon ayca boog! Ndax Aji Sax ji digoon na ko Daawuda, ba mu nee: "Ci sama jaam Daawuda laay xettalee sama mbooloo, Israyil, ci waa Filisteek mboolem seeni noon."» [19] Abner wax ak giiru Beñamin itam, déeyook ñoom ba noppi dem Ebron ca Daawuda, déey ko la waa Israyil ak giiru Beñamin gépp namma def. [20] Ba Abner agsee Ebron ca Daawuda, ànd ak ñaar fukki nit, Daawuda da koo berndeel, mook i nitam. [21] Abner ne Daawuda: «Buur, yiwi ma, ma dem léegi wool la Israyil gépp, sang bi. Su ko defee ñu fasanteek yaw kóllëre, nga mana nguuru fu la neex.» Ba loolu amee Daawuda yiwi Abner, mu dem ci jàmm.

Yowab fey na Abner

[22] Ci kaw loolu rekk niti Daawuda ànd ak Yowab, jóge xare, indaale ˚lël ju bare. Waaye fekk na Abner nekkatul Ebron ca kër Daawuda, ndax Daawuda yiwi woon na ko, ba mu dem ci jàmm. [23] Yowab agsi mook xarekat ya ànd ak moom yépp. Ñu ne ko Abner doomu Ner ñëwoon na ca Buur, ba mu yiwi ko, mu dem ci jàmm. [24] Yowab dem ca Buur ne ko: «Waaw, li nga def nag? Abner mii ñëw ci yaw, nga bàyyi ko mu dem nii rekk! [25] Xam nga Abner, doomu Ner! Wor laa tax mu ñëw, ngir xam lépp looy def, xam sa dugg ak sa génn.» [26] Noonu Yowab bàyyikoo ca Daawuda, yebal ay ndaw, ñu toppi Abner, waññee ko ca teenub Sira. Waaye Daawuda yégu ca dara. [27] Ba Abner dellusee Ebron, Yowab berook moom ca buntu dëkk ba, mel ni kuy ñaarook moom, daldi ko fay jam ci biir, rey ko, feyul Asayel, rakkam ju góor ja Abner bóomoon.

[28] Gannaaw ga, ba ko Daawuda yégee, da ne: «Aji Sax ji seede na ne man de set naa wecc, maak sama waa réew ba fàww. Amul dara lu nuy gàddu ci deewug Abner. [29] Yal na deewug Abner këppu ci kaw boppu Yowab, mook

---

[b]**3.15** ***Paltiyel*** mooy Palti ba tey. Seetal ci Samiyel (1) 25.44.

waa kër baayam gépp. Yàlla bu waa kër Yowab ñàkk ku ànd ak jàngoroy xelli, mbaa jàngoroy der juy law[c], mbaa lafañ buy doxe yet, mbaa ku deeye xare, mbaa ku amul lu mu lekk.»

30 Noonu la Yowab ak rakkam Abisay bóome Abner, ndax la mu reyoon seen doomu ndey Asayel ca xareb Gabawon ba.

Jooy nañu Abner

31 Ba loolu wéyee Daawuda wax ak Yowab, mook ñi mu àndal ñépp, ne léen: «Xottileen seeni yére, sol i saaku, ñaawloo ko deewu Abner.» Buur Daawuda ci boppam dox na, topp ca jaat ja. 32 Ñu denc Abner ca Ebron. Buur Daawuda ne yikkët jooy ca bàmmeelu Abner, mbooloo ma it di jooy, ñoom ñépp. 33 Buur nag fent woy wii, jooye ko Abner. Mu ne:

«Moo Abner, jombuloo dee ni sagaru nit a?
34 Jéngeesu la,
yeeweesu laak càllala.
Danga ne dàll daanu,
ni ñuy daanoo fi kanam ku bon.»

Mbooloo ma mépp dellu jooyati.

35 Gannaaw gi ñépp ñëw ca Daawuda, di ko soññ ci lekk, balaa jant a so. Waaye Daawuda giñ daldi ne: «Yal na ma Yàlla teg mbugal mu gëna tar bu ma dee sex dugub mbaa ñam wu mu doon te jant sowul.» 36 Mbooloo ma mépp seede nañu loolu, rafetlu ko, na ñu rafetloo mboolem lu Buur Daawuda def. 37 Mbooloo mépp ak Israyil gépp xam nañu bésub keroog ne pexe ma rey Abner doomu Ner jógewul ca Buur. 38 Ba loolu amee Buur wax ak i nitam ne léen: «Xam ngeen ne bésub tey jii garmee daanu, di kilifa ci digg Israyil? 39 Bésub tey jii li ma falu buur lépp néew naa doole, ndax doomi Seruya yii ñoo ma gëna dëgër xol, ba jaaxal ma. Waaye yal na Aji Sax ji fey ku bon jëfam.»

Isboset faatu na

4 1 Ba Isboset doomu Sóol déggee ne Abner dee na ca Ebron, xolam jeex na, Israyil gépp jàq. 2 Isboset amoon na ñaari njiiti gàngooru yàqkat: kenn ka di Baana, ka ca des di Rekab, seen baay di Rimon, giiroo ci giiru Beñamin te dëkk Berot ga ñu boole woon ca suufas Beñamin; 3 ndax waa Berot dañoo dawoon làquji Gitayim, doon fa ay doxandéem ba tey jii.

4 Fekk na Yonatan doomu Sóol ju góor am na doom ju góor ju tànk ya baaxul. Ndaxte ba ñu déggee tàgge bu jóge Yisreel, ñu ne Sóol ak Yonatan faatu nañu, fekk na xale ba am juróomi at. Ndaw sa ko daan topptoo, fab ko di gaawtuy daw, waaye na muy gaawtu di dem, xale ba daanu, daldi lafañ. Ma nga tuddoon Mefiboset[d].

---

[c] **3.29** ***jàngoro yi:*** seetal ci Saraxalkat yi 13.2 ak 15.2.

[d] **4.4** ***Mefiboset*** dees na ko wooye Mefibaal ba tey. Seetal lu mel noonu ci 2.8.

[5] Rekab ak Baana, doomi Rimon ma dëkk Berot nag ñoo demoon kër Isboset,
àgg fa digg-njolloor, fekk Isboset di for bët. [6] Ñu jàll ba ca biir-a-biir kër ga,
mel ni ñuy sàkk peppum bele, daldi ko jam ci biir, ba noppi yoxoosu daw. [7] Ba
ñuy dugg këram, ma nga tëddoon ca lalam, ca néegu biiram. Ñu jam ko ba rey
ko, dog bopp ba, yóbbu. Noonu ñu jaare xuru Yurdan, fanaanee dox.[e] [8] Ba ñu
àggee Ebron, jox Buur Daawuda boppu Isboset, ne ko: «Buur, Sóol, sa noon
ba la doon fexee rey, boppu doomam Isboset a ngii. Bésub tey jii de sang bi,
Aji Sax ji feyul na la ca Sóol ak askanam.»
[9] Waaye Daawuda wax ak Rekab ak Baana, ma Rimon waa Berot ba di seen
baay. Mu ne léen: «Giñ naa ko ci Aji Sax jiy dund te xettali ma ci gépp
njàqare, [10] keroog ba ma waay yégalsee ne ma Sóol dee na, foog ne xibaaru
jàmm la ma indil, dama koo jàpp, rey ko ca Siglaag, yoole ko ko xibaaram.
[11] Rawatina nag nit ñu bon ñu rey jaamburu Yàlla ca biir këram, ca kaw lalam
sax. Kon duma def lu moy topp leen bakkanam, jële leen ci kaw suuf!»
[12] Noonu Daawuda jox ay nitam ndigal, ñu rey léen. Ñu dog seeni loxook seeni
tànk ca ténqo ya, wékk néew ya ca wetu déegu Ebron, daldi jël boppu Isboset,
suul ca wetu Abner, foofa ca Ebron.

Daawuda falu na buur ca Israyil

5 [1] Ci kaw loolu giiri Israyil yépp dikk fa Daawuda ca Ebron, ne ko:
«Xoolal, nun say bokk lenqe lañu. [2] Te it démb ak bëkk-démb, ba Sóol
dee buur, jiite nu, yaw yaa doon jiite Israyil ciy xareem. Aji Sax ji ne la:
"Yaay sàmm Israyil sama mbooloo te yaa léen di jiite."» [3] Ba magi Israyil
ñépp dikkee noonu ca Buur Daawuda ca Ebron, mu fasanteek ñoom ˚kóllëre fa
kanam Aji Sax ji. Ñu sotti Daawuda diwu pal ga, muy buuru Israyil.
[4] Daawuda amoon na fanweeri at, ba muy falu buur, te nguuru na ñeent fukki
at. [5] Falu na ca Ebron, jiite Yuda juróom ñaari at ak genn-wàll, ba noppi falu
ca Yerusalem, jiite mboolem Israyil ak Yuda diiru fanweeri at ak ñett.

Daawuda nangu na Yerusalem

[6] Gannaaw loolu Buur Daawuda ànd ak i xarekatam, jëm Yerusalem, songi
Yebuseen ña fa dëkkoon. Yebuseen ña ne Daawuda: «Doo fi dugg de, nde
gumba yeek lafañ yi sax man nañu laa duma, waññi la.» Booba foog nañu ne
Daawuda manu faa dugg. [7] Terewul Daawuda nangu tatay Siyoŋ, ga ñuy
wooye Dëkku Daawuda tey. [8] Daawuda waxoon na bésub keroog ne: «Jéppi
naa lafañ yeek gumbay Yebuseen ñi. Ku léen di duma de, xanaa nga jaare ca
xuntim yoonu ndox ma, ba jekku léen.» Looloo waral ñu def ko waxin naan:
«Gumbaak lafañ du dugg kër Buur.» [9] Ba mu ko defee Daawuda dëkk ca biir
tata ja, wooye ko Dëkku Daawuda, ba noppi tabax fa ko wër fépp, dale ko ca

---

[e] **4.6-7** Am na ci bind yu yàgg yi, yu ci indi: *Am na ku jigéen ku doon wottu bunt ba, di bàcc pepp. Ay nelaw dab ko. Rekab ak Baana yoxoosu dugg. Ñu jàll ca néegu biiru Isboset, fekk ko mu tëdd ca lalam. Ñu jam ko, rey ko, dog bopp ba, yóbbu, jaareji xuru Yurdan, fanaanee dox.*

sëkk ba, ba ca biir. [10] Noonu Daawuda di gëna am doole, ngir Aji Sax ji Yàlla,
Boroom gàngoori xare yi mooànd ak moom.
[11] Ci biir loolu Iram, buuru Tiir, yebal ay ndaw ca Daawuda, ñu yóbbul ko ay
banti garabu seedar, ànd ak i liggéeykati bant ak yettkati xeer, ngir ñu tabaxal
Daawuda kër buur. [12] Daawuda gis ne Aji Sax ji fal na ko buuru Israyil te
kaweel na nguuram ngir Israyil miy mbooloom boppam.
[13] Gannaaw ba Daawuda jógee Ebron, dencaat na ay jigéen ca Yerusalem,
ñenn ca ñoom di ñu amul sañ-sañi soxna yu mat sëkk, ña ca des diy soxnaam.
Mu am ca yeneen doom yu góor ak yu jigéen. [14] Doom yu góor ya mu am ca
Yerusalem ñoo di Samuwa ak Sobab ak Natan ak Suleymaan; [15] ak Ibaar ak
Elisuwa ak Nefeg ak Yafiya; [16] ak Elisama ak Eliyada ak Elifelet.

Daawuda duma na waa Filisti

[17] Ba waa Filisti déggee ne fal nañu Daawuda buuru Israyil, dañoo ànd ñoom
ñépp, di wuta jàpp Daawuda. Waaye mu dégg ko, dem làquji ca biir tata ja.
[18] Filisteen ña dikk tasaaroo ca xuru Refayeen. [19] Daawuda laaj Aji Sax ji ne
ko: «Ndax ma songi Filisteen ñi? Dinga léen teg ci sama loxo?» Aji Sax ji ne
ko: «Demal, dinaa teg Filisteen ñi ci say loxo moos!» [20] Daawuda dem ba ca
Baal-Perasim, duma léen foofa. Noonu mu ne: «Aji Sax ji da maa bëttal noon
yi, ni walum ndox di bëtte, jàll.» Moo tax ñu wooye bérab boobu Baal-Perasim
(mu firi Boroom bi bëtt na). [21] Filisteen ña wacc nañu fa seeni xërëm,
Daawudaak i nitam boole yóbbu.
[22] Ba mu ko defee Filisteen ña dikkaat tasaaroo ca xuru Refayeen ña,
[23] Daawuda dellu laaj Aji Sax ji. Mu ne ko: «Bul jubal song léen, doxeleen
gannaaw, dal ca seen kaw fa janook garabi sànd ya. [24] Booy dégg tànk yuy dox
ca kaw njobbaxtali sànd ya rekk, gaawtul, ndax booba man Aji Sax ji maa la
jiitu, ngir dal ci kaw mbooloom Filisteen ñi.» [25] Daawuda def la ko Aji Sax ji
sant, ba duma Filisteen ña la ko dale Geba, ba Geser.

Gaalu Yàlla ga dem na Yerusalem

6 [1] Ba loolu wéyee Daawuda dellu tànn ay ñeyi xare ca Israyil, ñu daje di
fanweeri junni, ñoom ñépp. [2] Mu ànd ak nitam ñépp, dem Baala, ca
Yuda, jëleji fa ˚gaalu Yàlla ga ñuy tudde Tur wa, di turu Aji Sax, jiy Boroom
gàngoori xare yi, kiy toog ci jal bi ci diggante ˚serub, yi tiim gaal gi. [3] Ñu teg
ko ci kaw watiir wu bees, jële ko kër Abinadab, ga woon ca kaw tund wa. Usa
ak Axiyo, doomi Abinadab yu góor yaa nga jiitu, di yóbbu watiir wu bees wa.
[4] Ba ñu jëlee gaalu Yàlla ga kër Abinadab, ga ca kaw tund wa, mu tege ca kaw
watiir wa, Axiyo dox jiitu ko. [5] Daawudaak waa kër Israyil gépp a ngay
bànneexu fa kanam Aji Sax ji, mboolem lu ñuy foye ci xumbeen jib, muy lu
ñu defare bantu garabu sippar, ak xeeti kesen-kesen ak i tabalaak xeeti xalam.

[6] Naka lañu dem ba tollu ca dàggay Nakon, nag ya tërëf, Usa tàllal loxoom,
jàpp ca gaalu Yàlla ga. [7] Aji Sax ji mere Usa lool, ba fàdd ko foofa, ndax
teeyadeem googu. Mu dee foofa ca wetu gaalu Yàlla ga[f]. [8] Ba loolu amee
Daawuda mer ca mbugal gu metti ga Aji Sax ji teg Usa. Moo tax mu tudde
bérab booba Peres-Usa (mu firi Mbugalu Usa). Tur wa sax ba tey jii.
[9] Daawuda am na tiitaange lool bésub keroog ci Aji Sax ji. Ma nga naan:
«Mbaa gaalu Aji Sax ji man na ñëw sama kër yee?» [10] Ba mu ko defee
Daawuda nanguwula yóbbu gaalu Aji Sax ji ca këram ga ca Yerusalem, ca gox
ba ñuy wooye Dëkku Daawuda, waaye daa jàdd, yóbbu ko ca kër Obedd-
Edom ma cosaanoo Gaat. [11] Gaalu Aji Sax ji nekk na kër Obedd-Edom mu
Gaat diiru ñetti weer. Aji Sax ji barkeel Obedd-Edom, mook këram gépp.

Gaal ga dikk na Yerusalem

[12] Ba loolu amee ñu wax Buur Daawuda ne ko: «Aji Sax ji de barkeel na
Obedd-Edom mook mboolem lu bokk ca moom ndax ˚gaalu Yàlla ga.»
Daawuda daldi jëleji gaalu Yàlla ga kër Obedd-Edom, yóbbu ko këram ga ca
gox ba ñu naan Dëkku Daawuda. Muy mbégte mu réy. [13] Ba ña gàddu gaal ga
séqee juróom benni jéego, Daawuda rendi na aw yëkk ak wëllu wu duuf, def
ko sarax. [14] Daawudaa ngay feccal Aji Sax ji lu mu man. Ma nga gañoo am
xar-sànni mu ñu ràbbe wëñ gu ëccu ba sew[g]. [15] Naka la Daawuda di yóbbu
gaalu Aji Sax ji, mook ˚bànni Israyil gépp, sarxolle ya jib, liit ya jolli.
[16] Ba gaalu Aji Sax jay duggsi ca biir Dëkku Daawuda, soxnas Daawuda,
Mikal, doomu Sóol ja, tollu ca palanteeram, di seetaan, gis Buur Daawuda di
të̈b ak a feccal Aji Sax ji. Mu jéppi ko lool.
[17] Ba mu ko defee ñu indi gaalu Aji Sax ji, teg ko fa ñu ko sàkkal ca biir
xayma ba ko Daawuda sampal. Daawuda rendil Aji Sax ji ay ˚sarax yuy lakk
ba jeex ak ˚saraxi cant ci biir jàmm. [18] Ba Daawuda noppee ca sarax yay lakk
ba jeex ak saraxi cant ya ci biir jàmm, ñaanal na mbooloo ma ci turu Aji Sax,
jiy Boroom gàngoori xare yi. [19] Mu sédd askan wépp, mbooloom Israyil mépp,
góor ak jigéen, ku ci nekk mu jox la menn mburu ak yàpp wu ñu saaf[h] ak benn
nàkku reseñ. Mbooloo ma doora dem, ku nekk ñibbi këram.
[20] Ba loolu amee Daawuda walbatiku, dugg biir këram, di ñaanal waa këram.
Soxnaam Mikal, doomu Sóol, génn dajeek moom ne ko: «Yaw Buuru Israyil,
teral nga sa bopp dév waay ci bésub tey jii! Defoo lu moy di futteeku fi sa
kanam jigéen ñiy sa jaami jawriñ yi? Ku tekkiwul dara sax daw raw!»
[21] Daawuda ne Mikal: «Aji Sax ji laa ko defal, moom mi ma tànn, ma gënal ko
sa baay, gënal ko mboolem waa këram, moom mi ma fal, may njiitu Israyil,
mbooloom boppam, moom Aji Sax ji, fi kanam kooku di Aji Sax ji laay

---

[f] **6.7** Saraxalkat yi rekk ñoo amoon sañ-sañu laal gaalu Yàlla ga, te Leween ñi rekk ñoo amoon sañ-sañu gàddu ko.

[g] **6.14** ***xar-sànni:*** mbubbu jaamukaay la, mu saraxalkat biy sol. Seetal ci Saraxalkat yi 8.7

[h] **6.19** *yàpp wu ñu saaf* walla *benn nàkku tàndarma.*

bànneexu. [22] Dinaa gëna teddadi nii sax. Dinaa gëna toroxlu, ba gisal ko sama
bopp, te du tere jaam yu jigéen yii ngay wax teral ma.» [23] Mikal doomu Sóol
jooju nag amul doom, ba ni mu deeye.

Lu jëm ci kër Yàlla ak kër Daawuda

7 [1] Gannaaw loolu Buur Daawuda sanc na këram, Aji Sax ji noppal ko ci
noonam yi ko wër yépp. [2] Ci biir loolu mu ne yonent Yàlla Natan: «Xool
ma rekk, maa ngi dëkk ci këru banti seedar te ˚gaalu Yàlla gi nekk cib
xayma.» [3] Natan ne Buur: «Mboolem loo namma def ci sa xol rekk, defal, ndax
Aji Sax jaa ngi ànd ak yaw.»
[4] Waaye guddig keroog kàddug Aji Sax ji dikkal Natan. Mu ne ko: [5] «Demal
wax sama jaam Daawuda, ne ko: "Aji Sax ji dafa wax ne: Ndax yaw yaa may
tabaxal kër gu may dëkk? [6] Ngir dëkkuma ci kër keroog ba ma génnee ˚bànni
Israyil ˚Misra ba bésub tey jii. Dama daa jóge bérab dem feneen, di yiiroo
xayma, ak a dëkk ci màggalukaay. [7] Mboolem fu ma masa ànd ak bànni Israyil
gépp, ndax wax naa kenn ci seeni njiit, ya ma sant, ñu sàmm Israyil sama
mbooloo, ne ko mu tabaxal ma kërug bantu seedar?"
[8] «Waxal ma sama jaam Daawuda nag, ne ko: "Aji Sax, jiy Boroom gàngoori
xare yi dafa wax ne: Maa la jële ca parlu, ga nga daan jiitale say gàtt, ngir nga
jiiteel ma Israyil, sama mbooloo. [9] Ànd naak yaw fépp foo dem, fàkkasal la
mboolem say noon, te dinaa la may nga am tur, ba tollook ñu màgg ñi ci kaw
suuf. [10] Dinaa sàkkal dëkkuwaay sama mbooloo Israyil, samp ko fa, mu doon
dëkkuwaayam bu ñu ko dul lëjalatee mukk. Ñu bon ñi dootuñu léen not, na
woon bu jëkk, [11] mbaa na woon ba may fal ay njiit yuy jiite Israyil, sama
mbooloo. Dinaa la noppal ci sa noon yépp. Te it man Aji Sax ji, maa ngi lay
yégal ne dinaa lawal sa kër. [12] Te bu say fan matee ba nga fekki say maam,
dinaa taxawal kenn ci sa askan, mu wuutu la, di sa deret, te dinaa saxal
nguuram. [13] Kookoo may tabaxal kër, tudde ma ko, te dinaa saxal jalam ba
fàww. [14] Man Aji Sax ji maay doon baayam, mu doon sama doom. Su defee
naka su dul noonu, ma yar ko yari doom aadama, bantal ko ni baay di bantale
doom. [15] Waaye duma ko noppee laaye biir, ni ma noppee laaye biir Sóol ma
ma la randalal. [16] Saw askan ak sa nguur dina sax dàkk fi sa kanam, te sab jal
dina dëju ba fàww."»
[17] Noonu Natan yegge Daawuda mboolem kàddu yooyu ko dikkal ca peeñu
ma mépp.

Daawuda delloo na Yàlla njukkal

[18] Ba loolu amee Buur Daawuda dugg ba fa kanam Aji Sax ji, toog ne ko:
«Éy yaw Aji Sax ji, Boroom bi! Ana lu ma tekki, maak sama waa kër, ba nga
indi ma fii ma agsi? [19] Aji Sax ji, Boroom bi, loolu doyatu la, nga waxaale ci
sama askan, wi xaajagula ñëw, Sang bi. Waaw, Aji Sax ji, Boroom bi, ndax fii
ngay jaareek doom aadama?

[20] «Éy Aji Sax ji, Boroom bi, yég nga ma de. Ana lu ma manatee wax, Sang
bi, [21] ndegam soob na la, nga dige ko, ba def lu réy lii, yégal ma ko, man sab
jaam?
[22] «Éy Aji Sax ji, Boroom bi, yaaka màgg! Mboolem li nu masa dégg dëggal
na lii: kenn du yaw, kenn du Yàlla ku dul yaw. [23] Ndax am na ci kaw suuf
wenn askan wu mel ni Israyil, sa mbooloo, mi nga dikk, yaw Yàlla, goreel
léen, def léen sa mbooloo, ba sa tur siiw? Defal nga léen ay jaloore ak i
kéemaan. Génnee nga sa mbooloo ˚Misra, goreel léen, dàqal léen ay xeet ñook
seeni yàlla. [24] Saxal nga Israyil sa mbooloo. Yaw ci sa bopp, yaa léen ñoñoo ba
fàww, di seen Yàlla, yaw Aji Sax ji.
[25] «Léegi nag yaw Aji Sax ji Yàlla, li nga dige ci man sab jaam, maak sama
waa kër, dogal ko ba fàww rekk, def ko noonu nga ko digee. [26] Sa tur dina
màgg ba fàww. Dees na ne: "Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi mooy Yàllay
Israyil," te sa waa kër jaam, Daawuda mii it, dinañu sax fi sa kanam.
[27] «Éy Aji Sax ji, Boroom gàngoori xare yi, yaw Yàllay Israyil, yaa ma déey
lii man sab jaam, ne ma dinga saxal sama kër. Moo tax ma ñeme laa ñaan lii,
Sang bi. [28] Éy Aji Sax ji, Boroom bi! Yaa di Yàlla, say kàddoo wér, te dig nga
sab jaam ngëneel lii! [29] Kon nag Sang bi, yal na la soob, nga barkeel sama kër,
saxal ko fi sa kanam. Ndax kat yaw Aji Sax ji, Boroom bi, yaa ko wax, sa
barke la sama kër di barkeele ba fàww, Sang bi.»

Daawuda duma na xeet ya ko wër

8 [1] Gannaaw gi, Daawuda duma na Filisteen ña, not léen, génne loxoy
Filisteen ña ca réew ma. [2] Daawuda duma na Mowabeen ña it, tëral léen
ca suuf, ñu sësoo, mu natte léen ag buum. Ña yemook ñaar cay buum ga, ñu
rey léen, ña yemook guddaayu buum gu mat topp ca, mu bàyyi, ñu dund.
Noonu la Mowabeen ña nangule Daawuda, di ko indil galag.
[3] Bu loolu weesoo Daawuda xare naak buuru Soba[i], Adadeser, doomu Reyob,
fekk Adadeser di fexee nanguwaat diiwaan bu feggook dexu Efraat. [4] Daawuda
jàpp junniy gawaram ak juróom ñaar téeméer (1.700) ak ñaar fukki junniy
xarekat (20.000), ba noppi dog sidditi tànki fas ya doon dawal watiir yépp,
bàyyiwu ca lu moy téeméeri fas. [5] Arameen ña dëkk réewu Damas dikk wallusi
Adadeser, Buuru Soba. Daawuda rey ca ñoom ñaar fukki junni ak ñaar
(22.000). [6] Ba mu ko defee Daawuda tabb ay jawriñam ca Damas, réewum
Arameen ña, Arameen ña nekk ci curgag Daawuda, di ko fey galag. Aji Sax ji
nag may Daawuda ndam fépp fu mu dem. [7] Ci kaw loolu Daawuda nangu
pakki wurus ya kilifay xarekati Adadeser daan aare seen bopp. Mu boole,
yóbbu Yerusalem. [8] Dëkki Adadeser ya ñuy wax Beta ak Berotay it, Buur
Daawuda nangoo na fa xànjar ju bare.
[9] Noonu Toyi buuru Amat dégg ne Daawuda duma na mbooloom xarem
Adadeser mépp. [10] Toyi yónni Yoram doomam ju góor ca Buur Daawuda. Mu

---

[i] **8.3** ***Soba*** turu dëkk la bu amoon buuru boppam. Waaye ci réewum Arameen ñi la bokkoon.

nuyu ko, sargal ko ca la mu xareek Adadeser ba duma ko, ngir moom Toyi xare woon naak Adadeser. Yoram indaaleel ko jumtukaayi xaalis ak wurus ak xànjar. [11] Buur Daawuda boole loolu, jagleel ko Aji Sax ji, na mu ko jagleele woon xaalis baak wurus, wa mu ˚lële ca mboolem xeet ya mu tegoon loxo; [12] muy Edomeen ñaak Mowabeen ñaak Amoreen ñaak Filisteen ñaak Amalegeen ña ak la mu lële ca buuru Soba, Adadeser doomu Reyob.

[13] Daawudaa nga gënatee siiw ba mu dumaa Arameen ñi, teg ca duma fukk ak juróom ñetti junni (18.000) ca Edomeen ña woon ca xuru Xorom sa. [14] Mu daldi tabb ay jawriñam ca réewum Edom. Réewu Edom ba mu daj la tabb ay jawriñ, Edomeen ñépp nekk ci curgag Daawuda. Aji Sax ji nag may Daawuda ndam fépp fu mu dem.

Lu jëm ci jawriñi Daawuda

[15] Buur Daawuda jiite na Israyil gépp, di doxalal waa réew ma mépp dëgg ak yoon. [16] Yowab, mi Seruya di yaayam, moo jiite woon mbooloom xare ma; Yosafat doomu Ayilut yor kàddoom; [17] Sadog doomu Ayitub, mook Ayimeleg doomu Abiyatar ñoo doon ˚saraxalkat ya; Seraya di bindkatam; [18] Benaya doomu Yoyada jiite Kereteen ñaak Peleteen ña, di dag ya ko dar; doomi Daawuda yu góor di ay saraxalkatam[j].

Daawuda baaxe na Mefiboset

9 [1] Am na bés Daawuda ne: «Ndax kenn desul ci waa kër Sóol, ba ma man koo laaye biir ngir Yonatan?» [2] Fekk na ab surgaa nga woon ca kër Sóol, di ku ñuy wax Siba. Ñu indi ko ca Daawuda, Buur Daawuda ne ko: «Siba?» Mu ne ko: «Naam, sang bi.» [3] Mu ne ko: «Ndax kenn desul ci waa kër Sóol, ba ma man koo laaye biir ci mbaaxu Yàlla?» Siba ne ko: «Doomu Yonatan ju góor a nga fa kay, ñaari tànk yépp a làggi.» [4] Buur ne ko: «Ana mu?» Mu ne ko: «Moom de, ma nga ca kër Makir, doomu Amiyel ju góor, ca dëkk ba ñuy wax Lodebar.»

[5] Buur Daawuda nag yeble, ñu jëleji sëtu Sóol ba, ca Lodebar, ca kër Makir, doomu Amiyel. [6] Mefiboset[k] la tuddoon, Yonatan di baayam, Sóol di maamam. Ba mu agsee ca Daawuda, da ne gurub sukk, dëpp jëwam fa suuf. Daawuda ne ko: «Mefiboset!» Mu ne ko: «Naam, sang bi.» [7] Daawuda ne ko: «Bul ragal dara, ndax dinaa la yéwéne bu baax, ngir sa baay Yonatan. Dinaa la delloo sa suufu maam Sóol yépp, te yaw ci sa bopp dinga bokk ak man ndab ba fàww.» [8] Mefiboset sujjóotal ko, ne ko: «Moo sang bi, maay kan ba nga di ma geesu, man mi tekkiwul dara, ba dara booloo jeex?»

[9] Ci kaw loolu Buur woolu Siba, surgab Sóol ba, ne ko: «Mboolem lu Sóol moomoon, ak lu waa këram moomoon may naa ko Mefiboset, sa sëtu sang bii. [10] Dee ko beyal toolam, di ko góobal, yaw yaak say doom ak say surga, ndax

---

[j] **8.18** Am na ñu jàpp ne saraxalkat yi ñuy wax fii, ay saytukat lañu woon.

[k] **9.6** ***Mefiboset*** dees na ko wooye Mefibaal ba tey. Seetal lu mel noonu ci 2.8.

waa këram am ab dund. Mefiboset ci boppam, mook man ay bokk ndab.» Siba
nag amoon na fukki doom yu góor ak juróom, ak ñaar fukki surga. [11] Siba ne
ko: «Buur, sang bi, li nga ma sant lépp de, loolu laay def.» La ca tegu
Mefiboset di bokk ak Buur ndab lu muy lekke, mel ni ku bokk ca doomi Buur.
[12] Mefiboset amoon na doom ju ndaw ju góor, ju tudd Mika. Waa kër Siba
ñépp it ay surgay Mefiboset lañu woon.
[13] Noonu Mefiboset, ma ñaari tànk ya làggi, far dëkk Yerusalem, ndax da
daan bokk ak Buur ndab lu muy lekke, bés bu nekk.

Daawuda jote naak Amoneen ña

10 [1] Gannaaw loolu Naxas buuru Amoneen ña dee, Anun doomam ju
góor falu buur, wuutu ko. [2] Daawuda ne: «Dinaa baaxe Anun, doomu
Naxas, na ma baayam Naxas baaxee woon.» Daawuda nag yónni ay ndawam
ca Anun, di ko jaal baayam. Ba ndawi Daawuda ya agsee ca réewum Amoneen
ña, [3] njiiti Amoneen ña wax ak seen sang Anun, ne ko: «Defe nga ne moos
wormaal sa baay la Daawuda namm, ba yónnee la ay nit ñu la jaal? Defewoo
ne seetsi dëkk bi ak nemmikusi ko, ba song koo tax Daawuda yónni ay nitam
ci yaw?» [4] Anun daldi jàpp niti Daawuda ña, ku ci nekk mu wat genn-wàllu
sikkimam, dagg mbubbam fa tollook toogukaayam, door koo dàq. [5] Ñu yegge
Daawuda mbir ma, mu yebal ndaw yu léen gatandu ndax gàcce gu réy ga ñu
léen teg. Mu ne léen ñu toog Yeriko, ba seeni sikkim sëqaat, ñu doora àgg kër
ga.
[6] Amoneen ña xam ne Daawuda jéppi na léen lool. Ñu dem bindi ñaar fukki
junniy (20.000) xarekat ca Arameen ña ca Bet-Reyob ak Soba, teg ca junniy
nit ñu bàyyikoo ca buuru Maaka, ak fukki junniy nit ak ñaar (12.000) ñu waa
Tob. [7] Daawuda dégg ko, yebal Yowab. Mu ànd ak mbooloom xare ma, ñépp
di niti xarekat. [8] Ba mu ko defee Amoneen ña génn, làng dér ca seen buntu
péey ba, fekk Arameen ña ca Soba ak Reyob ak waa Tob ak waa Maaka. ñoom
ñépp ña nga taxawe nee ca àll ba, seen wetu bopp. [9] Yowab gis làngi xare ya
ko féete kanam ak yeneen ya ko féete gannaaw. Mu tànne ca jàmbaari Israyil
yépp xarekat yu mag, ñu làng dér janook Arameen ña. [10] La des ca nit ña, mu
teg léen ca loxol rakkam Abisay, yebal léen, ñu làng dér janook Amoneen ña.
[11] Yowab ne ko: «Bu ma Amoneen ñi ëppee doole, nga wallusi ma; bu la
Amoneen ñi ëppee doole, ma wallusi la. [12] Góor-góorlul nag, te nu bokk góor-
góorlu, xeexal sunu xeet ak sunu dëkk yii sunu Yàlla séddoo. Yal na Aji Sax ji
def liy coobareem.»
[13] Noonu Yowab ak xarekat ya mu àndal wutali Arameen ña, ngir xareek
ñoom, ñooña won léen gannaaw, daw. [14] Amoneen ña gis Arameen ñay daw,
ñoom it ñu won Abisay gannaaw,daw, ba dellu ca biir dëkk ba. Yowab yemale
fa xare baak Amoneen ña, daldi dellu Yerusalem.

Daawuda xare naak Arameen ña

15 Gannaaw loolu Arameen ña gis ni léen Israyil dàqe. Ñu bokk nag daje.
16 Ci biir loolu Buur Adadeser yónnee, jëli Arameen ña ca wàllaa dexu Efraat.
Ñu dikk ba dëkk ba ñuy wax Elam, Sobag, njiital xarey Adadeser, jiite léen.
17 Naka lañu ko wax Daawuda, mu woo xarekati Israyil gépp, ànd ak ñoom jàll
dexu Yurdan, dem Elam. Arameen ñaa nga làng dér janook Daawuda. Xare ba
jib. 18 Waaye Arameen ñaa daw, won Israyil gannaaw. Daawuda rey ca ñoom
juróom ñaar téeméeri dawalkati watiiri xare (700), ak ñeent fukki junniy gawar
(40.000). Mu jam Sobag, seen njiital xare, mu dee foofa. 19 Mboolem buur yay
jawriñi Adadeser nag gis na léen Israyil dumaa, ñu daldi jàmmook ˚bànni
Israyil, nangul léen. Ba loolu amee Arameen ña ñemeetuñoo sotle Amoneen
ña.

Daawuda topp na bakkanam

11 1 Gannaaw loolu, ca déwén sa, jamono ja buur ya daan xareji,
Daawuda daa yebal Yowab, mu ànd ak jawriñi buur yaak mbooloom
xarem Israyil mépp. Noonu ñu faagaagal Amoneen ña, gaw dëkk ba ñu naan
Raba. Fekk na Daawudaa nga des Yerusalem.
2 Genn ngoon, Buur Daawuda jóge ca kaw laltoom, di doxantu ca kaw
taaxum këram. Mu tollu ca kaw taax ma, séen as ndaw suy sangu. Ndaw sa
jekk lool. 3 Daawuda yónnee ca ndaw sa, ngir xam ci moom dara. Ñu xamal ko
ne ko: «Batseba la, doomu Eliyam. Mooy jabaru Uri, Etteen bi.»
4 Ci kaw loolu Daawuda yónnee, ñu jëli ko. Ndaw sa ñëw, mu dëkkoo ko.
Fekk na ndaw sa gis baax bay doora sangu-set. Ndaw sa nag ñibbi. 5 Gannaaw
ga mu xam ne ëmb na, daldi yónnee ca Daawuda, wax ko ne ko dafa ëmb.
6 Ba mu ko defee Daawuda yónnee ca Yowab, ne ko mu wool ko Uri, Etteen
ba. Yowab wool ko Uri. 7 Ba Uri dikkee, Daawuda laaj ko jàmmi Yowab ak
jàmmi mbooloo ma ak nu xare ba deme, 8 ba noppi ne ko: «Àggal sa kër nag te
jàngu.» Uri bàyyikoo kër Buur, Buur tofal ko ag yóbbal. 9 Waaye Uri ñibbiwul
këram. Daa fanaan ca bunt kër Buur, mook surgay buur ya yépp.
10 Ba ñu waxee Daawuda ne ko: «Uri de ñibbiwul këram,» mu ne Uri: «Ciw
yoon nga jóge di, lu la tee ñibbi?»
11 Uri ne ko: «Sang bi, ˚gaalu Yàlla ga ànd ak Israyil ak Yuda dal ci ay
mbaar, Yowab sama njaatigeek xarekat ya bokk dal ca digg àll ba, man may
ñibbi sama kër, di lekk, di naan ak a dëkkoo sama soxna? Mukk! Ak sa jëmm
jii, giñ naa ko, nga fekke, duma def loolu!»
12 Daawuda ne Uri: «Kon toogaatal fii tey ba ëllëg, ma yiwi la, nga dem.»
Uri toog Yerusalem ba ca ëllëg sa. 13 Daawuda woo ko. Mu ñëw, bokk ak
moom lekk, daldi naan. Daawuda jox ko mu naan ba màndi. Ca ngoon sa Uri
génn, ñibbiwul këram ba tey, xanaa tëdd ca laltoom ca biir surgay Buur,
sangam.

[14] Ba bët setee Daawuda bind bataaxal, jox Uri, ngir mu yót ko Yowab.
[15] Fekk na mu bind ci bataaxal bi, ne Yowab: «Jiitalal Uri mii ca làng ga ca kanam, fa xare ba gëna tànge, te ngeen dànd ko, ndax ñu jam ko, mu dee.»
[16] Booba Yowab a nga gaw dëkk ba ñuy xeexal. Mu teg Uri fu ko wóor ne ay ñeyi xarey dëkk baa fa nekk. [17] Ci biir loolu waa dëkk ba génn, xeex ak ñoom Yowab, mu am ñu daanu ca xarekati Daawuda, Uri Etteen ba it dee ca.
[18] Ba mu ko defee Yowab yónnee ca Daawuda, wax ko la xew ca xare ba lépp. [19] Yowab ne ndaw la: «Boo nettalee buur li xew ci xare bi lépp, ba noppi, [20] jombul Buur mer, ne la: "Ana lu waral ngeen jegee noonu dëkk ba ci xeex? Xanaa xamuleen ne dinañu leen fitte ca kaw tata ja? [21] Ana ku reyoon Abimeleg doomu Yerubeset? Xanaa du jigéen a ko yenoon doju wolukaay wu mu sànnee ca kaw tata ja, ba mu dee foofa ca Tebes? Lu waral ngeen jegee noonu tata ja?" Su la waxee loolu, nga ne ko: "Uri, sa surga ba it, dee na."»
[22] Ndaw la dem ba àgg ca Daawuda, nettali ko la ko Yowab waxloo lépp.
[23] Ndaw la ne ko: «Nit ñaa nu jëkkoona man, ba génn dëkk ba, songsi nu ca àll ba. Waaye danu léena delloo gannaaw ba ca bunt dëkk ba. [24] Fittkat ya nag di nu fitte ca kaw tata ja, ba mu am ñu dee ci say nit. Etteen ba, Uri, sa surga ba sax, bokk na ca ña dee.» [25] Daawuda ne ndaw la: «Waxal Yowab ne ko, bu ko mbir moomu tiis; xareek dee a ànd, su dul kii di kee. Na gëna song dëkk ba rekk, ba daane ko. Ñaaxe ko noonu rekk.»
[26] Ba jabaru Uri déggee ne jëkkëram dee na, jooy na ko.
[27] Ba mu ténjee ba noppi[l], Daawuda yónnee, ñu indil ko ko këram, mu doon soxnaam. Gannaaw gi mu am doom, muy góor.
Waaye Aji Sax ji ñaawlu la Daawuda def.

Yonent Yàlla Natan yedd na Daawuda

12 [1] Mu am bés Aji Sax ji yónni Natan ca Daawuda. Mu dikk ca moom, ne ko: «Ñaari góor la woon ci ab dëkk. Kenn ka bare alal, ka ca des néewle. [2] Boroom alal ba am na jur gu bare, gu gudd ak gu gàtt. [3] Waaye ku néewle ka amul lu dul xar mu ndaw mu jigéen mu mu jëndoon, yar ko, muy màggandook ay doomam. Xar ma da daan bokk ak moom as njëlam, di naan ca kaas ba muy naane, bay tëdd ca kaw dënnam, di nelaw. Xar ma daa meloon ni doomam. [4] Mu am bés kuy tukki dal ca boroom alal ba. Waaye moom néegula sàkk ca nagi boppam mbaa gàtti boppam, ngir ganalee ko nit ka dal ci moom. Xanaa mu nangoo xar mu ndaw, ma ca ku néewle ka, ganalee ko gan ga.»
[5] Daawuda nag mer, ba xolam fees ci ki Natan di wax. Mu ne ko: «Giñ naa ko ci Aji Sax jiy dund, waa ji def loolu, dee mooy àtteem! [6] Te it war na feye xar ma ñeenti xar, gannaaw moo def loolu te amu ci jenn yërmande!» [7] Natan ne Daawuda: «Yaay waa ji! Aji Sax ji Yàllay Israyil dafa wax ne: "Man maa la fal buur, nga jiite Israyil. Maa la xettali ci Sóol, [8] jox la sa kër sang, teg sa

---

[l]**11.27** Jamono yooyu bànni Israyil juróom ñaari fan lañu aadawoo woon di ténj.

soxnay sang ci sa loxo, jox la nguuru Israyil ak Yuda. Te bu la loolu doyuloon it, ma dolli. [9] Ana lu waral ngay ñàkke worma sama kàddu, di def lu ma neexul, man Aji Sax ji? Reylu nga Uri, Etteen ba, ci xare, fexe ba Amoneen ñi rey ko, ba noppi nga jël jabaram, def ko sa jabar. [10] Kon nag reyante dootul gental sa kër mukk, ndax danga maa ñàkke worma, ba jël jabaru Uri Etteen ba, def ko sa jabar.” [11] Aji Sax ji dafa wax ne: “Dama ne, dinaa la indil musiba muy jóge ci sa waa kër. Dinaa jël say jabar, ngay gis, jox léen góor ni yaw, mu tëdde say jabar bëccëg ndarakàmm. [12] Xam nga yaw dangaa làqu woon, def ko. Waaye man dinaa sabab loolu ci kanam Israyil gépp, bëccëg ndarakàmm.”»
[13] Daawuda nag ne Natan: «Tooñ naa Aji Sax ji.» Natan ne ko: «Aji Sax ji it baal na la sa bàkkaar. Doo ci dee. [14] Waaye ni nga ñàkkee Aji Sax ji worma ci mbir mii dafa jéggi dayo. Moo tax doom ju góor ji nga ci am dina dee dév.»
[15] Ba loolu amee Natan dellu këram.

Doomu Daawuda faatu na

Ba mu ko defee Aji Sax ji daane xale ba jabari Uri am ak Daawuda. Xale ba wopp. [16] Daawuda di tinu Yàlla ci xale bi, di woor, daldi fatu, di fanaan ci suuf. [17] Mag ña ca kër ga jóg, di ko soññ ngir mu jóg suuf sa mu tëdd, waaye mu bañ, ba noppi nanguwula bokk ak ñoom lekk dara. [18] Ñu teg ca juróom ñaari fan, xale ba dee. Surgay Daawuda ya ragala wax Daawuda ne ko xale ba dee na. Booba ña ngay xalaat naan: «Ãa! Ndegam ba xale bay dund lanuy wax ak moom, dégluwu nu, nu nu koy waxe ne xale bi dee na? Soo moytuwul kat, mu def njaaxum.» [19] Waaye Daawuda seetlu léen ñuy déeyoo, mu xam ne xale bi dee na. Mu ne: «Xale bi daa dee?» Ñu ne ko: «Dee na.»
[20] Daawuda nag jóg fa mu tëddoon ca suuf, sangu, diwoo lu xeeñ, soluwaat, daldi dugg ca kër Aji Sax ji, sujjóot fa. Mu jóge fa, dem këram, santaane, ñu taajal ko lekk, mu lekk. [21] Surga ya ne ko: «Li ngay def lu mu doon? Bi xale biy dund, danga doon woor ak a jooy, léegi xale bi dee, nga jóg di lekk?»
[22] Mu ne léen: «Bi xale biy dund, may woor ak a jooy, booba maa ngi wax ci sama xel naan: “Ku xam ëllëgam? Jombul Aji Sax ji yéwéne ma, ba xale bi dund.” [23] Waaye gannaaw léegi dee na, ana lu may woorati? Ndax man naa koo dekkal? Man kay maa koy fekki, waaye moom du dellusi ci man mukk.»

Suleymaan gane na àddina

[24] Gannaaw gi Daawuda dëfal soxnaam Batseba. Ba loolu wéyee mu ànd ndaw sa, ndaw sa am ca doom ju góor, tudde ko Suleymaan. Mbëggeel gu Aji Sax ji am ci xale bi nag, [25] tax mu yónni yonent Yàlla Natan, ne ko mu tudde ko Yedija (mu firi Soppey Aji Sax ji).

Daawuda nangu na péeyub Amoneen ña

[26] Ci biir loolu Yowab di xareek waa Raba, péeyub Amoneen ña, ba nangu tatay buur ba. [27] Noonu Yowab yebal ay ndaw ca Daawuda, wax ko ne ko: «Xare naak waa Raba, nangu naa seen gox, ba ñuy jële ndox. [28] Kon booleel li

des ci xarekat yi, gaw dëkk bi, ba nangu ko. Lu ko moy maa koy nangu, ñu ne man a, tudde ma ko.» [29] Daawuda nag boole mbooloom xare ma mépp, jëm Raba, songi ko, ba nangu ko. [30] Ba mu ko defee mu nangu mbaxanam buur ma ñu solal jëmmu xërëm ja ñuy wax Milkom.[m] Diisaayu mbaxana maa nga tollu ci fanweeri kilo, di wurus, ay doj yu jafe tappe ca. Ñu tegal ko Daawuda ca kaw boppam. Daawuda ˚lële na lu baree-bare ca dëkk ba. [31] Génnee na fa nit ña, sas léen ay liggéey, jox léen lu ñuy dagge ak i ngajjook i sémmiñ, di léen móol-loo. Noonu la def waa dëkki Amoneen ñépp. Gannaaw loolu Daawuda ànd ak mbooloom xareem mépp, dellu Yerusalem.

Amnon tooñ na Tamar

13 [1] Bu loolu wéyee Absalom doomu Daawuda amoon na jigéen bu rafet bu ñuy wax Tamar. Jeneen doomu Daawuda ju ñuy wax Amnon xemmem Tamar. [2] Amnon nag bopp ba ubu, ba mu mujj wopp ngir Tamar, jigéenam boobu. Manu ko woona fexeel dara ndax janq la woon. [3] Ci biir loolu Amnon amoon na xarit bu ñuy wax Yonadab, doomu Simeya, miy doomu baayi Daawuda. Yonadab def ku ñaw xel lool. [4] Mu ne Amnon: «Waaw, yaw doomu Buur nga, lu la tax ne yogg nii bés bu set? Doo ma ko wax?» Amnon ne ko: «Damaa xemmem Tamar, mi bokk ak sama doomu baay Absalom ndey ak baay.» [5] Yonadab ne ko: «Dangay tëdd ci sa lal ne dangaa wopp. Bu sa baay dikkee di la seet, nga wax ko ne ko: "Damaa bëgg sama jigéen Tamar ñëw, may ma lu ma lekk te togg ko ci sama kanam may gis, ba noppi sexal ma, ma lekk."»

[6] Ba loolu amee Amnon tëdd, mel ni ku wopp. Ba Buur dikkee di ko seet, Amnon wax ko ne ko: «Damaa bëgg sama jigéen Tamar ñëw defaral ma ñaari mburu yu ndaw, may gis, te sexal ma, ma lekk.» [7] Daawuda yónnee ca Tamar, ca kër Buur, ne ko mu dem kër càmmiñam Amnon, toggal ko lu mu lekk. [8] Tamar dem kër càmmiñam Amnon, fekk ko mu tëdd. Mu sàkk sunguf, not ko, defal ko ko ay mburu yu ndaw, lakkal ko ko, muy gis. [9] Mu noppi, jël ndab la, taajal ko. Waaye Amnon baña lekk, xanaa daldi ne: «Na ñépp génn!» Ñépp génn wacc ko fa. [10] Mu ne Tamar: «Indil ma ko ci sama néegu biir, te sexal ma, ma lekk.» Tamar jël mburu ma mu lakk, yóbbul càmmiñam Amnon ca néegu biiram. [11] Naka la ko indil mburu mi, di ko sexal, Amnon ne ko katam, ne ko: «Kaay ci lal bi, nu tëdd, sama jigéen.» [12] Mu ne ko: «Déedéet sama góor, bu ma néewal doole, ndax lii deesu ko def ci Israyil! Bul def jëfi dof ju sew jooju mukk! [13] Fu ma jëm ak googu gàcce, man? Te yaw it dootuloo jar dara ci digg Israyil. Tee ngaa wax ak Buur? Du ma la baña may.» [14] Waaye Amnon dégluwu ko, xanaa néewal ko doole, ba tëdde ko.

[15] Gannaaw loolu Amnon jéppi ko njéefo lu raw xemmem ga mu ko xemmemoon. Mu ne ko: «Ayca, doxal!» [16] Tamar ne ko: «Déedéet, doo ma dàq, di ma tooñ tooñ gu raw li nga ma def ba noppi!» Waaye Amnon nanguwu

---

[m]**12.30** Am na mbind yu yàgg yu ñu indi ne seen buur lañu daan solal mbaxana mi.

koo déglu, [17] xanaa woo bëkk-néegam, ne ko: «Génneel ma kii te tëj bunt beek caabi.» [18] Surga ba génne ko, tëj bunt baak caabi.

Tamar a nga sol mbubb mu yànj, ndax booba janqi buur bu séyagul noonu la daan soloo. [19] Mu sottikoo dóom ca bopp ba, xotti mbubb mu yànj ma, yenu loxo ya, di yuuxuy dem. [20] Càmmiñam Absalom gis ko, ne ko: «Amnon sa càmmiñ si da laa tëdde? Neel cell rekk, sama jigéen, sa càmmiñ a. Bu ko naqarlu.» Noonu Tamar toog kër càmmiñam Absalom, wéetoo naqaram tiisam.

[21] Ba Buur Daawuda déggee mbir mooma mépp, mer na lool.[n] [22] Absalom nag jéppi Amnon, ba séqatul ak moom jenn wax, ndax na mu toroxale jigéenam Tamar.

Absalom feyu na

[23] Ba ñu ca tegee ñaari ati lëmm, Absalom dem di watlu ay xaram[o] ca Baal-Asor, fa feggook diiwaanu Efrayim. Absalom daldi fay woo doomi buur yu góor yépp. [24] Mu dem ca Buur ne ko: «Sang bi, ma ne, damay watlu samay xar. Tee ngaa ànd ak say jawriñ rekk, Buur, nu dem ca?» [25] Buur ne Absalom: «Déet waay, doom. Bunu dem nun ñépp. Day diis ci yaw.» Absalom soññ ko, Buur gàntal, waaye terewul mu ñaanal ko. [26] Absalom ne ko: «Bàyyil boog sama mag Amnon, mu ànd ak nun.» Mu ne ko: «Lu muy ànd ak yaw doye?» [27] Absalom soññati ko, ba Buur yebal Amnon, mu ànd ak moom, ak yeneen doomi buur yu góor yépp.

[28] Ba mu ko defee Absalom sant ay nitam, ne léen: «Ma ne, bu Amnon naanee biiñ, ba xolam sedd, bu ma ne leen jamleen ko rekk, reyleen ko. Buleen ragal; man maa leen ko sant. Góor-góorluleen nag te ñeme.» [29] Niti Absalom ña def ak Amnon la léen Absalom sant, daldi rey Amnon. Ba loolu amee yeneen doomi buur yu góor yépp jóg, war seeni berkelle, daw.

[30] Ñu tegu ca yoon wa di ñëw, am ñu yegge Daawuda, ne ko: «Buur, Absalom jam na sa doom yu góor yépp, ba kenn desu ca.» [31] Buur jóg, xotti ay yéreem ndax naqaru xol, daldi daanu ca suuf, surgaam yépp taxaw. Ñu xotti seen yére, ñoom it, di ñaawlu.

[32] Ci kaw loolu Yonadab wax ak Daawuda. Yonadab mooy doomi Simeyon, magi Daawuda ju góor. Mu ne: «Sang bi, bul defe ne sa doom yépp lañu rey de. Amnon rekk a dee. Absalom waxoon na ko. Dogu woon na ne dina ko def, keroog ba Amnon tëddee rakkam Tamar. [33] Kon kat Buur, sang bi, bul naqarlu, defe ne sa doom yu góor yépp a dee. Amnon rekk a dee.» [34] Fekk na Absalom daw.

---

[n] **13.21** Am na ci bind yu jëkk yi yu ci indi kàddu gii, toftal ko fii aaya bi jeexe: *Waaye bëggul woon a jeexal xolu doomam Amnon, ndax moo doon taawam bu góor.*

[o] **13.23** Xari waa penku dañuy bare kawar gu ñuy wat ak a ëcc, di ci defar ag wëñ. Bu ñu daan watlu seeni xar, xew mu réy la woon.

Ba loolu amee wattukat ba aye séentu, gisul lu moy nit ñu bare ñu awe yoonu Oronayim, bartaloo tund wa.[p] [35] Yonadab ne Buur: «Mu ngoog, sang bi, sa doom yaay ñëw. La ma waxoon a am.» [36] Naka la daane kàddoom, doomi Buur ya agsi. Ña ngay yuuxoo, di jooy. Buur ak surgaam yépp di jooy jooy yu metti.

[37] Noonu Absalom daw, dem ca buuru Gesur, Talmay, doomu Amiyut. Waaye Buur Daawuda moom di jooy doomam ju góor ja dee, bés bu nekk. [38] Ba Absalom dawee, dem Gesur, toog na fa ñetti at. [39] Gannaaw gi Buur Daawuda toppatul Absalom, ndax mujj na miis deewug Amnon.

Absalom dellusi na

14 [1] Ci biir loolu Yowab, ma Seruya di yaayam, xam ne xelu Buur Daawudaa ngi ci Absalom. [2] Yowab nag yónnee ca dëkk ba ñuy wax Tekowa, ñu jëleji fa jigéen ju rafet xel, indil ko ko. Yowab ne ko: «Rikk melal ni kuy ténj. Solal yérey kuy ténj te bul xeeñoo lu neex. Defal daal yëfi ku ténj lu yàgg. [3] Su ko defee nga àgg ca Buur, wax ko li ma lay wax.» Yowab wax ko la mu wara wax.

[4] Jigéen ja dëkk Tekowa àgg ca Buur, daanu ci suuf, sujjóotal ko, ne ko: «Éey, Buur, wallu ma!» [5] Buur ne ko: «Lu la dal?» Mu ne ko: «Man de gore, dama dib jëtun; sama jëkkër a dee. [6] Sang bi, amoon naa ñaari doom yu góor. Ñu doon xeex ca àll ba te ku léen àtte nekku fa. Kenn ka dóor moroom ma, rey ko. [7] Noonu rekk bokk yépp jóg dal ci sama kaw, sang bi. Ñu ne ma: "Jox nu sa doom ji rey doomu ndeyam, nu rey ko, feyul doomu ndeyam ji mu rey. Su ko defee nu sàkkal ko pexe, moom mi dese ndono li sax." Dañu maa nara xañ kenn ki ma dese, sama turu jëkkër fey, askanam jeex ci kaw suuf.» [8] Buur ne ko: «Demal ñibbi. Man ci sama bopp dinaa joxe ndigal ci yaw.» [9] Waaye jigéen ja ne ko: «Éy Buur sang bi, àq ju ci am, yal na nu topp, maak sama waa kër baay, te yaw Buur, nga bañ cee gàddu dara, yaak waa kër buur.» [10] Buur ne ko: «Ku la tudd, indil ma ko fii, dootu la sonal. [11] Mu ne ko: «Kon ngalla Buur, dogul ci sa turu Yàlla Aji Sax ji ne dinga aaye nit kiy topp sama doom bakkanu ka dee, ngir mu baña rey sama doom jii, deret di gëna tuuru.» Mu ne ko: «Giñ naa ko ci turu Aji Sax jiy dund, kawar gu gëna tuut du jóge ci sa boppu doom, wadd ci suuf.»

[12] Jigéen ja ne ko: «Éy Buur, ma ñeme laa waxati benn baat boog, sang bi!» Mu ne ko: «Waxal.» [13] Mu ne: «Lu waral kon nga naral mbooloom Yàlla lu ni mel? Buur, boo waxee loolu kay, yey nga sa bopp, ndax jëliwoo sa doom ja gàddaay. [14] Dee moom, du jaas, mook ndox mu tuuroo yem: maneesu ko tanqati. Waaye du loolu la Yàlla namm ci ki gàddaay. Yàlla musalul kenn ci dee, waaye ki gàddaay, Yàlla dina ko lalal pexe, ba du ko sore, di nekke ndoxandéem ba fàww. [15] Buur sang bi, damaa ñëw wax la kàddu yii, ndax

---

[p] **13.34** Am na ci bind yu jëkk yi yu ci indi kàddu gii, toftal ko fii aaya bi jeexe: *Wottukat ba dikk, wax ko Buur, ne ko: «Gis naa nit ñu jóge yoonu Oronayim, bartaloo tund wa.»*

mbooloo mi dañu maa tiital. Ma noon nag sang bi, dinaa wax ak Buur, jombul mu defal ma li may ñaan. [16] Jombul Buur sang bi nangu maa xettali ci ki nuy fexee beddi, sànk nu, ndax kon maak sama doom dootunu bokk ci mbooloo mi Yàlla jagoo. [17] Léegi nag sang bi, yal na sa kàddu gii di sama noflaay. Ndax yaw Buur, sama sang, dangaa mel ni malaakam Yàlla, am ug dégg, di teqale liy yoon ak li dul yoon. Yal na sa Yàlla Aji Sax ji ànd ak yaw.»

[18] Buur ne jigéen ja: «Léegi nag, bu ma nëbbu, tontu ma ci lii ma lay laaj.» Mu ne ko: «Waxal, Buur, sang bi.» [19] Mu ne ko: «Ndax du Yowab a nas pexe mii mépp, yaak moom?» Mu ne ko: «Buur, sang bi, ak sa barke, li nga wax rekk la, du leneen moos! Yowab, sa jawriñ bee ma ko sant. Moo ma waxloo lii lépp, sang bi. [20] Jubbanti mbir mii de moo tax Yowab def lii. Waaye yaw sang bi, danga di boroom xel mu rafet ni malaakam Yàlla. Xam nga mboolem lu xew ci réew mi.»

[21] Gannaaw gi Buur ne Yowab: «Waaw, baax na, nangu naa. Demal jëli ngóor sa, Absalom.» [22] Yowab nag daanu ca suuf, sujjóot, ne Buur: «Buur, sang bi, yal nanga barkeel, sang bi. Xam naa ne may nga ma cér, gannaaw yaa ma may lii may dagaan.» [23] Ba loolu amee Yowab dem Gesur, daldi delloosi Absalom Yerusalem. [24] Waaye Buur Daawuda ne, na Absalom yem këram. Mu ne bu mu taxaw ci kanamam. Ba mu ko defee Absalom yem këram, te taxawul fa kanam Buur Daawuda.

[25] Absalom nag amul woon góor gu siiwe ni moom ci Israyil gépp ndax góorayiw. La ko dale ca wewu tànkam ba ca digg bopp ba, du lenn lu ca sikk. [26] At mu jotaan mu watu ndax njañ lu diis, te bu watoo, natt kawar ga ci doomi nattukaayu buur, mu jege ñaari kilook genn-wàll. [27] Absalom amoon na ñetti doom yu góor ak doom ju jigéen. Tamar, doom ju jigéen ja, doon ndaw su taaru.

[28] Absalom nekk na Yerusalem ñaari ati lëmm yu mu sañula taxaw fa kanam Buur baayam. [29] Gannaaw gi Absalom yónnee, ñu wool ko Yowab ngir mu yónni ko ca Buur. Yowab lànk, ñëwul. Mu yónneewaat, mu lànk. [30] Absalom ne ay surgaam: «Gis ngeen, toolu Yowab mook sama tool a sësoo, te peppum lors a nga ca. Demleen taal ko.» Surgay Absalom dem, taal tool ba. [31] Ba loolu amee Yowab waaxu ba ca kër Absalom, ne ko: «Ana lu waral say surga taal sama tool?» [32] Absalom ne Yowab: «Xam nga damaa yónnee ci yaw, ne la ñëwal, ma yónni la ca Buur, nga laajal ma ko lu ma taxa jóge Gesur. Li gënoon ci man kay mooy ma toog foofa! Léegi daal damay gis Buur. Su fekkee ne damaa tooñ, na ma rey!»

[33] Yowab dem ca Buur, wax ko ko. Buur woolu Absalom. Mu dikk sukk, sujjóotal ko. Buur taf ko ca kawam.

Absalom lal na pexe

15 [1] Gannaaw ba loolu wéyee Absalom daa jël watiir ak i fas ak juróom fukki nit ñuy daw di ko jiitu. [2] Muy teela jóg nag, taxaw ca peggu yoon, wa jëm ca buntu dëkk ba. Saa yu nit dikkee, am lu muy tawat, di ko

diis-si Buur, ngir mu àtte ko, Absalom woo ko, laaj ko ne ko: «Ci ban dëkk nga bokk?» Kooku ne ko ci giiru Israyil sàngam la bokk. [3] Absalom ne ko: «Gisal, sa tawat yoon la, jaadu na. Waaye kenn ku bokk ci Buur du la déglu.» [4] Su ko defee Absalom da cay teg ne ko: «Maa bëggoon ñu fal ma njiit, may àtte ci réew mi! Kon képp ku am lu muy tawat mbaa muy layoo, ci man lay ñëw, ma taxaw ci, ba jox ko li ko yoon may.» [5] Képp ku ñëwaan it di sukkal Absalom, Absalom da koy yóotu, jàpp ci moom, fóon ko. [6] Absalom jàppoo ko noonu ak mboolem ˚bànni Israyil yay ñëw ca buur ba, di sàkku yoon. Ni la fàbbee xoli bànni Israyil.

[7] Ba ñu demee ba ñeenti at[q] jàll, Absalom ne Buur: «May ma, ma dem Ebron defali Aji Sax ji la ma dige woon ak moom, [8] ndax kat, sang bi, ba ma nekkee Gesur ca réewum Arameen ña, damaa dige woon ne: "Su ma Aji Sax ji delloo, ba ma dellu Yerusalem, dinaa dem màggali ko."» [9] Buur ne ko: «Demal ak jàmm.» Mu daldi dem Ebron.

[10] Absalom nag yónnee ndéey. Ay ndaw yegge ko giiri Israyil gépp. Mu ne léen: «Bu ngeen di dégg liit gu jib rekk, ne léen: "Absalom falu na buur ca Ebron!"» [11] Ñaar téeméeri góor a jóge Yerusalem, Absalom woo woon léen, ñu ànd ak moom, yéguñu, tinuñu, xamuñu it dara ca mébétam. [12] Ci biir loolu Absalom di def ay sarax, daldi yónnee, ñu jëli Ayitofel ma topp ca Daawuda, di ko xelal. Ayitofel bàyyikoo ca Gilo. Pexe ma nag mujj na réy, ña topp Absalom di yokku ba bare.

Daawudaa ngi wuta rëcc

[13] Ba mu ko defee ñu yebal ndaw, mu dikk ne Daawuda: «Bànni Israyil de jàmbu nañu, ba far ak Absalom.» [14] Daawuda wax ak mboolem jawriñam ya mu nekkal ca Yerusalem, ne léen: «Nan daw! Lu ko moy kenn ci nun du rëcc Absalom. Nan dem léegi bala moo gaawtu, ba dab nu, def nu musiba, boole ci faagaagal waa dëkk bi.» [15] Jawriñ ya ne Buur: «Buur, sang bi, lépp loo namm rekk, nu ngi nii taxaw.» [16] Ba loolu amee Buur tegu ca yoon wa, waa këram yépp topp ciy tànkam. Bàyyiwul gannaaw lu moy fukki jigéen ñu mu jëloon te amuñu sañ-sañi soxna yu mat sëkk, ñu wara topptoo kër ga.

[17] Buur dem, mbooloo mépp topp ko, ba ca kër gu mujj ga, ñu taxaw. [18] Nitam ñépp a dox romb ko, ñook dag ya ko dar yépp, di Kereteen ñaak Peleteen ña, ak mboolem waa Gaat ya tollu ci juróom benni téeméeri nit te toppe woon ko ca Gaat. Ña ngay dox jiitu ko.

[19] Buur ne Itay, waa Gaat ba: «Dangay ànd ak nun? Tee ngaa dellu Yerusalem, toog ca Buur Absalom? Gannaaw yaw doxandéem nga bu gàddaaye fa nga fekk baax. [20] Bëkk-démb doŋŋ nga fi ñëw, tey ma di la bàyyi ngay ànd ak nun di wëreelu, te xawma sax fu ma jëm. Dellul, kay, ànd ak sa waa réew. Yal na la Aji Sax ji baaxe te won la kóllëreem.» [21] Waaye Itay ne Buur: «Sang bi, giñ naa, nga fekke, ci Aji Sax jiy dund, fépp foo jëm yaw

---

[q]**15.7** ***ñeenti at*** yi ñuy wax fi am na ñu ne man na doon *ñeent fukki at.*

Buur, sama sang, dinaa fa ànd ak yaw, su may dund ak su may dee.»
[22] Daawuda ne Itay: «Kon doxal jiitu.» Itay jiitu, mook nitam ñépp ak
mboolem njabootam.
[23] Mbooloom Daawuda mépp a ngay dem, waa réew ma mépp taxaw di
yuuxook a jooyoo. Buur ba jàll xuru Kidiron, mbooloo ma mépp ànd wuti
màndiŋ ma.
[24] Sadog ak Abiyatar, ˚saraxalkat yaa nga fa woon, ñoom itam. Ñenn ca góori
˚Leween ña bokkoon nañu ca, di gàddu ˚gaal ga àlluway kóllërey Yàlla ga
dence. Ba ñu tegee gaal ga, Abiyatar di rendi ay sarax, ba mbooloo ma mépp
génn dëkk ba. [25] Buur ne Sadog: «Dellool gaalu Yàlla gi ca dëkk ba. Bu ma Aji
Sax ji baaxee, dina ma delloosi, ma gisaat gaal gi, gisaat fi mu dëkk. [26] Waaye
bu ma waxee ne ma bégul ci man, su boobaa ba tey maa ngi. Na def li ko soob
ci man.» [27] Buur dellu wax ak Sadog saraxalkat ba, ne ko: «Dégg nga déy?
Dellul ak jàmm ca dëkk ba, ànd ak Ayimaas, sa doom ju góor, ak Yonatan
doomu Abiyatar. Yaak Abiyatar àndleen ak seen ñaari doom yu góor.
[28] Xoolal, dinaa leen xaar ca jàllukaayu dex ba ca yoonu màndiŋ ma, ba keroog
may dégg kàddu gu bawoo ci yaw.» [29] Noonu Sadog ak Abiyatar delloo gaalu
Yàlla ga Yerusalem, daldi fay toog.
[30] Daawudaa ngay wéy, di yéeg tundu Oliw ya, tey jooy. Ma nga muuru, def
tànki neen ndax u naqar. Nit ña mu àndal ñépp muur seen bopp ñoom it, di
yéeg tey jooyoo. [31] Fekk na ñu wax Daawuda ne ko Ayitofel bokk na ca ña
lëngook Absalom. Daawuda nag ñaan ne: «Yaw, Aji Sax ji, ngalla yàqal
pexem Ayitofel.»
[32] Ba Daawuda àggee ca collu tund wa, fa ñu daan jaamoo Yàlla, fekku fa ku
moy Usay Arkeen ba. Mu gatandu ko. Ma ngay tiislu, mbubb ma xottiku, bopp
ba pënd. [33] Daawuda ne ko: «Soo àndee ak man, danga may diisal rekk.
[34] Waaye dangay dellu ca dëkk ba, ne Absalom: "Buur, sab jaam laa. Sa jaamu
baay laa woon, waaye léegi sab jaam laa." Noonu nga may yàqale pexem
Ayitofel. [35] Te sax Sadog ak Abiyatar, saraxalkat ya, nga fay bokk nekkal. Loo
dégg kër Buur, wax léen ko. [36] Te sax seen ñaari doom yu góor a nga faak
ñoom: Ayimaas doomu Sadog, ak Yonatan doomu Abiyatar. Yónnee ma léen,
ñu yegge ma loo dégg.» [37] Noonu Usay, bëkk-néegu Daawuda, yoxoosu,
duggsi Yerusalem, yemook Absalom itam di agsi.

Daawuda tase naak surgab Mefiboset

16 [1] Naka la Daawuda dox ba weesu tuuti collu tund wa rekk, yem ca
Siba, surgab Mefiboset. Ma nga làng ak ñaari mbaam yu ñu laltaay te
sëf ñaar téeméeri mburu ak téeméeri danki reseñ ak téeméeri danki figg ak
mbuusum biiñ. [2] Buur ne Siba: «Lii nga indi nag?» Mu ne ko: «Buur, mbaam
yi sa waa kër laa ko indil, ñu war; mburu meek meññeef mi, gaa ñi lekk; biiñ
bi, ñi loof ci màndiŋ mi naan ko.» [3] Mu ne ko: «Waaw, ana Mefiboset, sa sëtu
sang ba?» Siba ne Buur: «Moom de ma nga des Yerusalem, ndax defe na ne
tey ˚bànni Israyil delloo ko nguuru maamam.» [4] Buur ne ko: «Kon boog, may

naa la mboolem alalu Mefiboset.» Mu ne ko: «Jaajëf Buur sang bi, gis naa ni nga ma baaxee.»

Daawuda tase naak mbokkum Sóol

[5] Gannaaw loolu Buur Daawuda dem bay jub dëkk ba ñuy wax Baxurim rekk, yemook jenn waay ju bokk ci waa kër Sóol. Ma nga tuddoon Simeyi, doomu Gera. Naka la waa ja ne tëll, jubsi, di tifaar Daawuda ay saaga, [6] di ko sànni ay xeer, mook i jawriñam yépp. Faalewul kenn ci mbooloom Daawuda ma mépp ak jàmbaar ya ko dar yépp. [7] Simeyee ngay saaga Daawuda naan: «Ayca, mott! bóomkat bee, nit ku sew ki! [8] Aji Sax ji fey na la dereti waa kër Sóol ja nga tuur yépp, ba noppi falu wuutu ko. Aji Sax ji teg na nguur gi ci sa loxol doom Absalom. Yaa ngi nii torox ndax bóomkat nga.»

[9] Ci kaw loolu Abisay, waa ja Seruya di yaayam, ne Daawuda: «Buur, sang bi, luy ndeyi xaj bu dee bii di la saaga? Bàyyil rekk ma jàll, teqale boppam ak baatam!» [10] Buur ne ko: «Yéen doomi Seruya yi, lu ciy seen yoon? Sañ na maa saaga. Su ko Aji Sax ji santee mu saaga ma, ana ku ko saña laaj lu tax?» [11] Ba loolu amee Daawuda wax ak Abisay ak jawriñam yépp, ne léen: «Du gis ngeen sama doom ji ma jur ci sama geño, muy wuta faat sama bakkan? Kon kay kii bokk ci giiru Beñamin matula wax. Bàyyileen ko, mu saaga ma, ndax Aji Sax jee ko ko sant. [12] Jombul Aji Sax ji gis sama naqar, ba feye ma aw yiw saagay kii tey.»

[13] Ba mu ko defee Daawuda ànd ak i nitam topp yoon wa, Simeyi làng ak moom ca mbartalu tund wa, di dem, di ko saagaak a sànni xeer, di ko sëllax suuf. [14] Gannaaw gi Buur ak mbooloo ma mu àndal mépp agsi, sonn lool. Ñu daldi noppalu foofa.

Absalom dugg na Yerusalem

[15] Fekk na Absalom agsi Yerusalem, ànd ak mboolem niti Israyil ñi far ak moom. Ayitofel a nga ànd ak moom. [16] Usay, Arkeen ba doon bëkk-néegu Daawuda, dem ca moom, ne ko: «Yal na Buur gudd fan waay, yal na Buur gudd fan!» [17] Absalom ne Usay: «Looloy sa kóllëre ci sab xarit a? Lu la teree ànd ak sab xarit?» [18] Usay ne Absalom: «Déedéet, ki Aji Sax ji tànn, mbooloo mii tànn ko, ñook mboolem ˚bànni Israyil, kookoo may moom, te ci moom laay toog. [19] Te sax ku may topp ku dul yaw, doomi Buur? Ni ma toppe woon sa baay rekk laa lay toppe tey.»

[20] Ci kaw loolu Absalom ne Ayitofel: «Xelal-leen nu boog, lu nu wara def?» [21] Ayitofel ne ko: «Demal dëkkoo jigéen ñi sa baay denc te amuñu sañ-sañi soxna yu mat sëkk, mu wacce léen këram, ñu di ko topptoo. Su ko defee bànni Israyil yépp dinañu xam ne def nga lu tax sa baay sib la. Dina tax say farandoo gëna am fit.» [22] Ba loolu amee ñu sampal Absalom xayma ca kaw taaxum kër Buur, Absalom di dëkkoo jigéen ñi baayam denc, Israyil gépp seede ko.

[23] Booba lu Ayitofel masaana digle day mel ni kàddu gu bawoo ca Yàlla. Daawudaak Absalom, ñoom ñaar ñépp noonu lañu fonke woon ndigalu Ayitofel.

Usay nax na Absalom

17 [1] Gannaaw loolu Ayitofel ne Absalom: «Ngalla may ma, ma tànn fukki junniy xarekat ak ñaar (12.000) te dàqi Daawuda ci guddi gi. [2] Dinaa dal ci kawam, fekk mu sonn, jàq. Damay xoqtal Buur Daawuda, ba mbooloo mi mu àndal mépp daw, ma rey ko, moom kenn. [3] Dinaa la delloosil mbooloo mépp. Bu ki ngay fexeel deeyee rekk, mbooloo mi mépp dellusi, jàmm ne ñoyy.» [4] Pexe moomu nag jub ci Absalom, mook magi Israyil ñépp. [5] Teewul Absalom ne: «Wooleen Usay, Arkeen bi itam, nu déglu lu mu ciy wax.» [6] Usay dikk ca Absalom, mu wax ko la Ayitofel digle ne ko: «Ndax loolu Ayitofel wax lanu wara def am déet? Wax nu lu ciy sa xalaat, yaw.»

[7] Usay ne Absalom: «Li Ayitofel digle bii yoon de baaxul. [8] Xam nga sa baay ak ay nitam. Ay xarekat yu jàmbaare lañu te wex ni gaynde gu ñu fab doom ya, te it, sa baay ku xam xeex la, du fanaan ak xarekat ya. [9] Xam naa ne ma nga làqu ci xuntim xeer, mbaa bérab rekk. Te bu aw nit jëkkee daanu ci seen biir yéen, ku ko dégg dina ne: "Jéll bu réy am na ca mbooloom Absalom." [10] Su boobaa, ku ñeme sax, ba dëgëru fit ni gaynde, dinga tiit lool, ba ne yàcc, ngir Israyil gépp xam nañu ne sa baay ñeyi xare la te it ñi ànd ak moom jàmbaar lañu. [11] Kon sama xalaat mooy nga boole ñi ànd ak yaw ba ñu daj, muy Israyil gépp, dale ko diiwaanu Dan ca bëj-gànnaar ba ca Beerseba ca bëj-saalum. Muy mbooloo mu bare, tollu ni suufas géej; te yaw ci sa bopp, nga jiite léen ci xare bi. [12] Nu song ko nag fu ñu ko mana fekk, ba noppi wadd ci kawam, saawu nib lay. Deesu ci bàyyi kenn muy dund, du moom, du kenn ciy nitam. [13] Su làqoo ci ab dëkk bu mag, Israyil gépp yóbbaale ay buum ca tata ja, nu laaw ko, wat ba ca xur wa, ba kenn dootul gis aw doj wu ca bokkoon.»

[14] Absalom ak waa Israyil gépp daldi ne: «Ndigalal Usay, Arkeen bii kat, moo gën ndigalu Ayitofel.» Booba Aji Sax ji nar na indil Absalom musiba. Moo tax mu neenal pexe mu jub ma Ayitofel laloon.

[15] Noonu Usay wax ak Sadog ak Abiyatar ˚saraxalkat ya, nettali léen la Ayitofel digal Absalom ak magi Israyil ña, ak la mu léen digal, moom Usay. [16] Mu ne léen: «Gaawleen yónnee léegi ca Buur Daawuda te wax ko ne ko bumu fanaan fa ñuy jàlle dex ga, jëm ca màndiŋ ma. Na jàll-a-jàll dex ga, lu ko moy dees na ko bóom, mook mbooloo ma mu àndal mépp.»

[17] Ma nga fekk Yonatan ak Ayimaas ca bëtu ndox ba ñuy wax Rogel. Manuñu woona dugg ca biir dëkk ba, ndax ragal ñu gis léen. Ab jaam bu jigéen nag di dem ca Yonatan ak Ayimaas, di léen wax la xew, ngir ñu dem ca Buur Daawuda, yegge ko ko. [18] Teewul ab xale bu góor gis léen, wax ko Absalom. Ba mu ko defee ñu ànd ñoom ñaar, gaaw dem ca kër jenn waay ju dëkk Baxurim. Waa ja am ab teen ca ëttam, ñu dugg ca biir. [19] Ci kaw loolu soxna sa jël basaŋ, lal ko ca pindu teen ba, ba noppi wasaare pepp ca kaw, ba

kenn du ca foog dara. [20] Jawriñi Absalom dikk ca kër ga, fekk fa ndaw sa, ne
ko: «Ana Ayimaas ak Yonatan?» Ndaw sa ne léen: «Jéggi nañu dex gi.» Ñu
seet, gisuñu kenn, daldi dellu Yerusalem.
[21] Gannaaw ba ñu demee, Ayimaas ak Yonatan yéeg, génn teen ba, dem nag
artuji Buur Daawuda. Ñu ne ko Ayitofel digle na nàngam ak nàngam ci moom,
neeti ko: «Gaawleen jàll dex gi léegi.» [22] Ca saa sa Daawudaak i nitam ñépp
jàll dexu Yurdan ga. Ba jant bay fenk, kenn sax desul ku jàllul dex ga.
[23] Ci biir loolu Ayitofel gis ne déggeesul ndigalam, mu takk mbaamam, ñibbi
ca dëkk ba mu fekk baax. Noonu mu topptoo mbiri këram ba mu jekk, ba
noppi wékk boppam, xaru. Ñu suul ko ca sëgi baayam.
[24] Daawuda nag àgg Maxanayim, fekk Absalom di jàll dexu Yurdan, ànd ak
xarekati Israyil yépp. [25] Absalom a nga faloon Amasa, mu jiite mbooloom xare
ma, wuutu Yowab. Amasa moo doon doomu góor gu ñuy wax Yittra, di ˚bànni
Israyil bu jëloon Abigayil, mi Nawyas di baayam. Abigayil ak Seruya, yaayu
Yowab, ñoo bokk ndey. [26] Bànni Israyil daldi ànd ak Absalom dal ca diiwaanu
Galaat. [27] Ba Daawuda àggee Maxanayim, Sobi doomu Nayas mu Raba, ga ca
dëkkub Amoneen ña, teertu na ko; mook Makir, doomu Amiyel ma dëkk
Lodebar; ak Barsilay, waa Galaat ba dëkk Rogelim. [28] Noonu ñu indi ay laltu
ak i ndab ak i njaq, ak peppum bele ak peppum lors ak sunguf ak mbool ak
xeeti ñebbe, [29] ak lem ak um soow, ak i gàtt, ak formaasu nag ngir Daawudaak
mbooloom lekk. Ndaxte booba dañu ne: «Mbooloo mi de boole nañu xiif ak
mar ak coonob màndiŋ ma.»

Daawuda xare naak Absalom

18 [1] Ba loolu weesoo Daawuda xayma na mbooloo ma mu àndal, fal ca
seen biir njiiti kureeli junniy xarekat, gu ci nekk ak njiiti kureeli
téeméer ya ko sos. [2] Daawuda def mbooloo ma ñetti xaaj, yebal leen. Benn
xaaju mbooloo ma, Yowab jiite léen; beneen xaaj ba, Abisay doomu baayi
Yowab, mi Seruya di yaayam, jiite léen; xaaj ba ca des Itay waa Gaat ba jiite
léen. Buur ne mbooloom xare ma: «Ànd ak yéen laay def, man ci sama bopp.»
[3] Waaye mbooloo ma ne ko: «Déedéet, yaw doo ànd ak nun! Ndax nun su ñu
nu dàqee, du am boobu solo. Bu sunu genn-wàll deeyee it, du am benn solo.
Waaye sa jenn jëmm jii mooy fukki junni ci nun. Kon nag desal nu ci dëkk bi,
di nu fi yónnee wall, moo gën.» [4] Buur ne léen: «Baax na, kon ma def noonu.»
Ba loolu amee Buur taxaw ca bunt dëkk ba, xarekat ya def ay kureeli téeméer
ak kureeli junni, daldi génn dem. [5] Buur joor Yowab ak Abisay ak Itay, ne
léen: «Seetleen ci man te def ndànk ak ngóor si Absalom.» Waaye xarekat ya
yépp a dégg la Buur dénk njiit ya ca mbirum Absalom.
[6] Mbooloo maa nga jëm ca toolu xare ba, di xarejeek Israyil. Xare baa nga
ame ca gott ba ñuy wax Efrayim, [7] mbooloom Israyil nag daanu foofa ca
kanam xarekati Daawuda. Bésub keroog ñu baree dee: ñaar fukki junnee
(20.000) daanu. [8] Xare ba daa law foofa ba daj diiwaan ba bépp; te ña dee ca
gott ba bésub keroog ñoo ëpp ña saamar rey.

[9] Ci biir loolu Absalom ne pemm taseek xarekati Daawuda. Ma nga war
berkelle. Berkelle ba fëx wuti garab gu réy, bànqaas ya fatt. Boppu Absalom
tancu ca garab ga, berkelle ba mu war topp xélam, mu des fa di sandaamtalu.
[10] Noonu kenn ca gaa ña gis ko, dem, wax ko Yowab ne ko: «Ki ma gis de,
Absalom a, ma nga wékku ci genn garab.» [11] Yowab ne ko: «Nga ne? Gis nga
ko te jamoo ko foofa, mu daanu? Kon de doon naa la jox fukki donji xaalis,
takkal la ngañaayal xarekat tegal la ca.» [12] Waa ja ne Yowab: «Ku tegoon ci
sama loxo junniy donji xaalis sax, duma xàcci sama loxo jëm ci doomu Buur.
Noo déggal sunu bopp Buur sant la, yaak Abisay ak Itay, ne leen: “Na ma ku
nekk ci yéen dimbali, te def ndànk ak ngóor si Absalom.” [13] Su ma jaayoon
sama bakkan, ba def njekkar it, amul dara lu ump Buur, te kon it yaw danga
ciy raxas say loxo.» [14] Yowab ne ko: «Duma la déglu sax, nga di ma yàggal!»

Ba mu ko defee Yowab jël ñetti bant yu ñaw, jam ko Absalom ci xol, fekk
ko muy dund ba tey ca xolu garab ga mu tancu. [15] La ca tegu fukki nit ña doon
gàddul Yowab ngànnaayam dikk wër Absalom, jam ko, mu dee. [16] Yowab wal
liit ga, dakkal xare ba, xarekat ya noppee dàq waa Israyil. [17] Ñu jël néewu
Absalom, sànni ci kàmb gu réy ca àll ba, teg ca kawam jalu xeer bu mag-a-
mag. Bànni Israyil yépp nag daw ñibbi seeni kër.

[18] Absalom moo samplu woon cig dundam, doj wu mag wa ca xuru Buur,
ndax da ne woon: «Bàyyiwuma doom ju góor ju ñu may fàttalikoo.» Moo tax
mu tudde doj wa boppam, te doju Absalom lañu koy wooye ba tey jii.

Lu jëm ci tàggeb Absalom

[19] Ba loolu wéyee Ayimaas doomu Sadog ne: «May ma rekk ma daw yégali
Buur xibaar bii, ne ko Aji Sax ji musal na ko ciy noonam.» [20] Yowab ne ko:
«Du yaw yaay yégle xibaar tey jii. Man ngaa yégle xibaar beneen yoon, waaye
du yaay yégleji tey, ndax doomu Buur a dee.» [21] Noonu Yowab wax waa Kuus,
ba doon bëkk-néegu Daawuda, ne ko: «Demal wax Buur li xew.» Waa Kuus
ba sujjóotal Yowab, daldi dem. [22] Ayimaas doomu Sadog dellu ne Yowab: «Lu
ci mana xew, may ma rekk, man itam ma daw topp ci gannaaw waa Kuus bi.»
Yowab ne ko: «Doom, lu la taxa bëgga dem, lii du xibaar bu ko jar.» [23] Mu ne
ko: «Lu ci mana am, bëgg namaa dem.» Yowab ne ko: «Demal!» Ayimaas
daw, jaare ca joor ga, ba jëkk waa Kuus ba.

[24] Daawudaa nga toog ca diggante buntu dëkk, ba féete biir ak ba féete biti.
Wottukat ba yéeg ca kaw taax ma tiim buntu dëkk ba, ca kaw tata ja. Naka la
dawal bëtam, séentu, gis jenn waay juy daw moom kenn, di ñëw. [25] Wottukat
ba àddu ca kaw, yégal ko Buur. Buur ne: «Gannaaw kenn nit la de, xibaaru
jàmm lay indi.» Waa ja di gëna jegesi, [26] wottukat ba gis jeneen waay juy daw
di ñëw, mu wax ko wottukatu bunt ba, ne ko: «Xoolal, keneen a ngi, di ñëw,
moom kenn.» Buur ne: «Kooku it de xibaaru jàmm lay indi.» [27] Wottukat ba
ne: «Ni ma gise ki jiitu de, dawinu Ayimas doomu Sadog la ma jox.» Buur ne:
«Kooku ku baax la, jàmm rekk lay waxsi.» [28] Ci kaw loolu Ayimaas àddu ca
kaw, ne Buur: «Jàmm la!» daldi sujjóotal Buur, dëpp jëëm fa suuf, ne ko:

«Buur, sang bi, cant ñeel na sa Yàlla Aji Sax ji, moom mi teg ci sa loxo ña la doon fexeel.» [29] Buur ne ko: «Ngóor sa Absalom nag, mbaa jàmm la am?» Ayimaas ne ko: «Sang bi, ba Yowab di yónni sa bëkk-néeg mu dem, ànd ak man de, booba gis naa kër-kër ju réy, waaye xawma lu mu doon.» [30] Buur ne: «Randul, taxawe nii.» Ayimaas randu, taxaw ca wet ga.

[31] Noonu waa Kuus ba ne jimeet. Mu ne: «Buur, sang bi, déglul, xibaaru jàmm a ngi. Aji Sax ji musal na la bésub tey ci ña la doon fexeel ñépp.»
[32] Buur ne waa Kuus ba: «Ngóor si Absalom mbaa jàmm la am?» Waa Kuus ba ne ko: «Buur sama sang, yal na say noon ak mboolem ñi lay fexeel bokk ak ngóor soosu demin.»

19 [1] Naka la Buur dégg loolu, naqar wu réy jàpp ko. Mu dem ca biir néeg ba ca taax ma tiim bunt dëkk ba, di jooy. Ma ngay dem te naan: «Wóoy Absalom sama doom ja! Éey sama doom ja, céy Absalom sama doom ja! Éey waay su ma sañoon dee sax wuutu la, Absalom, doom. Éey waay sama doom ja!»

Yowab sikk na Daawuda

[2] Ci biir loolu ñu wax Yowab ne ko: «Buur Daawuda kat ma ngay jooy, di mititlu deewu doomam Absalom.» [3] Moo tax ndam la bésub keroog walbatiku diw tiis ca mbooloom xarekat ya yépp, ndax lañu dégg ne Buur a ngay mititlu deewu doomam. [4] Xarekat ya nag di yoxoosuy dugg bésub keroog ca Maxanayim, mel ni nit ñu dawe xare di yoxoosuy ñibbsi, ndax gàcce. [5] Buuru a nga dar kanamam, di jooy, baat bay jib ca kaw. Ma nga naan: «Wóoy Absalom, sama doom ja! Céy waay Absalom, sama doom ja! Éey waay sama doom ja!»

[6] Ba loolu amee Yowab fekk Buur ca kër ga, ne ko: «Bésub tey jii toroxal nga mboolem ñi la topp, ba musal sa bakkan bésub tey, musal sa bakkani doom, góor ak jigéen ak sa bakkani soxna ñook jigéen ñi nga denc. [7] Ndax yaw dangaa bëgg ñi la bañ, bañ ñi la bëgg. Leer na tey, ne kilifay xarekat yeek xarekat yépp, tekkiwuñu dara ci yaw. Bir na ma ne bu Absalom doon dund tey te nun ñépp nu bokk dee, moo lay gënal. [8] Léegi nag, jógal kat génn wax ak say nit, ruccanti léen. Ndax giñ naa ci Aji Sax ji, soo génnul, du kenn ku fiy bokk fanaan ak yaw tey. Te loolu de musiba lay doon ci yaw, mu gëna réy musiba mu la masa dal, ba ngay ndaw ba tey.» [9] Buur daldi jóg, génn, toog ca buntu dëkk ba. Ñu wax mbooloo ma mépp ne léen: «Gisleen Buur a ngee toog ca bunt ba.» Noonu mbooloo mépp dikk taxaw ci wetam.

Fekk na ˚bànni Israyil ya faroon ak Absalom daw ñibbi ca seeni kër.

Daawudaa ngi dellu Yerusalem

[10] Ba loolu amee giiri ˚bànni Israyil yépp diisoo ci seen biir. Ña nga naan: «Buur Daawudaa nu xettali woon ci sunuy noon rawatina Filisteen ñi. Bu dawee génn réew mi, Absalom a ko waral. [11] Gannaaw Absalom, ma nu faloon

mu jiite nu, dee na ca xare ba, lu nu tee wax lu jëm ci delloosi Buur Daawuda?»
12 Buur Daawuda ci wàllu boppam yónnee ca Sadog ak Abiyatar, ˚saraxalkat ya, ne léen: «Waxleen ak magi Yuda, te laaj léen, ne léen: “Xanaa ñépp duñu jéem lu delloosi Buur këram, yéen ngeen des gannaaw, te moom ci boppam dégg na kàddug bànni Israyil gépp. 13 Yéen de yéen ay bokki buur lenqe, ngeen bokk jenn deret; kon xanaa ñépp duñu delloosi Buur, ngeen des gannaaw?”
14 Te ngeen waxal ma Amasa ne ko: “Buur nee, xanaa doo mbokkam lenqe, di deretam? Nee na yal na ko Yàlla teg mbugal mu gëna tar ndegam du la fal, nga jiite mbooloom xare mi ba fàww, wuutu Yowab.”» 15 Kàddu yooyu nag waññi xolu Yudeen ñépp, ñu bokk genn kàddu, daldi yónnee ca Buur ne ko mu dellusi, mook nitam ñépp.

Simeyi tuubal na Daawuda

16 Gannaaw loolu Buur Daawuda walbatiku, dikk ba àgg dexu Yurdan, Yudeen ña ñëw, teertusi ko ca Gilgal, jàllale ko dexu Yurdan. 17 Simeyi doomu Geraa ngay gaawtu. Mooy waa Baxurim ba askanoo ci Beñamin. Ma nga ànd ak Yudeen ña, di teertu Buur Daawuda. 18 Junniy nit ñu askanoo ci Beñamin a ko topp, ñook Siba, surgab waa kër Sóol, ak fukki doomam yu góor ak juróom, ak ñaar fukki surgaam. Ñu riirandoo ca dex ga, di gatandu Buur Daawuda. 19 Noonu ñu jàll dex ga, ngir jàlle waa kër Buur, defal ko coobareem. Ba Buur Daawuda di waaja jàll dex ga, Simeyi doomu Gera da ne gurub sukk, sujjóotal ko, 20 ne ko: «Buur, sang bi, ngalla bu ma topp lu ñaaw li ma def. Bu ma jàppal mer ndax li ma la tooñ, keroog ba ngay jóge Yerusalem. Ngalla bu ma ko dencal ci sa xol, 21 ndaxte xam naa ne bàkkaar naa, sang bi. Waaye xoolal tey, Buur, sang bi, waa giiru Yuusufa gépp, maa ci jëkka ñëw gatandusi la.»
22 Abisay ma yaayam di Seruya ne Buur: «Simeyi mii, lu muy wax nii? Kii deesu ko rey? Du moo la doon saaga, yaw mi Aji Sax ji fal?» 23 Waaye Daawuda ne Abisay: «Yéen, doomi Seruya, lu ciy seen yoon, ba ngeen di ma ŋàññ nii tey? Xam naa xéll tey ne maay buuru Israyil. Kon ana ku wara rey kenn tey ci Israyil?» 24 Buur nag wax Simeyi ne ko deesu ko rey, daldi ko koy giñal.

Daawuda baaxe na Mefiboset

25 Ci kaw loolu Mefiboset, sëtub Sóol, dikk moom it, di teertusi Buur. Fekk na la ko dale bés ba Buur gàddaayee, ba bésub keroog ba mu delluseek jàmm ca Yerusalem, Mefiboset jànguwul, watul sikkimam, te fóotul ay yéreem.
26 Naka la Mefiboset dikk ca Buur, di ko teertu, Buur ne ko: «Mefiboset, lu la tee woona ànd ak man?» 27 Mu ne ko: «Éy Buur, sang bi, sama surga Siba moo ma nax de, sang bi, ndax man, dama noon damay takklu sama mbaam war, gannaaw ab lafañ laa. Su ko defee ma ànd ak yaw. Yaay sama sang. 28 Waaye sama surgaa yàq sama der ci yaw. Yaw nag Buur, sang bi, ndokk ba nga matee

ba mel ni malaakam Yàlla. Kon sang bi, defal li la soob. [29] Ndax kat sang bi,
du kenn ci sama askanu maam ku yelloowul lu moy nga rey ko. Terewul
danga maa xajal, sang bi, boole ma ci ñiy bokk ak yaw ndab. Kon Buur, ana lu
ma la sañatee ñaan?» [30] Buur ne ko: «Ana looy waxati lii lépp? Dogal naa yaak
Siba, ngeen séddoo suuf si.» [31] Mu ne Buur: «Amul solo, Buur, sang bi; na jël
lépp sax, ndegam yaw ñibbsi ngaak jàmm sa biir kër kay!»

Daawuda tàggtoo naak Barsilay

[32] Ci biir loolu Barsilay ma bokk ca Galaat jóge woon na Rogelim, dikk
gunge Buur Daawuda, mu jàll dexu Yurdan. Mu bëgga tàggtook moom ca
wàllaa dex. [33] Barsilay mag la woon. Amoon na juróom ñett fukki at. Moom
moo daan topptoo Buur diir ba mu nekk Maxanayim, ndax nit ku bare alal la
woon. [34] Buur ne Barsilay: «Jàllal nu dem, nga toog ci man ca Yerusalem.
Dinaa la yor.» [35] Mu ne Buur: «Moo, man, Buur! Lu ma deseeti ciy fan, bay
ànd ak yaw dem Yerusalem? [36] Maa ngi ci juróom ñett fukki at tey, te
xamatuma lu neex ak lu naqari. Sang bi, man xamatuma sax lu ma lekk di saf
mbaa naan, te baatu woykat sax safatu ma dara, muy góor muy jigéen. Kon
ana lu ma lay diisalati doye? [37] Naa jàll dex gi, gunge la tuuti rekk, Buur. Te
sax gisuma lu jar nga di ma yool boobu yool! [38] Bàyyil rekk sang bi, ma ñibbi,
ndax ma deeyi sama dëkk, ñu denc ma ca sama wetu ndey ak sama baay.
Waaye ma ne, Buur, sang bi, Kimxam a ngoogu di sa surga. Na ànd ak yaw
jàll. Defal ko lu la soob.» [39] Buur ne ko: «Baax na, na Kimxam ànd ak man, nu
jàll. Dinaa ko defal li nga bëgg, te loo bëgg ma defal la ko rekk, dinaa la ko
defal.»

[40] Noonu la mbooloo ma mépp jàlle dexu Yurdan, Buur it jàll. Buur nag taf
Barsilay ca kawam, ñaanal ko, Barsilay doora ñibbi këram. [41] Ba mu ko defee
Buur jàll ba Gilgal, Kimxam ànd ak moom. Mbooloom Yuda gépp ak ñenn ci
mbooloom Israyil itam ànd ak Buur dem.

[42] Naka la loolu am rekk waa Israyil yépp dikk ca Buur, ne ko: «Buur
Daawuda, ana lu waral sunu bokki Yuda yi aakimoo la, jàlle la dexu Yurdan,
yaak sa waa kër ak sa nit ñi nga àndal ñépp?» [43] Waa giiru Yuda gépp mànkoo
ne waa Israyil: «Li ko waral mooy Buur da di sunu mbokk lenqe. Ana lu
ngeen di mer ci loolu? Danoo lekkal Buur dara mbaa nu sàkkal sunu bopp lenn
ci alalam?» [44] Waa Israyil ne waa Yuda: «Noo leen ëpple ci Buur fukki yoon,
te noo leen ëpp sañ-sañ fopp ci Daawuda. Lu ngeen nuy xeebe? Xanaa du noo
jëkka wax lu jëm ci delloosi sunu buur?» Ci kaw loolu waa Yuda dellu tontu
waa Israyil kàddu yu gënatee ñagas.

Seba jàmbu na

20 [1] Booba nit ku bon a nga woon ca mbooloo ma, ku ñuy wax Seba, di
doomu Bikkri, ma bokk ca giiru Beñamin. Waa jooju wal liit ga, daldi
yéene ne:

«Sunu yoon nekkul ci Daawuda, doomu Isayi jii,

du benn cér bu nu am ci moom.

Yéen waa Israyil, ku nekk ca biir xaymaam!»

[2] Ba mu ko defee waa Israyil yépp jàmbu Daawuda, topp Seba, doomu Bikkri. Waaye waa giiru Yuda ñoom taq ci seen buur, topp ko, dale dexu Yurdan ba Yerusalem.

[3] Noonu Buur Daawuda ñibbi këram ga ca Yerusalem. Waaye fukki jigéen ña mu wacc, ñuy topptoo kër ga te ñuy jigéen ñu mu yoroon te amuñu sañ-sañu soxna, da leena boole denc ci genn kër, ñu di léen fa wottu. Mu yor léen fa, waaye dëkkootu léen. Dees léen faa denc ba keroog ñuy dee, ñu mel ni ay jëtun.

[4] Gannaaw loolu Buur ne Amasa, ma jiite mbooloom xareem: «Danga may wool góori Yuda, ñu dajesi ci man fii ak ñetti fan, te ngaànd ci, yaw ci sa bopp.» [5] Amasa dem wooyi Yudeen ña, yàgg ca ba weesu diir ba ko Buur àppaloon. [6] Daawuda nag ne Abisay: «Seba, doomu Bikkri jii de dina nu lor lu raw la nu Absalom loroon. Àndal ak ñenn ci samay dag te dàqi ko, lu ko moy dina gis fu mu làqu ci ay dëkk yu ñu wërale ay tata, ba raw nu.» [7] Ba loolu amee niti Yowab ña ànd ak Kereteen ñaak Peleteen ñay dar Daawuda, ak xarekat yépp. Ñu jóge Yerusalem dàqi Seba doomu Bikkri. [8] Dem nañu ba tollu ca doj wu mag wa ca Gabawon, doora gis Amasa, muy dox di dajeek ñoom. Yowab a nga sol yérey xareem, laxasaay ga ca ndigg la ànd ak saamar bu roofe ca mbaram. Naka la séqi jéego jëm kanam, saamar ba rot. [9] Yowab ne Amasa: «Mbokk mi, mbaa jàmm nga am?» Yowab jàpp sikkimu Amasa ca loxol ndijooram, mel ni ku koy fóon. [10] Amasa foogul dara ci saamar ba ca loxol càmmoñu Yowab. Yowab bojj ko ko ci biir, wàlli ay butitam ci suuf. Tóllantiwul sax, Amasa dee.

Noonu Yowab ànd ak rakkam Abisay dàqi Seba, doomu Bikkri. [11] Ci biir loolu kenn ci niti Yowab ña taxaw fa Amasa tëdd, daldi ne: «Ku sopp Yowab ak képp ku ànd ak Daawuda na topp Yowab.» [12] Néewub Amasaa nga ca digg yoon wa, sangoo deretam. Waa ja gis ne képp ku dox ba tollook moom, taxaw nga fa. Naka la waa ja gis ñépp di taxaw foofa, mu diri néew ba, jële ko ca yoon wa, ba ca àll ba. Mu sànni malaan ca kawam. [13] Ba ñu fa jëlee néewu Amasa, ñépp ànd ak Yowab toppi Seba, doomu Bikkri.

[14] Yowab jaar ca giiri Israyil gépp ba ca Abel-Bet-Maaka. Waa Ber gépp daje topp ko. [15] Ñu dikk gaw dëkk ba ñuy wax Abel-Bet-Maaka, fa Seba làqu, daldi jal suuf fa sës ca buntu dëkk ba, mu kawe ba tollook tatay dëkk ba. La ca tegu xarekati Yowab yépp di jéema màbb tata, ja wër dëkk ba.

[16] Ci biir loolu senn as ndaw su am xel ca dëkk ba, woote ne léen: «Dama ne, dégluleen! Neleen Yowab mu ñëw, ma wax ko.» [17] Yowab dem ba ca moom, ndaw sa ne ko: «Yaa di Yowab?» Mu ne ko «Waaw.» Mu ne ko «Sang bi, dama ne...» Mu ne ko: «Ãa.» [18] Mu ne ko: «Daa nañu wax bu jëkk naan: "Lu waay di laaj, na dem Abel, tont laa nga fa." Su ko defee, wax ja jeex. [19] Nun danu di niti jàmm ñu am kóllëre ci digg Israyil. Yaw nag yaa ngi wuta faagaagal dëkk bu mag bu jaboote ñi ko wër ñépp ci digg Israyil. Ana lu waral

nga namma tas dëkk bu Aji Sax ji séddoo?» [20] Yowab ne ko «Yàlla tere, tereeti ko, may tas ak a faagaagal kenn! [21] Du loolu! Jenn waay ju ñuy wax Seba doomu Bikkri, di ku bokk ca waa tundi Efrayim moo jógal Buur Daawuda. Joxleen ma ko moom doŋŋ, ma bàyyi dëkk bi te dem.» Ndaw sa ne Yowab: «Xoolal, boppam lañuy tollu ci kaw taax mi, sànni la ko.» [22] Noonu ndaw sa dem ca mbooloo ma mépp, xelal léen pexeem mu jub moomu. Ñu dog boppu Seba, doomu Bikkri, sànni ko Yowab. Yowab wal liit ga, nitam ña tasaaroo, bàyyi dëkk ba, ku nekk ñibbi këram. Yowab nag dellu Yerusalem ca Buur.

Lu jëm ci jawriñi Daawuda

[23] Yowab moo jiite woon mbooloom xarem Israyil gépp; Benaya doomu Yoyada yilif Kereteen ñaak Peleteen ña, di dag ya dar Buur; [24] Adoram di saytu liggéey ya ñuy sase; Yosafat doomu Ayilut yor kàddug Buur; [25] Sewa di bindkat; Sadog ak Abiyatar di ay °saraxalkat; [26] Ira ma fekk baax Yayir itam di saraxalkatu Daawuda.

Waa Gabawon feyu nañu

21 [1] Jamono ya Daawuda nekkee ci jal bi, amoon na xiifub ñetti at yu tegloo. Daawuda diis ko Aji Sax ji. Aji Sax ji ne ko: «Li waral xiif bi moo di, Sóol ak waa këram yi àqu deret topp, ndax waa Gabawon ña mu rey.» [2] Buur woo waa Gabawon, wax ak ñoom. Waa Gabawon bokkuñu woon ci °bànni Israyil, waaye dañoo desoon ca Amoreen ña bànni Israyil giñaloon ne duñu léen rey. Terewul Sóol xéroon lool ci taxawal bànni Israyil ak Yuda, bay fexee faagaagal waa Gabawon. [3] Daawuda laaj waa Gabawon, ne léen: «Lan ngeen bëgg ma defal leen ko? Ana lu may def ba jotoo ko àq, ji ñu leen ameel, ba ngeen ñaanal askan wii Aji Sax ji séddoo?» [4] Waa Gabawon ne ko: «Du xaalis te du wurus wu nuy laaj Sóol mbaa waa këram; te it du kenn ci Israyil ku nu saña reylu.» Mu ne léen: «Waxleen boog lu ngeen di laaj, ma defal leen ko.» [5] Ñu ne ko: «Sóol da noo naroona fexeel, sànk nu, faagaagal nu ci réewum Israyil. [6] Kon dees nuy jox juróom ñaari góor ñu askanoo ci Sóol, nu jam léen ba mu sar fa kanam Aji Sax ji ca Gibeya, dëkkub Sóol, ma Aji Sax ji faloon.» Buur ne léen: «Dinaa leen léen jox.»

[7] Waaye Daawuda déeg Mefiboset, ma Yonatan doomu Sóol di baayam, ndax la ñu giñoo woon ci Aji Sax ji, mook Yonatan, doomu Sóol. [8] Teewul Buur jàpp Armoni ak meneen Mefiboset, te Rispa doomu Aya di seen yaay, Sóol di seen baay. Buur boole ca juróomi góor ña Mikal[r], doomu Sóol di seen yaay, te Àddiryel doomu Barsilay ma dëkk Mewola di seen baay. [9] Daawuda jébbal léen waa Gabawon, ñu jam léen ba mu sar, foofa ca kaw tund wa, fa kanam Aji Sax ji. Juróom ñaar ñooñu ñépp a bokk tëdd. Ña nga léen rey ca fan ya ñu tàmbalee góob, ca ndoortel ngóobum lors ba.

---

[r]**21.8** ***Mikal*** mii du Mikal mi ñuy wax ci 6.23, ne amul doom, ba keroog muy dee. Mikal mii mook Merab ñuy wax ci Samiyel (1) 18.19 kenn nit ki la. Jëkkëram mooy Àddiryel.

[10] Ba mu ko defee Rispa, doomu Aya ju jigéen ja, jël ab saaku, tàllalal ko boppam ca doj wa. La ko dale ca ndoortel ngóob ma, ba keroog asamaan di sóob ca kaw néew ya, Rispa bàyyiwul dara mu laal léen bëccëg mbaa guddi, du picc, du rabu àll.

[11] Ba loolu amee ñu nettali Daawuda jëfi Rispa, doomu Aya, ma Sóol doon denc te amul sañ-sañi soxna yu mat sëkk. [12] Daawuda dem jëleji yaxi Sóol ak doomam Yonatan ca waa Yabes-Galaat. Ndax gannaaw ba ñu daanee Sóol ca Gilbowa, Filisteen ña dañoo wékkoon néewu Sóol ak Yonatan ca péncum Bet-San. Waa Yabes-Galaat dikk sàcce léen fa. [13] Noonu Daawuda jële fa yaxi Sóol ak doomam Yonatan, ak yaxi nit ña ñu jamoon ba mu sar, wékk léen. [14] Ñu boole kook yaxi Sóol ak doomam Yonatan, denc lépp ca sëgu Kis, baayu Sóol, ca diiwaanu Beñamin ca Sela. Ñu def la Buur santaane lépp. Gannaaw loolu Yàlla nangul réew ma.

Daawuda daje naak ponkali waa Filisti

[15] Bu loolu wéyee xare amaat na diggante Filisteen ñi ak ˚bànni Israyil. Daawudaànd ak i nitam xarejeek Filisteen ña. Daawuda nag sonn ci biir xare bi. [16] Ci kaw loolu Isbi-Bënob ne dina rey Daawuda – kooku askanu ponkal ya ñu daan wooye Rafayeen, ca la bokkoon. Catal xeejam di xànjar, diis, tollu ci ñetti kilo. Mu yore itam saamar bu bees. [17] Waaye Abisay, doomu Seruya dikk, wallusi Daawuda, jam Filisteen ba, rey ko. Niti Daawuda daldi cay giñe ne Daawuda: «Dootuloo ànd ak nun mukk cib xare. Lu ko moy dinga ci dee, askanu buur fey ci Israyil.»

[18] Gannaaw gi xare dellu am seen digganteek Filisteen ña ca dëkk ba ñuy wax Gob. Ca la Sibeka, ma askanoo ci Usay, rey Saf ma bokk ca askanu ponkal ya. [19] Xare amati ca Gob seen digganteek Filisteen ña. Elxanan doomu Yare-Oregim ma dëkk Betleyem, jam Golyaat ma dëkk Gaat. Kookoo di waa ja bantub xeejam réyoon, ba tollu ni mbaam mu ñuy ràbbe.

[20] Xare dellu amati ca Gaat. Jenn waay ju réy-a-réy a nga ca woon, ku am juróom benni baaraam loxo bu nekk ak juróom benni baaraam tànk bu nekk, lépp di ñaar fukki baaraam ak ñeent. Moom it ponkalum Rafayeen la woon. [21] Ba mu tëkkoo Israyil, Yonatan a ko rey. Yonatan, Simeya magi Daawuda mooy baayam. [22] Ñeent ñooñu ay ponkali Rafayeen lañu woon ca Gaat. Daawudaak i nitam ñoo léen jam, ñu daanu.

Daawuda am na ndam, sante ko Aji Sax ji

22 [1] Daawuda woy na Aji Sax ji gannaaw ba ko Aji Sax ji xettalee ci mbooleem i noonam, xettali ko it ci Sóol. Kàdduy woy wa lii la. [2] Mu ne:

Aji Sax ji laay sës,
moo may aar,
di ma wallu.

[3] Mooy sama Yàlla, ji may sës, yiiru,

fegu, mucc,
làqu, raw,
mucc fitna.
[4] Ma woo Aji Sax, ji jara sant,
rëcc noon, mucc.

[5] Gannaxi ndee mëdd ma,
walum kasara naq ma.
[6] Buumi njaniiw laaw ma,
dee ne jaas, di ma fiir.
[7] Ma jàq, woo sama Yàlla, Aji Sax ji,
woo sama Yàlla, mu dégge ma këram,
ma yuuxu, muy dégg.

[8] Mu mer, suuf yëngu, di rëng-rëngi,
kenuy asamaan jaayu, di reg-regi.
[9] Saxar di sël-sëlee ca wakkan ya,
sawara boye ca gémmiñ ga,
xal yu yànj tàkke ca.
[10] Mu firi asamaan, wàcc,
niir yu fatt lal tànk ya.
[11] Ma nga war jëmmu ˚serub, di naaw,
di daayaarloo laafi ngelaw.
[12] Ma nga yiiroo lëndëm,
làmboo jali ndox ak niir yu fatt.
[13] Leer a ko jiitu,
ay jumi melax boye ca.
[14] Aji Sax ji dënoo asamaan,
moom Aji Kawe ji àddu,
[15] soqi fitt ak jumi melax,
tasaare noon ya, ñu fëlxoo.
[16] Aji Sax ji gëdd, mu riir,
mu noyyeek doole;
xuri géej ne fàŋŋ,
kenuy suuf ne duŋŋ.

[17] Mu yóotoo fa kaw, jàpp ma,
seppee ma xóotey ndox ma,
[18] musal ma ca noon yu mag ya,
ak bañ ya ma ëpp doole.
[19] Ñu song ma, ba ma jàqee,
Aji Sax ji taxawu ma,
[20] yaatal ma,

xettali ma ngir bànneexam ci man.

[21] Aji Sax ji gis, ma jub, mu baaxe ma,
ma ñàkk gàkk, mu yool ma.
[22] Sàmm naa yooni Aji Sax ji,
defuma lu bon, di moy Yàlla.
[23] Dama ne jàkk ci ndigalam yépp,
dëdduwuma ay santaaneem.
[24] Jëfe naag mat, muy gis,
moyu naa lu ñaaw.
[25] Aji Sax ji yool na ma sama njub,
gis na ma, gàkkuma.

[26] Yaw Aji Sax ji, ku gore, nga gore,
ku jëfeg mat, nga won kog mat.
[27] Kuy sellal, nga sellalal kow yiw,
ku dëng, nga gën koo muus.
[28] Yaay musal néew ji doole,
xool kuy réylu, detteel.
[29] Yaw Aji Sax ji, kay, laay niitoo,
Aji Sax ji, yaa may leeralal lu lëndëm.
[30] Su ma àndeek yaw, song gàngoor,
sama Yàlla laay àndal, yéeg um tata.

[31] Yàllaay njiit lu mat,
kàddug Aji Sax jee wér te wóor.
Mooy feg ku ko làqoo.
[32] Ana kuy Yàlla ku moy Aji Sax ji?
Ku jara sës ku dul sunu Yàlla?
[33] Yàllaa may làqe dooleem,
xàllal ma, yoon mat.
[34] Moo ma gaawal ni kéwél,
taxawal ma fu kawe.
[35] Moo may tàggat ngir xare,
may tàwwi fittu xànjar.
[36] Aji Sax ji, yaa may feg, musal,
nangul ma, ma am daraja.
[37] Yaa ma xàllal u yoon, may wéy,
duma tërëf.
[38] Ma dàq noon ya, falaxe léen,
jekkali léen, doora dëpp.
[39] Ma rajaxe, nemmali, jógatuñu.
Dañu ne fëlëŋ, ma tiim léen.

[40] Sol nga ma dooley xare,
sukkalal ma noon yi,
[41] dàqal ma bañ ak noon, ñu daw,
ma boole bóom.
[42] Ñu wut wall, amul,
ñu woo Aji Sax ji, faalewul;
[43] dama léena wol, ñu doon pënd,
ma dër, note ni banu mbedd.

[44] Yaa ma musal ci bokk yi fippu,
nga saxal ma, ma jiite xeet yi.
Ay waaso nangul ma, te xamuñu ma.
[45] Doxandéem a ngi may raamal,
ku ma ci dégg, déggal ma.
[46] Ñu ngi naa yàcc,
génne seeni rawtu, di lox.

[47] Aji Sax jeey kiy dund fàww!
Cant ñeel na ki ma sës!
Yàllaa màgg te jara sës,
moo may musal.
[48] Yaa di Yàlla ji may feyul,
suufeelal ma xeet yi.
[49] Yaa ma jële ci loxol bañ ak noon,
kaweel ma, ma tiim léen,
xettaleeti ma cib soxor.
[50] Kon Aji Sax ji, ma woy la,
kañ la ci biir xeet yi!
[51] Yaa may sa buuru mbooloo ndam lu réy,
yaa baax, gore ci ki nga fal,
muy man Daawuda, di sama askan ba fàww.

Daawuda waxyu na

23 [1] Kàddu yi Daawuda tàggtoo lii la. Da ne:
Kàddug Daawudaa ngi, doomi Isayi,
di kàddug góor gu ñu kaweel,
góor gi Yàllay Yanqóoba fal,
muy woykatu Israyil, bi ñu ñal.
[2] Xelum Aji Sax jee may waxe,
sol ma kàddoom.
[3] Yàllay Israyil a wax,
moom mi Israyil sës, mu ne:
Ku jiitey nit cig njub,

bu jiitee cig ragal Yàlla,
[4] day mel ni leeru jant bu fenk,
kaw asamaanu suba su niir newul,
di leeru asamaan su set, taw ba siwet,
ba ñax jebbi.

[5] Du nii la sama waa kër def ak Yàlla?
Moo fasak man ˚kóllëre gu sax dàkk,
lépp jekk, mat sëkk.
Moo may may ndam saa su ne,
di ma defal lu ma namm.
[6] Waaye ku bon, ñu buub nig taxas, sànni.
Deesu ku fore loxo,
[7] xanaa fore ko weñ mbaa bantub xeej,
jafal mu lakk fa mu ne.

Ñeyi xarey Daawuda def nañuy jaloore

[8] Ñeyi xarey Daawuda ya, ñoo di:
Isboset, waa Agmon ba bokk ci mbëri xare ya.
Moo xàcci xeejam, dal ci juróom ñetti téeméeri nit,
rey léen ci menn cong.

[9] Ka ca topp di Elasar,
Elasar, Dodo.
Dodo, Awoyi.
Elasar bokkoon na ci ñetti jàmbaari xare ya àndoon ak Daawuda,
di dëkk Filisteen ña fa daje woon ngir xare.
Fekk ˚bànni Israyil di dellu gannaaw.
[10] Elasar a taxaw, di cor Filisteen ña,
ba loxo ba banku, taq ca njàppul saamaram.
Aji Sax ji maye na ndam lu réy bésub keroog!
Ba ko mbooloom bànni Israyil fekksee,
defuñu lu moy futti néew ya.

[11] Ka topp ca Elasar di Saama.
Saama, Age ma dëkk Arar ay baayam.
Ba Filisteen ña dajee ca Léyi,
wetu tool ba meññoon ñebbe, ba fees dell,
bànni Israyil dañoo daw.
[12] Saamaa taxaw ca digg tool ba,
aar tool ba, duma Filisteen ña.
Aji Sax ji maye ca ndam lu réy!

[13] Mu am bés, jamonoy ngóob,
ñett ca mbëri xare ya fekki Daawuda ca xunti ma ca Adulam.
Mbooloom Filisteen ñaa nga dal ca xuru Refayeen.
[14] Daawudaa nga ca biir rawtoom.
Mu am kureelu xareb Filisteen ñu dal Betleyem.
[15] Daawuda jekki-jekki xel ma sore.
Mu ne: «Éy ku ma wutali woon ndox mu ma naan ca teenu Betleyem ba ca
buntu dëkk ba!»
[16] Noonu ñetti jàmbaari xare ya bëtt dalub Filisteen ña,
dem duyi ndox ca teenu Betleyem ba ca wetu buntu dëkk ba,
dikk yót Daawuda ndox ma.
Waaye Daawuda néegu koo naan;
da koo tuur, te Aji Sax ji tax.
[17] Mu ne: «Yàlla tere, Aji Sax ji, may naan miim ndox,
nde kon deretu ñii dem jaayi seen bakkan laa naan.»
Daawuda naanul ndox ma.

Jooju jëf la ñetti jàmbaari xare ya def.

[18] Abisay bokkoon na ca mbëri xare ya.
Abisay ak Yowab, Seruyaa di seen yaay.
Abisay a xàcci woon xeejam, dal ci kaw ñetti téeméeri nit, rey léen.
Mu doxe fa siiw ni ñett ñooña.
[19] Abisay bokk na ca ña gënoona siiw ca Fanweeri jàmbaar ya;
mujj na sax di seen njiit,
waaye bokkuloon ca Ñett ña.

[20] Benaya nag, Yoyadaay baayam,
xarekat bu mag la woon, dëkkoon Kabsel.
Def na jaloore yu réy!
Moo rey ñaari Mowabeen ña gënoona jàmbaare.
Moo wàccoon ci kàmb, bésub tawu yuur, rey fa gaynde.
[21] Moo reyoon it waa °Misra bu jekk ba taxawaay.
Waa Misra baa nga yor ab xeej,
Benaya songewu ko lu moy aw yet.
Mu bif xeeju waa Misra ba,
nangoo ko ciy loxoom, reye ko ko.
[22] Jooju jëf la Benaya, doomu Yoyada def.
Moom it siiwoon na ni ñetti mbëri xare ya,
[23] ñu gënoon koo naw ca Fanweeri jàmbaar ya,
waaye bokkuloon ca Ñett ña.
Daawuda nag def ko njiitu dag ya ko dar.

[24] Ñii bokkoon nañu ca Fanweeri jàmbaar ya:
Asayel, rakki Yowab,
Elxanan, Dodo di baayam, dëkk Betleyem,
[25] Saama ma doon waa Arot,
Elika di waa Arot, [26]
Eles ma dëkk Pelet,
Ira, Ikes di baayam, dëkk Tekowa,
[27] Abiyeser dëkk Anatot,
Mebunay dëkk Usa,
[28] Salmon dëkk Asowas,
Maxaray dëkk Netofa,
[29] Eleb, Baana di baayam, dëkk Netofa,
Itayi, Ribayi di baayam, dëkk Gibeya ca giiru Beñamin.
[30] Benaya ma dëkk Piraton,
Iday ma dëkk Nasale-Gaas,
[31] Abi-Albon dëkk Araba,
Asmawet dëkk Barsum,
[32] Eliyasba dëkk Saalbon,
ak góor ñi Yasen di seen baay,
ak Yonatan, [33] Saama di baayam, dëkk Arar,
Akiyam, Sarar di baayam, dëkk Arar,
[34] ak Elifelet, Axasbay di baayam,
Axasbay, baayam dëkk Maaka.
ak Eliyam, Ayitofel di baayam, dëkk Gilo,
[35] ak Esray ma dëkk Karmel,
ak Paray dëkk Arab,
[36] ak Igal, Natan di baayam, dëkk Soba,
ak Bani ma dëkk Gàdd,
[37] ak Seleg, Amoneen ba,
ak Naxaray ma dëkk Berot.
Kookoo yoroon ngànnaayi Yowab ma Seruya di yaayam.
[38] Ira ma dëkk Yeter ca la,
ak Gareb dëkk Yeter,
[39] ak Uri, Etteen ba.
Ñoom ñépp tollu ci fanweeri jàmbaar ak juróom yaar.

Daawuda wañ̃ñ na bànni Israyil

24 [1] Gannaaw ba loolu wéyee Aji Sax ji mereeti[s] °bànni Israyil, ba tax mu xiir Daawuda ci def lu léen di lor. Mu def ci xelam ne ko mu dem lim waa Israyil ak Yuda.

---

[s] **24.1** Seetal ci 21.1-14

[2] Buur wax ak Yowab ma ca wetam, di njiital xarekat ya. Mu ne ko: «Wëral
ci biir giiri Israyil gépp ba ñu daj, li ko dale diiwaanu Dan ca bëj-gànnaar ba
Beerseba ca bëj-saalum. Nañu bind mbooloo mi, ndax ma xam seen lim.»
[3] Yowab ne ko: «Buur, yal na Aji Sax ji ful mbooloo mi téeméeri yoon, nga
fekke. Waaye sang bi, lu la xiir ci loolu?»
[4] Terewul kàddug Buur ëpp doole Yowab ak njiiti xarekat ya. Ñu bàyyikoo
ca Buur, dem bindi mbooloom Israyil. [5] Ñu jàll dexu Yurdan, dem dali Arower
ca bëj-saalumu dëkk ba ca biir xur wa, daldi dem Gàdd, jaare fa jëm Yaser.
[6] Noonu ñu dem diiwaanu Galaat, jàll ba Kades ca diiwaanu Etteen ña, dem
Dan-Yaan ak la ko wër, teg ca Sidon. [7] Ba mu ko defee ñu dem ba Tiir, dëkk
ba ñu wëralee ab tata, jóge fa dem ca mboolem dëkk-dëkkaani Eween ñaak
Kanaaneen ña. Ñu àkkeji Beerseba ca bëj-saalumu màndiŋu Yuda. [8] Wër nañu
réew ma mépp ci lu mat juróom ñeenti weer ak ñaar fukki fan, doora ñibbsi
Yerusalem.
[9] Yowab nag indil Buur limu mbooloo ma: Israyil am juróom ñetti téeméeri
junniy góor (800.000) ñu tollu ci xare; Yuda am juróomi téeméeri junniy góor
(500.000).
[10] Daawuda wañ̃ mbooloo ma ba noppi, fit wa ne rës, mu yedd boppam,
daldi ne Aji Sax ji: «Aji Sax ji, bàkkaar bu réy laa def. Léegi ngalla jéggal ma
rekk sama ñaawteef, ndax jëfi dof dëgg laa def.» [11] Ba Daawuda jógee ca ëllëg
sa, kàddug Aji Sax ji dikkal Gàdd, yonent Yàlla ba féetewoo kër buur
Daawuda. Mu ne ko: [12] «Demal ne Daawuda: "Aji Sax ji dafa wax ne: Ñett laa
lay jox, tànn ci lenn, lu ma lay def."» [13] Gàdd dem ca Daawuda, jottali ko ko,
ne ko: «Ana yii yett loo taamu, mu dal ci sa kaw: juróom yaari ati xiif ci sam
réew, am ñetti weer yooy daw say noon, am ñetti fani mbas ci sam réew?
Xalaatal léegi te wax ci lenn, ma xam lu may jottali ki ma yónni.» [14] Daawuda
ne Gàdd: «Am naa njàqare lool; waaye naa tàbbi ci loxol Aji Sax ji, ndax
yërmandeem réy na, waaye yàlla buma daanu ci loxol nit!»
[15] Ba loolu amee Aji Sax ji wàcce mbas ci kaw Israyil, dale ko ca suba soosa
ba keroog ba àpp ba matee. Ña dee ca mbooloo ma di juróom ñaar fukki junni
(70.000) diggante Dan ca bëj-gànnaar ba Beerseba ca bëj-saalum. [16] Naka la
malaaka ma tàllal loxoom, ngir faagaagal Yerusalem, Aji Sax ji fomm, daldi
wax ak malaakam bóomkat may fàdd mbooloo ma. Mu ne ko: «Doy na! Teggil
sa loxo.» Fekk na malaakam Aji Sax jaa nga ca wetu dàggay Arawna,
Yebuseen ba.
[17] Daawuda nag gis malaaka may fàdd askan wa. Mu ne Aji Sax ji: «Ma ne,
man miy sàmm bi[t], maa bàkkaar, maa def lu bon. Ñii diy xar doŋŋ yu topp ci
man, lu ñu def? Na sa loxo dal ci sama kaw man, maak sama waa kër baay!»
[18] Ba loolu amee Gàdd dem ca Daawuda keroog ca bés ba, ne ko: «Demal, nga
tabaxal Aji Sax ji saraxalukaay ca dàggay Arawna, Yebuseen ba.» [19] Daawuda
dem ca, muy la ko Aji Sax ji sant, Gàdd jottali.

---

[t] **24.17** ***sàmm bi:*** am na ci bind yu yàgg yi, yu ci indiwul baatub *sàmm bi* ci aaya bii.

[20] Ba mu ko defee Arawna séen Buur, mu ànd ak i jawriñam, jëm ca moom.
Mu génn sujjóotal ko, dëpp jëëm ca suuf, [21] ne ko: «Buur, sang bi, lu doon say
tànk?» Daawuda ne ko: «Xanaa jëndsi sa dàgga jii, ba tabaxal fi Aji Sax ji
saraxalukaay, ndax mbas mi dal ci kaw askan wi yem fi.» [22] Arawna ne
Daawuda: «Buur, sang bi, jëlal lu la neex, def ko sarax. Nag yaa ngi, jëlal def
˚sarax suy lakk ba jeex, watiiri bojju yeek bant yi nag yiy lëkkaloo, nga def ko
matt. [23] Man Arawna, maa la jox lii lépp, Buur. Yal na la sa Yàlla Aji Sax ji
nangul.»

[24] Waaye Buur ne Arawna: «Déedéet, dama koy jënd ci yaw kay. Duma defal
sama Yàlla Aji Sax ji sarax suy lakk ba jeex te dikkewu ma dara.» Noonu
Daawuda jënd dàgga ja ak nag ya ci juróom fukki donji xaalis. [25] Gannaaw
loolu Daawuda tabaxal fa Aji Sax ji saraxalukaay, rendi fa ay sarax yuy lakk
ba jeex ak ay ˚saraxi cant ci biir jàmm. Ba mu ko defee Aji Sax ji baaxe réew
ma, nangug ñaan. Mbasum Israyil ma yem fa.

LEERAL YI

bànni Israyil g-: Israyil mooy tur wa Yàlla jox Yanqóoba, doomu Isaaxa, di sëtu Ibraayma. Ñi soqikoo ci Yanqóoba lañuy wooye bànni Israyil mbaa Yawut. Ñoo def fukki giir ak ñaar, di xeet yi soqikoo ci doomi Yanqóoba. Mboolem ci aaya yi ñuy dendale giiru Yuda gi ci bëj-saalumu réewum Israyil ak fukki giir yi ci bëj-gànnaaru Israyil, saa yu ñu nee "bànni Israyil" ci yooyu aaya, fukki giir yi rekk a tax ñuy wax. Giiru Simeyon ci giiru Yuda lañu ko boole, ndaxte giiru Simeyon seen céru suuf a ngi woon ci biir suufas giiru Yuda.

bérab ba ñuy màggale : Bérabi màggalukaay yi ay bérab yu nit ñi taamu woona màggale la, muy yéefar yi, muy bànni Israyil. Lu ci ëpp ay bérab yu kawe la daan doon, waaye man na baña kawe itam. Su dee yeefar yi, ñu di ca jaamu seeni xërëm; su dee bànni Israyil ñoom, ñu di ca jaamu seen Yàlla Aji Sax ji. Gannaaw ba Suleymaan tabaxee ca Yerusalem kër Yàlla gu ñuy màggale Aji Sax ji, bérabi màggalukaay yooya jiitu ay xërëm rekk lañu fa daan jaamu.

gaal g- : gaal gi ñuy wax fii waxande la, wu ñu denc àlluwa, ya ñu bind yoonu Yàlla te yonent Yàlla Musaa jottali ko. Gaal googu doon misaal teewaayu Aji Sax ji ci biir màggalukaay bi ci digg mbooloom. Li waral ñu tudde ko **gaal ga àlluway kóllërey Yàlla ga dence** (2Sa 15.24) mooy Yàlla daa joxoon Musaa àlluway xeer yooyu, bind ca yoon wa lal kóllëre ga mu fas ak ñoom. Bu gaal ga masaana teew bérab, loolu day firndeel ne Yàlla teewal na fa leeram ngir mbooloom boppam.

ki mu (ñu) fal : Ki mu fal mooy ku ñu masa fal buuru Israyil. Gannaaw gi, daan nañu ko wooye it sarxalkat bu mag bu ñu tabb. Loolu di wone ne Yàlla tànn na ko ci sas bu ñu wara féetewoo. Ki ñu fal muj na doon tur wu ñu sédde buur biy texeel doom Aadama, ñu di ko wooye ba tey Almasi bi. Almasi, baatu ebrë la, di tekki "ki ñu fal.' Kooku am na ay yonent yu yégle woon dikkam ci téerey kóllëre gu jëkk gi.

kóllëre g- : kóllëre dina dox diggante nit ak moroom ma. Mu mel ni diggante Daawudaak Abner (2Sa 3.12-21) mbaa diggante Daawudaak magi Israyil (2Sa 5.3). Man na doon it lu Yàlla doxal digganteem ak nit, mu mel ni la Yàlla digoo woon ak Daawuda (2Sa 23.5).

lël : lël sab noon, mooy nangu alalam, gannaaw boo xareek moom ba daan.

Lewi : maam la ci Musaa.

Leween b- : ku Lewi di maamam, kooku lañuy wax ab Leween. Lewi kenn la woon ca ña sos bànni Israyil, di fukki doomi Yanqóoba yaak ñaar. Lewi mooy maamu Musaa ak Aaróona. Aaróona la Yàlla tànn muy saraxalkat bu mag ba. Ñenn ci ñi soqikoo ci moom ñoo daan donnante liggéeyu saraxale bi. Ña ca des ñoo léen daan jàpple ca liggéeyu kër Yàlla ga.

Misra m- : mooy réew mi ñuy wax Esibtë tey.

sarax yi : sarax yi ñuy wax fii Yàlla lañu koy jagleel. Bànni Israyil amoon nañu xeeti sarax yu bare: ay saraxi kéene ak ay saraxi sañul-bañ ak sarax su ñuy tuural Yàlla ak saraxu xaalis ak saraxu pepp. Waaye li ci ëpp ay saraxi tuur deret la woon yu léen Yàlla tegoon, ngir seen njéggalu bàkkaar. Su ko defee ñu mana dëkke jokkook moom, Yàlla ju sell ji, ndax saraxu deret ja. Am na ci ay sarax yu Yàlla di xamale bànni Israyil ne peyug bàkkaar mooy dee, te deewu jur, gi ñuy saraxal, njot la ci boroom sarax bi.

sarax suy lakk ba jeex: sarax la su kenn dul lekk dara. Dañu koy lakk muy saxar, ba jeex, jagleel lépp Yàlla.

saraxi cant ci biir jàmm: sarax la su ñu daan sante Yàlla, ndax li mu léen di nangul, di léen barkeel te di léen jàmmal. Jur lay doon gu ñuy séddale ñetti cér. Benn bi, ñu lakkal ko Aji Sax ji ci saraxalukaay bi, ba mu jeex. Benn bi, saraxalkat yi féetewoo ko. Ñetteel bi, ki saraxe lekk, mook waa këram.

saraxalkat b- : Yàlla tànn na ñi bokk ci giiru Lewi, doomu Yanqóoba. Ñoonu di Aaróona ak ñi askanoo ci moom. Seen sas mooy ñu taxawal bànni Israyil fa kanam Yàlla. Saraxalkati bànni Israyil ay góor lañu yu ñu sellalal Yàlla, ñu féetewoo liggéeyam. Ñoo sasoo liggéey biy jubale mbooloo meek Yàlla. Ñoo léen di saraxalal, ñoo yore it liggéeyu jaamu Yàlla bi.

serub b- : baat la ci ebrë, lakku bànni Israyil. Serub yi mbindeef lañu yu am ay laaf te nekk kaw asamaan, di bokk ak Yàlla jataay. Ñooy wottu dénd ba ngànguney Yàlla nekk, ngir wottu sellaayu bérab ba. Màggalukaayu Yàlla ba amoon na gaal gu ñuy wooye gaalu kóllëre ga. Ñaari serub yu ñu tëgge wurus lañu tegoon ca kawam, ñu tiim ko, seeni laaf tàllalu, di saamandaay ngàngunem buur. Loolu di wone ne Yàlla Aji Sax jaa nga fa teew, na mu teewe ca kaw asamaan, serub ya yéew ko fa. Yàlla ci boppam nag kenn jëmmalu ko ca màggalukaay ba, na ñu fa jëmmale serub ya ñu tëgg.